ӘМИНАЙХАН ЖУМАНАЗАРОВА

# КЕТПЕК УШЫН КЕЛГЕНМЕН...

*Таңламалы шығармалары*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2011

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар 2 **Минайхан Жуманазарова** «Кетпек ушын келгенмен...»
Ж-93 Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы. 2011-жыл. 176 бет

М. Жуманазарованың «Кетпек ушын келгенмен...» атлы китабында автордың сайланды қосықлары, соңғы дәўирде дөреткен шығармалары орын алып, инсан өмиринин барлық ўақыя қубылысларын, сезимлерин, дослық, адамгершилик, әдиллик туйғыларын көркем баян етип, оқыўшылар кәўимине жеткериўге урынады. Автор ғәрезсизликке шекемги дәўирде жазған қосықларында тубалаўшылық дәўири қыйыншылықларын, халықтың социаллық жағдайы хәм сол дәўирге болған туйғыларын қағазға түсириўге хәрекет еткен.

Бул китапты оқыған хәр бир инсан шайыраның өзи менен дәртлес, муңлас екенлигин сезинип, кәлбиндеги сырларын оның қосықлары арқалы жеткергендей сезинери анық.

**Нәбийра ТӨРЕШОВА** — *Қарақалпақстан халық шайыры*

**Сағынбай ИБРАГИМОВ** — *Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамларының ағзасы.*

ISBN 978-99-43-346-14-7

© **«Қарақалпақстан» баспасы—2011**

www.ziyouz.com kutubxonasi

# БӘРҲАМА ЕЛ-ХАЛЫҚ ДӘРТИ МЕНЕН ЖАСАЙТУҒЫН ШАЙЫР

Ҳәр нәрсеге бир нәрсе себеп... 1998-жылдың февраль айы еди. Ташкент қаласына дөретиўшилик сапарға барған ўақытларым. Илим менен шуғылланып атырған ўақытларда да пайтахтлық дөретиўши досларымыз бенен сәўбетлесиўге ўақыт табамыз. Бир күни «Жаҳон адабиёти» журналы редакциясына жолым түсип, пүткил дүнья әдебиятының дүрданаларын өзбек тилине аўдарыў менен шуғылланатуғын үлкен дөретиўши топарға басшылық ететуғын, усы арқалы барлық түркий тиллес китап оқыўшыларына жақсы таныс болған әзиз инсан, жайы жәннетте болғыр Азат аға Шарафиддинов пенен ушырасып қалдым. Азат аға Шарафиддинов жүдә әдил хәм талапшаң устаз еди. Онын ушын ҳүждан ҳәм талант әдебиятта ең әҳмийетли өлшем еди. А. Қадирий, А.Қаххар өзбек әдебиятының ар-намысы ҳәм ҳүжданы болған болса, Азат аға ҳаққында да усы пикирлерди екиленбестен айтыўға болады.

Бул сапары да Азат аға Шарафиддинов мени жыллы жүзлик пенен күтип алып, бай миллий фольклорымыз, классик әдебиятымыз, әсиресе, XX әсир әдебиятының дарғалары Т. Қайыпбергенов ҳәм И. Юсупов дөретиўшилиги ҳаққында гүрринлесиўге ўақыт таба алды.

— Қарақалпақ әдебиятындағы бул атақлы еки көркем сөз шеберин тек Өзбекстанда ғана емес, ал шет ел китап оқыўшылары да шығармалары арқалы жақсы таныйды. Бизди жас дөретиўшилер қызықтырады. Усындай дөретиўшилер бар ма? — деп сорап қалды Азат аға. Мен поэзиямызда өзлериниң дөретиўшилик жолына ийе болған Ш. Аяпов, Б. Сейтаев, С. Ибрагимов, Б. Генжемуратов, О. Сәтбаев, П. Мырзабаева, М. Жуманазарова, прозаик ҳәм драматург дөретиўшилеримизден М. Нызанов, С. Жумағулов, Ө. Өтеўлиев, М. Таўмуратов, Т. Зайтова, П. Айтмуратов сыяқлы жазыўшыларымызды айтып өттим. Ол: бул-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дөретиўшилердиң китаплары жанынызда бар ма? — деп сорап қалды. Жанымда тек М. Жуманазарованың «Жүрегимде бир дәрт бар» деген топламынан басқа китап жоқ екен. Азат аға китапты бир қатар көзден кеширип, журналдың поэзия бөлими баслығы Рауф Парфиге берди де: «Иләжи болса, ең жақсы қосықларын аўдарып, «Қарақалпақ поэзиясы» деген рубрика менен журналда басып шығарылса мақсетке муўапық болар еди» — деди. Дурыс мен устаз Азат ағаның бизиң әдебиятымызға соншелли итибар қаратып, қосықларды журналда басып шығарыўға жәрдем берип атырғанлығынан қуўанышлы екенимди Рауф Парфиден жасыра алмадым.

— Азат аға әдебиятқа қызығыўшы хәр бир инсанға сондай қалыс хызмет қылыўға умтылды, бул оның қанына сиңип кеткен жақсы әдетлериниң бири — деп устаз ҳаққында пикир билдирди Рауф Парфи.

Азат ағаның қоллап-қуўатлағанынан руўхланған мен Рауф Парфи менен оның бөлиминиң әдебий хызметкерлери Абдул Ҳамидтиң М. Жуманазарованың қосықлары бойынша берген сораўларына қуўаныш хәм толқынланыў менен жуўап бердим. Нәтийжеде оның қосықлары А. Ҳамидтиң аўдармасында «Жаҳон адабиёти» журналы хәм «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасы бетлеринде сол жылы-ақ жарық көрди. Бул қосықларда елдиң мәрт перзентлерин улығлаўшы, нәкәс, өз мәпи жолында ҳеш қандай ипласлықлардан қайтпайтуғынларды көркем сөз кудирети арқалы аяўсыз әшкаралаўшы қатарлар баршылық еди.

М. Жуманазарова кеўлиндегилерин қыпсалай берместен, алмастай өткир сөзлер менен туўрыдан-туўры айтады да қойды. Бул нәрсе китап оқыўшыларына да унайды.

Мине, оннан бери он жылдан артық ўақыт өтти. Усы ўақытлары поэзияның машақатлы майданында шебер қәлем тербеткенлиги, тынымсыз излениўлери нәтийжесинде М. Жуманазарованың «Әлўидағ айтпайман, муҳаббат» (1997), «Еле мен» (2003) атлы топламлары қарақалпақ тилинде хәм «Қалбингизда қолгим келади» атлы топламы өзбек тилинде (1999) басылып шықты. Өзбекстан Қахарманы И.Юсупов шайырдың өзбек тилинде басылып шыққан топламына жазған алғы сөзинде шайыр дөретиўшилиги ҳаққында: «М.Жуманазарованың қосықлары сизлерди шын жүректен оқып, шексиз қыял әлемине шарлайды



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўли мын бир жамаў, сырты пүтин заманласларымыз дәртине мәлҳәм болыўға, сап мәнидеги жақсы сөздиң қулы болыўға шақырады. Себеби поэзияның ҳақыйқат ўазыйпасы да усы емес пе?» деген еди. Бул жетик шайыр тәрепинен М.Жуманазарова лирикасының әдил баҳаланыўы болып табылады.

Ҳақыйқаттан да, шайырдың меҳир-муҳаббети темасындағы, ел-журт еркинлиги, ҳүждан тазалығы ҳәм басқа инсаный пазыйлетлер ҳаққындағы сөзлери ҳәр дайым шын жүректен айтылады. Соның ушын да М.Жуманазарова автор менен лирик қаҳарманның өз-ара мүнәсибети қурамалы болып есапланады. Көбинесе олардың позициялары бир-бирине жүдә жақын, бири екиншисин толықтырса да, базыда лирик қаҳарман автордың көз-қарасларынан өзгеше пикирлерди де билдиреди. Лирикалық қаҳарман еркин сөз ушын барын ортаға салатуғындай көринеди. Бундай жағдайлар әсиресе ел-журт ар-намысы ушын жан берген, атлары тарийхта қалған Орманбет бий, Жийен Жыраў, Оразан, Асан, Амангелди батырлардың, Айдос ҳәм Ерназар бийлердиң, Бердақ ҳәм Әжинияз шайырлардың көркем образларын жаратыўда айқын көринеди.

Шайыр өткинши кейпиятты, мәўсимлик ҳалатларды сүўретлеўден имканы барынша қашады. Айырым шайырлар сыяқлы белгили бир шахсларды мақтап, оларға арнап қосық жаратыў да М.Жуманазарова қосықларында кем ушырасатуғын жағдай. Керисинше, ол жақсылық ҳәм жаманлық, садықлық ҳәм қыянет, әдәлат ҳәм жаўызлық, инсаныйлық ҳәм инсапсызлық, пидайылық ҳәм бийпәрўалық сыяқлы әзелден киятырған темаларға үлкен итибар қаратады.

Шайыр ел-журт ушын жан берген, руўхы барқулла бизлерди қоллап турыўшы тарийхый шахсларды улығлаўшы, ўатан ушын жанын пидә еткен ел азаматларын көкке көтериўши қосықлары арқалы халыққа жақыннан таныс.

М.Жуманазарова кейинги жыллардағы қарақалпақ шайырлары арасынан жарқ етип көзге көринген, демле өз ықласбентлерин, көпшиликтиң дыққатын өзине тартқан ҳәттеки айырым қосықлары («Қәстерлеп абайлаң бир-бириңизди») улыўма халықлық сыпат алып кеткен талант ийеси. Және де соны айтып өтиўимиз керек, ишлей еркинликке ийе шайыр. Айырым шайырлардағы сыяқлы өз пикирин айтыўдағы гибиртиклеўшилик, екилениўшилик,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жас-қаншақлық, жалтақлық усаған иллетлер онда сез мейди. Қаншелли ашшы болмасын ол өз пикирин туўр дан-туўры айтады да қояды. Бул нәрсе әсиресе, оның ел улларын мәртликке шақырыўшы, ел қорғаў, туўған жер ғәр сизлигин жырлаўшы, адамгершилик хәм ер жүреклили улығлаўшы қосықларында айқын көзге тасланады. Мәртл ке, өз халқын сүйиўге, адам сүўретиндеги не бир кимселер әшкаралаўға, аўызбиршиликке шақырыўшы идеялар шайы кеўлин, пүткил руўхый дүньясын сондай толтырып кете бул нәрсе оның шығармаларында қыйыннан қыйыстыр ған сөз нағыслары менен ғана емес, ал әпиўайы жайда тил менен жеткерип бериледи. Бирақ усы әпиўайылық п нен жайдарылықтың артында үлкен талантттың, отлы шай жүрегиниң, тынымсыз мийнеттиң турғанын көремиз.

Биз шайыр лирикасында Шығыс классик әдебияты байт реклери болған Низами, Дехлавий, Омар Ҳайям, А.Наўа Мақтумқулы, сондай-ақ, қарақалпақ классик әдебияты ўәки лери Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтешлердиң шығармала ның унамлы тәсирлерин埋 sеземиз. Белгили болғанындай- Шығыс поэзиясында идеяны оқыўшыға жеткериў ушын дан лық хәм ықшам пикирлер, қыйыннан қыйыстырылып айты ған сөз дизбеклери, идиомалар, фразеологизмлер, нақыл-мақа лар, хәм т.б. халық аўызеки әдебиятының маржанлары көпле қолланылады. Орынлы хәм таўып айтылған сөзге ел кәткудал ры, уламалары, хәттеки патшалар да дыррықшылық етеге Көркем сөздиң тәсир етиў күши Шығыста Батысқа қараған жүдә күшли болған. Бул бәлким Шығыс халықлары менталит тиниң өзгешелиги шығар. Мине, усы нәрсени М.Жуманазар ваның «Жүрегимде бир дәрт бар» (1991), «Әлүйдағ айтпайма муҳаббат» (1997), «Еле мен» (2003), «Кәлбиңгизда қолгим кел ди» (1999) қосықлар топламларында айқын сеземиз.

Жуўмақлап айтқанда ғәрезсизлик дәўири поэзиясынд М.Жуманазарова сыяқлы өз пикирлерин шығармалары да туўрыдан-туўры айта алыўшы, жас әўладқа, шебер дөре тиўшилиги әжайип көркем образлары менен өрнек бол туғын талант ийелери еле де арамыздан көплеп өсип шығ береди деп ойлаймыз.

*П. Нуржано*

*Филология илимлериниң кандидат*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# СҮЙИНБИЙКЕ

*Тарийхый толғаў*

Таслап кетип Хорезмдей Ўатанды,
Жайықта бабамыз Ноғай атанды.
Тахт әлтирди Сүйинбийке апанды
Дәўраныңның бәри әрман қарақалпақ.

*(Қарақалпақ халық қосығы)*

## I

Пийрим Бийпатма пирим саналған,
Хаял затын Пайғамбарлар тән алған.
Айшолпан. Арыўхан ураным болған,
Түп шежирем Тумаристен тараған,
Гүлайым, Сарбиназ батыр қызлары,
Бир өзи мыңларға татыр қызлары.
Айдан артық сулыў сымбатлы болған,
Қырық қызлары бар елиме қорған,
Қызларын сый тутқан халықпыз,
Мәртлик ураңымыз соннан алыкпыз,
Мен бүгин қолыма алып кәлемди,
Жырлайжақпан Сүйинбийке сәнемди.
Қулағыма келер өтмиштен саза,
Ноғайлы, тажы тахт Алтын Орда...

## II

Едил Жайық болсадағы қолайлы,
Әмир сайлап сыйласа да Ноғайлы,
Сағыныш мен Әмиў суўын ыклайлы,
Шөлге сегбир тартқан қарақалпақпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Тарийхта атым бар Массагет, Сак,
Соннан бинял болған дейди каракалпақ,
Тәғдир дауыл талай көшип қонғанбыз,
Гә Қыпшақ. Қоңырат, Манғыт болғанбыз,
Он биринши әсир орыс жылнамасында,
Ийе болдың қалпақ атамасына,
Шыңғыс хан аяусыз урыс қылғанда,
Қыпшақ қәуимлерин қырып салғанда[1]
Сен бас көтердиң Алтын Орда да,
Айланып Маңғытлы Ноғай мырзаға,
Алтын Орда улысы қулаған уақта,
Сен Ноғайлы болып миндиң тахтқа.[2]
Муўса, Шыйқым, Шейдаяқ, Қасым,
Юсуп, Исмайл, Тынахмет басшын,
Ат көтерип Орманбеттей уғланың,
Қарақалпақпыз деген қыраның...
Салмай турып қызларыңды хатыма,
Басымды ийейин заў-затыма.

***

Сахрайы халқымның көкжал сыртланы,
Маңғыт Юсуп болды Орданың ханы,[3]
Аты шыққан батыр, мәрт уғлан еди,
Елим деди, халқының ғамын жеди.
Хәтте бас иймеди орысятқа,
Қәўип салды Москваға Литваға,
Беккемлеў ушын Ноғай Орданы,
Керек еди орыслардың улпаны,
Ноғайлы ханы Юсуп мырзаның,
Кимлер сезинеди уллы әрманын,
Балық басына, турымтай түсына,

---

[1] Б. Д. Греков, А.Ю.Якубовский. Алтын Орда хәм оның кула[illegible] «Әмиўдәрья» журналы. 9-10-сан 1993-жыл. 95-111-бетлер

[2] Сонда. XII әсирде Монголлар қыпшақларды қырып салды.

[3] Юсуп. 1549-1554-жыл. Ноғай ханы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетпеў ушын бәрин салып уўысына,
"Елим ел болсын" деп усы жолда,
Хәтте, қол жаўмаған туўысына,
"Жалғыз аттың шаңы шықпас" деген бар.
Манғыт Ноғай мырза дүзген орданы,
Бағ таласлық деген иллет жалмады,
Төре, Қазан, Хажы тархан, Қырымға,
Бөлинди. Ул кетти Румға, қызы Қырымға.
Табан тиреп қалғаны Манғыт болды.
Онын да гүзар жолы шанғыт болды,
Бурын ылпан берген Ноғай ордаға,
Бас көтерди Москва хәм Литвада,
Мәскеў аманатқа алып улларын,
Қыйын етти мырзалардың ҳалларын,
Нийетлери қалыс емес, бурыс еди.
Ойлағаны Ноғайлыға урыс еди.

***

Манғыт Юсуп Мырзаның қызы,
Қыз емес аспанда жанған жулдызы,
Сүйинбийке сулыў минди тахтқа,
Жеткериў ушын халқын бахытқа.
Ат белинде ойнап, қылыш сермеген,
Кем емес өзи де мың сан ерлерден,
Әкесиндей ғайбар ақыллы еди,
Сол ушын ҳалқының ғамын жеди.
Ноғайлы елиниң гүли-ғумшасы,
Қазан елиниң болды ҳаншасы.
Аўмалы, төкпели заманда жасап,
Қойғысы келмеди ел еркин түсап.
Бухара, Ташкент, Үргениш журтында,
Манғыт султанлары услар уўысында.
Хасылзада болғаннан соң заў-заты,
Айбындырар еди қыздың саўлаты.
Жүргизиў ушын өз сиясатын,
Қазанға көз тикти орысыятын.
Ноғайлыға қысымын өткерип,
Өзине тәбия ханды көтерип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйинбийке сулыўды алмақ болды,
Саў басына саўда салмақ болды.
Аманатка турған орысыятта,
Жан Алиди отырғызды тахтқа.
Журт аманат Сүйинбийке сулыўға,
Сапагерей жан саклады Қырымда.
Қазан каласына болып хүкимдар,
Жан Алиге бул жәҳән болды тар...
Сүйинбийке екен елдиң туткасы,
Ел-журт бирлиги соның аркасы,
Атақ-абырайдан етип тәме,
Жан Али үйленди Сүйинбийкеге.
Бийликтиң дизгини калды сулыўда,
Жан Алиде шама жоқ мойын бурыўға,
Сүйинбийке халқын әдил баскарды,
Мешит, медресе, калалар салды.
Саўда-сатлық ислерин колға алды,
Сырт еллерге кәрўан тартып жол салды.
Алымларды алдырып елине,
Зейин қойды илим менен билимге.
Жан Али ханның иси оңбады,
Халқы Сүйинбийкесин коллады,
Манғыт Мырзалары бас көтерип,
Тынды ақыры Жан Алиди өлтирип.[1]
Аманатты аман саклап ханшасы,
Сапархан болды Қазан патшасы.
Басын шатып Сүйинбийке сулыўға,
Нийет етти бай салтанат курыўға.
Хызмет етти ели ушын жуўырып,
Регинде жер танабын қуўырып,
Қазан ханлығы гүллеп жайнады,
Ел-журты абадан, күлип ойнады.
Мәскеў көз тиккенин хасла коймады,
Қазанға ийелик етиўди ойлады.
Сапарханның хан тұғымы жакпады,
Себеп дәрья олар таман акпады.
Қайта-кайта урыс кәўпин туўдырды,

[1] Ат Нағалай. Каракалпактың кайсар кызы. 1535-жылы 25-сентябр. Каракалпакстан журналы. 2004 жыл. 1-сан. 27 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Самал жоқ жерде даўыл турдырды.
Душпан иштен шалын бизди арбады,
Алты ағаның аўзы бир болмады
Төтепки бере алмай жаўға Сапархан,
Манғыт мырзалар хәм кетти Қазаннан,
Сүйинбийкеге дады жетпеди,
Қылған хийле-сумлықлары өтпеди.
Және көтерип жүктиң аўырын,
Қала берди Сүйинбийке арыўым...
Журтқа туўдырып қәўип-қәтерди,
Мәскеў Шах Алиди хан көтерди.
Мәскеўде аманат жүрген бул бала,
Қаяқтан жетисип болсын дана...
Хан болса да ерки емес өзинде,
Лебиз-ықрары жоқ айтқан сөзинде.
Сүйинбийке бағыш етпей тәнини,
Шах Алиди әменгер деп таныды.
Мәрт манғыт мырзаның әўлады,
Сапархан Қазанды және жаўлады.
Бирақ тәғдир оған опа қылмады,
Биймезгил батырдың басын жалмады.
Қала берди изинде Сүйинбийкеси,
Жалғыз улы Өтемистей еркеси.
Тахтқа мийрасхор Өтемис султан,
Туўылған соң Сүйинбийке анадан,
Сүйинбийке әдил хүкимдар болды.
Халқының көўили нурларға толды,
Ел жақсысын жанына жыйнады,
Жасы уллылардың гәпин тыңлады,
Хат жоллады алыс пенен жақынға,
Илеспекши болды хәтте ағымға,
Мәскеў менен де дүзип шәртнама,
Аманлық тиледи пүткил халқына,
Манғыт мырзалардың алған бети.
Мәскеўди жаўлап алыў нийети,
Әкеси Юсуп Мырза көкжал сыртлан,
Ағасы Юнус те мәрт туўған уғлан.
Алған бетинен қайтпайды олар.
Өлмесе [illegible] жатпайды олар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәскеў әскер жыйнап Ноғай Ордадан,
Қазанға атланыс қылды қайтадан[1]
Туўысқан улыслар ат шалысты,
Өзли-өзи қырғын болып шалысты.
Қыпшақ, Қоңырат, Манғытлар ели,
Биреўинин басын биреўи жеди.
Пайдаланып ала аўызлықтан,
Мәскеў тартып қойды суўлықтан,
Сүйинбийке күйип "ырысқа тепкен,-
Дер - дәриғ, бул қандай ел еди неткен!"

***

Сүйинбийке улы менен гиреўге,
Алып кетилди айдап Мәскеўге.
Иван Грозный орыс патшасы,
Сүйинбийке Қазан жұртының ханшасы.
Патша таң қалды көрип сулыўды,
Нийет етти хаяллыққа алыўды.
Ғайры динге тән мәхрем болғанша,
Бас иймеймен қасық қаным қалғанша.
Тамырында қайнап манғыттың қаны,
Теңселдирди Сүйинбийке ананы.
Қазанға Шах Али хан болды және,
Ел-журттың басына жаўылып бәле.
Ийелик ете алмай жалғыз улына,
Сүйинбийке ана қайтты журтына.
Шах Али жәбирин әбден өткерди,
Ғың десең Мәскеўге бәрин жеткерди.
Манғыт мырзалардан қайыр болмады,
Алаўызлық басын жалмады.
Қызына көз қырын сала алмады,
Я өз журтына аға болмады.
Сүйинбийке сулыў пәрманы менен,
Кеўлинде қат-қат әрманы менен,
Жүрек баўыры қан болып езилди,
Ботадай бозлап, туттай төгилди.

---

[1] Ал. Нағадай. Қарақалпақтың қайсар қызы. " Қарақалпақстан" журналы. 2004 жыл. 1-сан. 27-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Едиге Султанның баўлығы өзим,
Ноғайдың ордасын көрген көзим.
Бүгинги халына не деймен халқым.
Қаякта мың жылға татырлық даңқың.
Қарақалпақ түп саға Маңғытқа,
Неге шаўа бердиң халқым аңғытқа.
Қоңыратта арысыңның бирсўи,
Қыпшағың әзелден бизге ел еди.
Бас ийип бүгин орысыятта,
Тарийх алдында қалдың уятқа,
Улыңды жибердиң неге Румға,
Қызыңды жибердиң неге Қырымға.
"Әзелги душпаның ел болмас,
Етек кесип жең болмас",
Улларын пир тутқан халқым-аў,
Қызларын сый тутқан халқым-аў,
Бүгинлиги алтын басыңды,
Жаўларың келип ақ жалмады,
Нашар болсамда арға тырыстым,
Жалғыз өзим жаўға қарсы урыстым,
Ағам келер деп едим-аў артымнан,
Мәдет күттим Ноғайлыдай журтымнан,
Маңғыттың қызлары ханға миясар,
Мәгар хан болса да тахтқа жарасар,
Бүгин яд етермен бабалар жерин,
Туран, Түркистан, Хорезм елим,
"Түслериме енер Байсын таўлары",
Тилимди үйирген Жайхун суўлары,
Басында шөгирме, қарақалпағы,
Бабам батыр Массагетлер урпағы.
Ох, яр болғайсаң, Тумарис анам,
Жар жағасында турыпты балаң.
Қан толы меске тығып басын,
Кир патшасынан келгенсен басым.
Мениң де кеўлим толып тур қанға,
Қаст етсем дейип шыбын жанға,
Бүркитлер шыңнан қулап өледи,
Себеби өзиниң кәдирин биледи.
Хеш кимге болмаған әзел паяны,
Мен хәм тәрк етемен ялған дүньяны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйинбийке бойын минардан таслап,
Қара көзлеринди кеттилер жаслап.
Тажы-тахт, салтанат оға қылмады,
Әрманлы сулыўдың басын жалмады.
Гиреўге алынған Өтемис султан,
Оныда жуда қылды басынан.

***

Саклап калмай Өтемистей баланды,
Тахт өлтирди Сүйинбийке ананды,
Ақыр кәпир алып салған қаланды,
Ақ дәрьяны таслап кеттиң қарақалпақ,

*Халық қосығы*

Хан қызы болса да тасып толмаған,
Бүгинин емес келешегин ойлаған,
Қазанға хан болған ақыллы қызым,
Ноғай Ордасында жанған жулдызым.
Халқың умытпайды сениң атыңды,
Елден ерек туўған ҳаслы затыңды.
Тарийх сахнасынан турыпсаң қарап,
Ели-журтына аманлық сорап.
Қазанда атыңа салынған минар,
Сүйинбийке атыңды улығлап турар.
"Сүйинбийке" атлы журнал шығарған,
Ҳәр бир шаңараққа зия тарапған.
Қарақалпақ тарийхында атың бар,
Шежиреде жазып кеткен хатың бар.
Орын алдың орыс жылнамасынан,
Жарлыққа ийе ханлар қасынан.
Жыраўлар қобызын алып қолына,
Атыңды тирилтер қосықларында.
Мәкан етип түп әзелги Ўатанды,
Халқың бүгин қарақалпақ атанды.
Ийе болды өз тилине динине,
Ийе қамус, байрағына, гербине.
Елинде нызам үстинлик қылар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Инсан мәплери жоқары турар.
Өзиң әрман еткен илим, билимге,
Әўладлардың қолы жетти бүгинде.
Университет, институт илим дәргайы,
Соннан илим хикмет зия тарайды.
Хәмме теңдей оқып мийнет ислейди,
Ҳадал мийнетиниң наның тислейди.
Шейит кетсе Өтемистей қулының
Бәрше қарақалпақ өзиңниң улың.
Сени анамыз деп қәдир тутады,
Атыңды улығлаў мақсет-мурады.
Сүйинбийке ана руўхың шад болсын,
Бул дүнья ялған, ол дүньяң абат болсын.
Қарақалпақтың хан қызы болып.
Кеўиллерде қалғайсаң жулдызы болып.

*2007-2010-жыллар.*

## ЖАҢА ҚОСЫҚЛАР

## ИЗЛЕЎ МЕНЕН ӨТСЕ КЕРЕК ӨМИРИМ

*(Дүркин)*

Излеў менен өтсе керек өмирим,
Тапқанымнан көп болды жоғалтқаным,
Таңлайман деп жүрип-ақ жүрек хәмирин,
Жазғанына көне алмадым жаратқанның.

Кеўлим кемтик, сезимлер көп сығалайды,
Қыялымды урлап ертер жетегине,
Еки ортада ақылым хайран тубалайды,
Илиниўден қорқып елдиң өсегине.

Соқлығысып ышқы сени ғарқ қылды,
Мантықтырып отлы сезим қушағына,
Налымайман он бесимди жарық қылды,
Күйдирсе де дозағының ошағына.

Излеў менен өтсе керек өмирим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗИМНИҢ КЕЎЛИМЕ СУЛТАНМАН

Жоғалттым, изледим, таптым,
Бийхуўдаға өтпеди ўақтым.
Күнлерим уқсамас бир-бирине,
Өкинбеймен өткен өмирге.
Қағылсам да таўдың тасына,
Сенсиз шықтым шыңлар басына.
Мәртебемниң турып бийиginде,
Мениң ушын ҳасла күйинбе.
Руўҳымды түсей алмайман,
Жалынламай жасай алмайман.

Дүньядағы ең әзиз бахтым,
Ерк, азатлық тажы ҳәм тахтым.
Өзимниң кеўлиме султанман,
Қудай сақласын сендей "ултаннан".

## ҚУЛАҚ ЕСИТКЕНДИ ДЕЙДИ КӨЗ КӨРСИН

Жоғым өзим, қайда излеп барайын,
Өзге болса сорар едим дәрегин,
Жойтқан өзим солдур мениң гүнайым,
Мен бир дәрўиш таппай жүрген керегин.

Жерден үзилди ме бүгин аяғын,
Ушарды жел, қонарыңды сай билсин,
Тәғдир қолға алды жаза таяғын,
Қулақ еситкенди дейди көз көрсин.

## ЖОҚСАҢ

Жанымның ишиндесең,
Жанымда жоқсаң.
Ҳәр күни түсимдесең,
Оңымда жоқсаң.
Дым жақсы көремен,
Көре алмайман....
Жанымды беремен,
Бере алмайман.
Сонда да излеймен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәлбимде шоқсано
Билмеймен:
Неге жоқсан?!

## ХАЛҚЫМ

Шайырлық салқынын салған,
Сөз гәўхары ақылын алған,
Қосықтан бәршеси жалған,
Саўдайыңман дана халқым.

Өзи жанып, өзи күйген,
Ес-ақылын билмей сүйген,
Шашылып-төгилип бүлген,
Хаўайыңман, дана халқым.

Доска көксин қалқан еткен,
Бары-жоғын берип питкен,
Хақ кеўили басына жеткен,
Пәрмананңман, дана халқым.

Көзи ашық бирақ көрмен,
Жоқ нәрсени излеп жүрген,
Көксимди хижраның тилген,
Дәрўишиңмен, дана халқым.

Саў басына саўда салған,
Қыя шөлде-ақ тасып толған,
Көкиреги толы әрман,
Бир қызыңман, дана халқым.

Сыймай киси қуўысына,
Енбей жүрген уўысына,
Шыдамаған туўысына,
Тулпарыңман, дана халқым.

Шайырлық салқынын салған,
Сөз гәўхары ақылын алған,
Қосықтан бәршеси жалған,
Саўдайыңман дана халқым,
Бир қызыңман, дана халқым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЛМЕДИМ БУНШЕЛЛИ...

Билмедим буншелли меҳирге зарман,
Жаўтанлап бағаман көзлериңизге,
Мени тәрк етпеди сирә дәрт, әрман,
Интизарман жақсы сөзлериңизге.

Айдын жамалына болғанман ашық,
Күндиз көргим келип ақылым лал енди,
Күндиз-түн арасы соншелли қашық,
Көзим жетер емес кәддим дал енди.

Жоқ нәрсени излеп аўҳалым мүшкил.
Барына қәнәәт етким келмейди,
Қандайдур қүдиретли иләҳий күш бир,
Тыным таптырмайды, шынды гөзлейди.

Аспан-жер бәрине бийпәрўа бағып,
Мен жасай алмадым аркайын ғана,
Және мың дәртлерге жанымды жағып,
Және сүйип қалдым, есимнен тана...

Билмедим буншелли меҳирге зарман,
Жаўтанлап бағаман көзлериңизге,
Мени тәрк етпеди сирә дәрт, әрман,
Интизарман жақсы сөзлериңизге.

## ШАЙЫРДЫҢ СӨЗИ

Мен жалынман демим түскен ишиме,
Мен бүркитпен пәрўазлары түсинде,
Мен үмитпен әрманлары көксинде,
Күш қуўатым толып - тасар дәрманым,
Мәңгиликке ҳүкимдардур пәрманым.

Сыяларым жаратылған қанымнан,
Қосықларым жүрегиме жазылған,
Мен Бердақтың зыңлап турған тарыман,
Қызыл сөзден бийзар болған бул жаным,
Халқым өзиң дин ийманым, ҳүжданым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзлеримли хакыйкатка жанаман,
Пикирлерим куйылған сап коладан,
Неки айтсам себеп өзи алладан,
Безсем егер безермен тек өзимнен,
Хеш кашан мен таналмайман сөзимнен.

Алтын кәпеслерде сайрай алмайман,
Жалған иззетлерге бир сәт калмаспан,
Суў түбинде жатырған бир алмаспан,
Мен сый алсам тек халкымнан аламан,
Шайыр болып жер бетинде каларман.

Мен жалынман демим түскен ишиме,
Мен бүркитпен пәрўазлары түсимде,
Мен үмитпен әрманлары көксинде,
Күш-куўатым толып-тасар дәрманым,
Мәнгиликке хүкимдардур пәрманым.

## АНАЖАН

(*тири жетим балалардың тилинен*)

“Жети женгем жыйылып,
Жалғыз анам бола алмас”,
Жармам барар суйылып,
Гүлше жаўып бере алмас,

Әжем, атам мехрибан,
Маңлайымнан сыйпайды,
Сени ойлап анажан,
Мехрим саған таўлайды.

Дайым кишем кеўлимди,
Жыкпайын деп мың хәлек,
Өзиң болмас хеш ким де,
Дүнья сенсиз бир пәлек.

Хәмме нәрсем жетерли,
Ийсмен түрли кийимге,
Керек емес бәри де,
Зар болған соң мийримге...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анажаным өзиңсиз,
Аланламай жүрмеймен,
Күн, ай санап төзимсиз,
Тек өзинди излеймен.

"Жети жеңгем жыйылып,
Жалғыз анам бола алмас",
Жармам барар суйылып,
Гүлше жаўып бере алмас,

## АЯҒЫМ

Суў көрмей-ақ етик шешип,
Қалын қарды кеттиң кешип,
Гейде муздай суўға түсип,
Сыр бермеген едиң; аяғым.

Жалаң аяқ қумға күйип,
Өрмелейсең шыңға бийик,
Өкшем жамбасыма тийип,
Зыр жуўырған едиң; аяғым.

Шашты өрлеп тарасақта,
Бетке күтип қарасақта,
Тал бойыма жарасыққа,
Демеў өзиң екен; аяғым.

Дос басқа, душпан аяққа,
Оҳ, гәптиң мәниси қаяқта,
Кетпей турып сағалаяққа,
Қәддимди тик тут; аяғым.

Күтпеген соң қыйып қарық,
Қысы-жаз табаның жарық,
Сонда хәм барымға барып,
Хызметимди еттиң, аяғым.

Бас аўырып баятыр сызлап.
Өз денем өзиме аўырлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалғанымда жер бауырлап.
Қәдиринди билдим, аяғым...

Қол, аяқ жәмики ғеўде,
Жәрдемши екен бир-бирине,
Шийрин жан бар екен тәнде,
Сүйеўим, тиреўим аяғым...

## ХАЛҚЫМА

Ықласынды көрип өзиме деген,
О, халқым мехриннен толып-тасаман,
Писетте барымды шашып гизнеген,
Сизлердиң алдында турып йошаман.

Сөздиң қүдиретин сезинип және,
Аспанында пәрўаз әйлеп ушаман,
Ҳәр бирinди көтергим кеп төбеме.
Ҳәр бирinди қыялымда қушаман.

Эй халқым-ай, жырымда сен, сырым да,
Қайсы хаял от басынан асалған,
Алсаң болды тек өзиң көз қырына,
Мен тулпарың тайшағында түсалған.

Туўған жерим- алтын тахтым, мәртебем,
Сен болмасаң кимди жырға қосаман?
Қуўанышым, қайғым бәри ел менен,
Мен мәс болып жүрмен-ғой тек усыған

## БОЛМАСА

Жанымда сан мың жүзегөй,
Не пайда жананам болмаса,
Өзгелер дәртимди не билгей,
Өзимниң жаным болмаса!

Басқаны айыплап нетейин,
Өз ярың кеўлимди алмаса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайларға ылағып кетейин,
Дәртиме дәрман болмаса.

Жаным төзбейди ялғанға,
Яр гәпин жөнлеп болмаса,
Туўры сөз жақпас туўғанға,
Ҳақ гәпти айтпасам болмаса.

Яр мени сүйдим дер ялғаннан,
Не көрдим, жапасы болмаса,
Мың жерге шәҳәр қурғаннан,
Ух, яр кеўлимди ўайран қылмасаң...

Жанымда саң мың жүзегөй,
Не пайда жананам болмаса,
Өзгелер дәртим не билгей,
Өзимниң жаным болмаса!

## ЕЛЕ МЕНИ ОТҚА САЛАСАҢ

Гүз салқынын салып қәлбиме,
Сезимлерим сеңдей сиресип,
Жаңа келип едим өзиме,
Неге қалмай келдиң илесип.

Тәғдир мени етти бийнесип,
Деп қарсымда ойға таласаң,
Көзлериңнен тур-аў муң есип,
Еле мени отқа саласаң...

## ҚУЎАНЫШЫМ ҲӘМ ҚАЙҒЫМ ПҮТИН

Қуўанышым ҳәм қайғым пүтин,
Бөлисе алмайды ҳеш ким де,
Ҳәркимге өз тәшўиши үстин;
Жекке қалдым кеўил көшкимде.

Питеў қыйын көпдур кемисим,
Гә аннан, гә мыннан суў кетер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гәхи саўлап писик жемисим,
Гәхи өзегиме қурт түсер.

## ЯРДЫҢ ҚУШАҒЫНДА ӨЛТИРИҢ

Сүймек, сүйилмек болса айып,
Сеўги садағынан атыңлар,
Не қыласыз сыртымнан сайып,
Сағыныш дарына тартыңлар,

Сонда да кеўлиңиз толмаса,
Мийрим дәрьясына шөктириң,
Болмаса, дым ғана болмаса,
Ярдың қушағында өлтириң...

## ТОПЫРАҚ ҚАЛА

Еллик қала елли ҳикмет ақтарып,
Келдим өтмишиңнен зибан бер маған,
Кеўлим қаласынан ләшкер атланып,
Мен хәм бийик қорған болайын саған.

Топырағыңды меҳир суўына қарып,
Гербишиңди әрман менен өрдиңбе?
Устаң шеберлиги қылды қырық жарып,
Дәўир ара арғымақтай желдиңбе?!...

Дийўал, төбелериң бәри топырақ,
Жалғадыңба үмит пенен арасын?
Көрип таң қалады жақын хәм жырақ,
Түйисе алмай-ақ пикир таласын...

Орта Азияның Египети деп,
Базылар таппай жүр теңи-тайыңды.
Не қылса да сени тәрийиплеўши көп;
Ал мен мақтанаман мәкан жайым деп.

"Топырақтан жаралдың топыраққа барасаң"
Сеннен алынғандур бул сөз мәнисы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Топырақ кала сен хәм мәнги каласаң,
Каракалпаклардың болып аңызы.

*3. 06. 2007-ж*

## ҚЫЗЛАРЫМДЫ ҚЫЗҒАНАМАН

*(Шайра Гүлнара Нурлепесованың усы атамадағы қосығын оқып...)*

Қызларымды қызғанаман арым мениң,
Кеўлимдеги eң бир нәзик тарым мениң,
Ялғаншыда хәрне жоғым, барым мениң,
Қызларымды қызғанаман, қызғанаман.

Қызым мениң бир жигитке яр болады,
Қап қолласар қатардағы нар болады,
Қол тиймей-ақ зыңлап кетер тар болады,
Қызларымды қызғанаман, қызғанаман...

Ертең бир күни Алпамысқа ана болар,
Ул-қызым деп жүрек баўыры пара болар,
Бәри бир хәм мениң ушын бала болар,
Қызларымды қызғанаман,қызғанаман...

Той-мереке бере қойсам сәним мениң,
Өлгенимде жоқлаў айтар жаным мениң,
Қаранғыда атып турар таңым мениң,
Қызларымды қызғанаман, қызғанаман...

Қызларымды қызғанаман арым мениң,
Кеўлимдеги eң бир нәзик тарым мениң,
Ялғаншыда хәрне жоғым, барым мениң,
Қызларымды қызғанаман, қызғанаман.

*5.06.2007-ж*

## ЕРИ ҚУТҚАРАР

Өсек, өтириктен, жалған сөзлерден,
Суқланып бағыўшы жаман көзлерден,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәкаслерден, нәмәртлерден, езлерден.
Куткарса хаялды ери куткарар,

Кимдур оған атса тәгне тасларын,
Ерксиз ағызса көзде жасларын,
Өлимге тик турып, тигип басларын,
Куткарса хаялды ери куткарар,

Нахақтан ушыраса егер жалаға,
Таяндырса тәўбе емес тобаға,
Акбас толқынлардай урып жағаға,
Куткарса хаялды ери куткарар,

Хаял әйнек ери тутылған перде,
Илинбеўи ушын сук көз нәзерге,
Кеўилде кыйлы-қал болмасын зерде,
Куткарса хаялды ери куткарар.

## ШЕТ ЕЛДЕ ТАЛАП ИСЛЕП ЖҮРГЕН БАЛАЛАРЫМА

Киси есиги тоң тезек,
Табаныңа баттыма,
Гилең өнкей желбезек,
Шабаланып қаптыма,

Айып излеп ақтарып,
Кемисиңди таптыма,
Жары жолда қантарып,
Дизгиниңнен тарттыма.

Кулдай көрип өзиңди,
Намысыңа шаптыма,
Мазақ етип сөзиңди,
Жаныңды отқа жақтыма.

Ғарға адымың муң болып,
Қайта алмай елге жаттыңба,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанарыңа жас толып,
Поезд жолға бактыңба.

Өримдей ғана балларым,
Жүк тасып белиң талдыма,
Салып журттың тамларын,
Сыртта өзиң қалдыңба,

Бәринде жаным сезеди,
Не болған баллар бахтыңа,
Айтшы кимлер безеди,
Кисиликтиң тахтынан.

Көрген көзим қәйтермен,
Қан болды ғой бауырым,
Елге қалай жетермен,
Көтерип жүктиң ауырын.

*16.06.2007-жы*
*Атырау. Нөки*

## ӘЖАҒА

*(Әжағам Аяпбергенге бағышлайман.)*

Бир уяда өскен жети палапан,
Екеўи қулады әжел оғынан,
Қәлбим сызлар хәсиреттиң шоғынан,
Қалғанларым Аман болғай, әжаға.

Өте алмай елиўдиң асыўларынан,
Бийнесип ул-қыздың шашыўларынан,
Мени де айырды илхам-йошымнан,
Сүйенерим жалғыз өзиң, әжаға.

Қыз баламан арқа тутар айбатым.
Барсам, келсем жарасығым саўлатым.
Төркиним деп қәдир тутар қымбатлым,
Жағамның жайлаўы өзиң; әжаға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Женгемнин алдымда желип-жортканы,
Шайыр кыз келди деп толып-тасканы,
Бәне менен ишип бирге йошканы,
Барлығы жарасық билсем, әжаға,

Сән-салтанат пенен келип кеткеним,
"Бир сабақ" болса да илип кеткеним.
Әжағам берди деп көз-көз еткеним,
Ағасы жокларға әрман, әжаға,

Қос арыс тартып турмыстың жүгин,
Мине алпыс жасқа толыпсаң бүгин,
Анамыз айтқандай солмағай гүлиң,
Өмир жасың узақ болғай, әжаға.

*18.08.2006-жыл.*

## БИР БАСШЫҒА

Өзимнен болады жуўабы,
Күттим, дилгирлик азабы,
Алмайын десем де мазаны,
Қоңыраў еттим...

"Жаманға исим, қалыңға қусым"
Түсти қурыды писим,
Найлаждың күни қурысын,
Таўсылып питтим.

Илимли, хикметли хор болмас,
Алынбайында шың қалмас,
Қолымда кескир бир алмаз,
Қол жуўып кеттим.

*2. 02. 2007-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАҒЫНЫЎ

“Кәткуда болмай ел болмас,
Етек кесип жең болмас”,
Кәткудадан айырылдым.
Салтанаты үйимниң,
Жарасығы төримниң,
Әке-шешем ол кетти,
Арысландай айбатлы,
Едигедей саўлатлы.
Алыстан излеп келерим,
Сүйенип ғана жүрерим,
Үш әжағам бул кетти.
Қабырғам мениң сөгилди,
Қәддим дал боп бүгилди.
“Таласып емшек емискен,
Тай құлындай тебискен,”
Тетелесим сырласым,
Жан ашырым муңласым,
Әжапам болса ол кетти.
“Анасыз жетим хор жетим,
Әкесиз жетим зор жетим”
Билмедим дурыс-бурысын,
Жетимниң күни қурысын,
Төрт шаңарақ шайқалды,
Ат орнында тай қалды,
Өлгенниң изинен өлмек жоқ,
Өлгенге қайтып келмек жоқ,
Ялғаншыны нетерсең,
Излеў менен өтерсең,
Тири адам соңында,
Тирилигиңди етерсең,
Қызың қонар қыяға,
Улың қонар уяға,
Ел дәстүри қарыз той,
Берилиў керек парыз той,
Ели-журтты жыярсаң,
Жигиттиң болар үш журты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дайылары соралса,
Орнына кимди қоярсаң...
Қатар келип жети журт,
Алып кетти-аў бәринде,
Ең болмаса сүйениш,
Жоқ ханалас инимде.
Бир әжапам бир сиңлим,
Олар хәм қайғы азадан,
Туттай болып төгилди,
Иштен күйип егилди,
Жеккелик келип басыма,
Жән-жағыма қарарман,
Сүйенишим ел-халқым,
Сизлерден мәдет аларман.
Хәси кетсем қайттым-аў,
Перзентлерим саў болсын,
Бири ағам болар деп,
Бири иним болар деп,
Белимди беккем бууарман,
Қайсы бирин айтайын,
Қай мәниге тартайын,

*1-октябрь. 2003-жыл.*

## ТҮНДЕ ТҮСЛЕРИМДЕ ЖУЛДЫЗ ҚАҚШЫДЫМ

Жүрекгенем сыймай кетип ханама,
Аспанға қол создым, айға шапшыдым,
Мен аспаныйман сол сөз санамда,
Түнде түслеримде жулдыз қақшыдым.

Пәрўаз еттим жерди илмей табаным,
Уллы үмитлерим қанат байлады,
Алла инам етти бүлбил зибаның,
Шерттим кеўиллердиң нәзик тарларын.

Шырақ жаға алмай зулмет кеўилге,
Таўсылып зер-зебил болып жыладым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жерликлер шалғайдан тартып төменге,
Басым таска тийип кузға куладым,

Жүрекгенем сыймай кетип ханама,
Аспанға кол создым айға шапшыдым,
Мен аспаныйман сол сөз санамда,
Түнде түслеримде жулдыз қақшыдым.

## ШАЙЫР ӨЛСЕ

*(Шайыр Ибрайым Юсуповты жоқлаў.)*

Анаң өлсе меҳрибаны өтти дер,
Әкең өлсе жолы менен кетти дер,
Жанға батар туўысқанның қазасы,
Жыллар өтип умыт болар азасы.

Шайыр өлсе халқы жетим қалады,
Еллер ара даңқы жетим қалады,
Пите қоймас кеўиллердиң жарасы,
Мың жылда да умыт болмас азасы.

Халқым бүгин шайырынан айрылды,
Сөз тулпары дойнағынан майрылды,
"Жалғыз атын сойып берип қонакқа,"
Өзи минип кете берди-аў пыраққа...

"Бир сом тапса бай деп санаң мени деп,"
Мениң кеўлим сап алтынның кәни деп,
Бар тапқанын инам етип халқына,
Шайыр бүгин минди алтын тахтына.

Патшама ол, шайырма я сайыл ма,
Әжел келсе жоқ екен ҳеш айырмаң.
Шайыр өлди косык жетим, сөз жетим.
Сөз патшасын соңғы жолға гүзетиң...

*25.07*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НАЛА

Тауларға сүйендим қулады,
Булаклар суу сорап жылады,
Суудың да бар шығар сораўы,
Төгилдим.

Сахрада күймеген табаным,
Төзимде таў киби шыдамым,
Кимниңдур тартсам дер танабын.
Езилдим.

Тажы-тахт салтанат сарайым,
Хан өзим кимнен ҳал сорайын,
Өзиме сүйенип турайын,
Бекиндим.

Отта да, сууда да жанбадым,
Ызғырық аязда тоңбадым,
Бул дүнья бир демлик аңладым,
Сезиндим.

*1. 03. 2008 ж.*

## ТҮСТИМ ӘДАЛАТ КӨШКИҢНЕН

Мен исенбей қойдым ҳеш кимге.
Жәбириңди уқпас ҳешкимде,
Өзгеге мың дәртиң бир теңге,
Басыңа ис түссе билинер.

Қол ушын бере алмас достың да,
Ал душпан қағады постыңды,
Көлеңкең тосады жақтыңды,
Көзиңе бәледей көринер.

Арзыңды айтсаң жақпайсаң,
Әдалат излесең, таппайсаң,
Күйесең, жанасаң, датлайсаң,
Бауырың кәбаптай тилинер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түйениң үстинде ийт қауып,
Қайда бәле болса тауып,
От, суў, жала бәлесин жауып,
Аяғың астынан сүринтер.

Шығалмай ҳақтың үстинен,
Тойдым ялғанның дәстинен,
Түстим әдалат көшкиннен,
Көзиме тек ялған көринер.

*4.04.2008 жыл*

## ҚАЗАҚ ШАЙЫРЫ ҚАДИР МЫРЗА АЛИГЕ

*(«Ийрим» эссесин оқып)*

Өзиң ҳаққында сөз айтыў.
Қыйын-аў өзгеге жақпайсаң,
Өзгениң суўын ҳәм ылайтыў,
Аңсатпа соңынан датлайсаң.

Әдебият көгинде жулдыз көп,
Ал, бирақ тән алыў дым қыйын,
Кими гүл, кимиси жантақ шөп,
Бир көсем, басқасы тек жыйын.

Өзим ҳаққында деп жүрип,
Өзгениң дәртинде жаныпсаң,
Бул гөне дүньяны төңкерип,
Жаңадан имарат салыпсаң.

Көзи ашық қырағы шайырым,
Бизди де ядыңа алыпсаң,
Қарақалпақ ҳәм өз бауырым,
Деп күйип өртенип жаныпсаң.

Әнес, Малик бир туўысқан,
Дурыс ғой тарийхты қозғасаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанбактай ел гездик жел қуўған,
Рахмет баўырым қоллапсаң.

Өз тилим, өз диним, ийманым.
Гүресер уллар көп бизде де,
Еркли болыў әрманым,
Айтарым көп аға сизге де.

Өзиң ҳаққында сөз айтыў,
Қыйын-аў өзгеге жақпайсаң,
Өзгениң суўын ҳәм ылайтыў,
Аңсатпа соңынан датлайсаң....

*27.05.2008 ж.*
*Атыраў-Нөкис.*

## КЕЎЛИМ Ә, КЕЎЛИМ...

Мысқыллап жыйғаным қадақлап төгилди,
Қабырғам жүй-жүйден кетип сөгилди...,
Мың бар пушайманнан кеўлим егилди,
Гүнакар өзим

Сүйгеним, күйгеним, жақсы көргеним.
Саўдырап төгемен не бар билгеним.
Бәрҳа ашылып, шашылып жүргеним,
Таўыстым төзим...

Жалынлап жүрип-ақ ада боламан,
Барымнан айрылып гәда боламан.
Яр дейип өзимди пидә қыламан,
Жетип тур көзим...

Билемен мен ушын жақты әлем жоқ.
Дәртим жайғаскандай қағаз кәлем жоқ,
Тасы тәрези көп, басқа бәлем жоқ,
Ой кеўлим-әй, кеўлим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕТПЕК УШЫН КЕЛГЕНДУРМАН БУЛ ДҮНЬЯҒА

Сонша сулыў гүллердиң де солары бар,
Шан-шәўкетли сарайлардың тозары бар,
Ҳәркимниң де таркап кетер базары бар,
Еллер ара яд етилер сөзим мениң,
Сөзим ара жасағайман өзим мениң...

Байлық излеп өзгелерге жарыспадым,
Ҳәмел сорап табан жолда тарыспадым,
Өз баспанам, өз атаўым, әл аспаным,
Әдалатта, ҳақыйқатта күшим мениң,
Сол ушында өткир пәки тисим мениң.

Сөз салтанат патшадурман өзим мениң,
Бас алады өткир қылыш сөзим мениң,
Көзге сүрме ҳәр бир басқан изим мениң,
Шүкирим көп жаратыўшы бир аллаға,
Кетпек ушын келгендурман бул дүньяға...

Халқым өзиң қайда барсам қайтарымда,
Барым өзиң жоғың өзиң айтарымда,
Жел боп есиң, жел боп сыйпаң айдарымды,
Айнанайын карар ғана көзим мениң,
Көзим емес, Жан жүрегим өзим мениң.

Қанша сулыў гүл болса да солары бар,
Шан-шәўкетли сарайлардың тозары бар,
Ҳәр кимнинде тарқап кетер базары бар,
Еллер ара яд етилер сөзим мениң,
Сөзим ара жасағайман өзим мениң...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛҲАМ ҚУСЫМА

Соншама бәҳәрим гүлледи сенсиз,
Төгилдим сағыныштан гүзги жапырақтай,
Жазларда жаўрадым, жаўынсыз, ҳөлсиз,
Бул дәртли кеўлимниң даўасын таппай.

Ал бүгин өзгеше қулпырар дүнья,
Оңым ба, түсим бе, ўа әжеп бул не?!,
Келдиң тулпар желис болып желмая,
Айтшы, ырастан-ақ, бул өзи сен бе?!.

О, қәлбимниң ҳүкимдар султаны,
Кеўил сарайыма патшалық ет сен,
Соншама жыллардың дағы, ҳижраны,
Отлы нәпесиңнен ерип те кетсин.

## ЕНДИ

Саҳра даўыллары, бийпаян шөллер,
Урлады ҳүснимди әҳ, өткен күнлер,
Кимсесиз саҳрада бир лала гүллер,
Бағы-бостанларын сағынған енди.

Өткинши бултлардан силпиген жаўын,
Саҳра шөллериниң басар ма маўқын,
Қақ-қақ жарылған жер азабын айтың,
Булақ суўларына шөллеген енди...

Өткинши булт болып алдама тек те,
Ақ жаўын-ақ жаўын селлет қәлбимди,
Саҳрада қүдирет жоқ өзиңнен өзге,
Кең далам, нөсерди сағынған енди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НӘРЕСТЕ

Анаң жумыс басты,
Әкең жумыс басты,
Жуўырар күни-түни,
Тиришилик деген,-
Арқалап аўыр тасты.
Оларға ҳәм қыйын,
Күндиз жумыс,
Түнде ийт жатыс,
мырза турыс:
Азан менен
Апалақ та, жумалақ,
асып баратыр,
Күн көрис-тә,
Қай бир тасып баратыр.
Ал сен өзиң менен,
өзиң ойнайсаң,
Ертек, ҳәййиў орнына,
Радио, телевизор тыңлайсаң.
Оларды ҳәр күни,
көзлериң жаўдырап,
узатып саласаң,
Күтип аласаң
Жыламай қаласаң,
Себеби сен жақсы баласаң.
Бәрине көнгенсең
Еркелеў, еркелетиў,
шенде-шен.
Сен еле баласаң,
Билгиң келген нәрсе көп,
Сорағың келип турасаң,
Сорайсаң,
—Апа, ана бар ма ?....
—Қой, мазамды алма!
Үнсиз қаласаң......
Әкеңе барасаң.
—Аға, ана бар ма ?...
—Бар, балам бөлмеңе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маған селтең берме !.
Қыслығасаң....
Анаң жумыс басты,
Әкең жумыс басты,
Күни- түни жууырар,
Тиришилик деген,
Арқалап аўыр тасты,
Нәрестем, ким сезер,
көзинде жасты.
Жууапсыз сораўлар қыйнап,
өксип атырсаң,
Өзиң менен өзиң ойнап
өсип атырсаң,
Нәресте...

## ЕҢСЕҢДИ КӨТЕР

Сонша ах- пырағың жетер,
Енди қулақ ҳәм жоқ еситер,
Өзиң бий бол, өзиң хожа,
О халқым, еңсеңди көтер.

Көз жасыңа Арал толмас
Ағайин дәрьясын бурмас,
Енди ўәде, қарар болмас,
О халқым, еңсеңди көтер.

Сен сыйынған "пир" жоқ, енди
Алтын орда, таж жоқ енди
"Пирғаўынлар" бәрин көмди,
О халқым, еңсеңди көтер.

Ақыл тәрезисин теңле,
Көз сал бүгин ҳәм ертеңге,
Енди қол жаўар, ким-кимге,
О халқым, еңсеңди көтер.

Уллы дәрья ағысында,
Тулпарлардың шабысында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенде ығбалыңды сына,
О халқым, еңсеңди көтер.

Бердақ болып шағла енди,
Жүрек- баўырын дағла енди
Ески дәртти қозға енди,
О халқым, еңсеңди көтер.

Әжинияз шайырдың сөзи,
Едигениң қарар көзи,
Алакөз батырдың өзи,
О халқым, еңсеңди көтер.

Улың батыр, қызың батыр,
Ҳәр бириси мыңға татыр,
Күл астында көз ҳәм жатыр,
О халқым еңсеңди көтер.

Сонша аҳ-пырағың жетер,
Енди қулақ ҳәм жоқ еситер,
Өзиң бий бол, өзиң хожа,
О халқым, еңсеңди көтер!.

## ҚОЙ КЕЎЛИМ

Қой кеўлим, қой сен ол әндийшелерди,
Ол жолдың тикенли соқпақлары бар,
Не қыласаң гүз ишре терип гүллерди,
Ҳәр пасылдың өзинше гирдикары бар.

Бәҳәрге ашық болған менен гүз,
Пасыллар қаўышпас тәбият заңы,
Өртеме әй қәлбим, ол ушын ҳәргиз,
Сүйе билмеў тек те ең жаманы...

## ЖАЗСАМ ТЕК, ҲАҒЫН ЖАЗАЙЫН

"Илажы болса достым,
Қосығыңды сәл босастыр,
Жалығады көп оқыўшың,
Өзге жолын қарастыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онысыз да азба дәрти,
Сапырылыскан мына аламан,
Жазыўдың да бар шәрти,
Қәне күлкиге қура алсаң.

Қыял деген пырағ ат,
Жаз сен, тоғай көллерди,
Гүлзарларды аралат,
Умытсын қайғы, шерлерди".

Әй достым-ай қәйтейин,
Шадлық ушса басымнан,
Қайда сегбир етейин,
Кәрўан өтсе түсымнан.

Әдира қалып мына журт,
Көшсе халқым усыннан,
Қатар келди-аў жети "жут",
Қайысаман усыған.

Гүлзар дейсең, қайда ол,
Қайсы бағқа қонайын,
Дәрья, қәне, қайда көл,
Қанат байлап ушайын.

Күлки дейсең қаяқта,
Ҳағынан бир күлейин,
Мәкан басып сояққа,
Шады-қуррам боп жүрейин.

Дәрт шегиў маған пеше ме,
Баўырымды тилкимлеп,
Ел, жер дәрти көксимде,
Сол ушын жүрмен еңиреп.

Шадлы қосық жаз дейсең,
Айт оны қайдан алайын,
Достымжан, берме селтең,
Жазсам, тек хағын жазайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛҲАМ ПЕРИСИ

Кеше өз өзимнен үйге сыймадым,
Бир муңлы сийрат тынышымды алып,
Қарап отырып-ақ, еңиреп жыладым,
Ялғаншы дәстинен өртенип жанып.

Кимгедур аҳ урып келди шағынғым,
Жеккелик қурсаўлап қәддим бүгилди,
Кимгедур бас урып, келди табынғым,
Күттим сарсылып кимдидур кимди.

Сол пайыт қолыма туттым қәлемди,
Дәртлерим төгилди қағазға саўлап,
Баксам сағыныппан илҳам перимди,
Сол екен күткеним сағынып, жаўрап....

## ЖАЗДЫҢ НӨСЕРИ

Ала бәҳәр. Қақсап тур қуў дала,
Дузлы шаңғыт есер, ала-сапыран,
Отлақлар күйреген, зар тамшы суўға,
Жаўын, жаўын бер, әй сақый аспан.

Бәҳәр өтти. Қурғақ жаўынсыз, ҳөлсиз,
Жаратқан көрмеди, көзде жасларын,
Майсалар запыран, тутлар да бүрсиз,
Таллар саў-саў төкти жапырағын.

Жаз ортасы, Нөсер. Селлетти нөсер,
Жер қатыўаш ашты енди еңбек хеш,
Қатқалақ, қалайша тұқым көгерер,
Бул нөсер кешикти, жүдә ғана кеш.

Саҳра жутып атыр, жаўын суўларын,
Ай-хай жымбыр-жымбыр тәни жайрады,
Сезинер, нөсердиң соңы ойранын,
Жаз әптап, шөл еркине қоймады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қатыўаш. Кимде орақ, кимде кетпен,
Жер баўырын, баўырымды аяўсыз тырналар;
Егислик дүньямды қыйратып кеткен,
Жаўын емес, енди көз жас сорғалар.

## ҚӘСТЕРЛЕП САҚЛАҢЛАР БИР-БИРИҢИЗДИ

Ҳасылдың қыяғы, тулпар туяғы,
Бәриңиз ақыллы, бәриң зыялы,
Әй, әзиз халқымның әзийз уллары,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Бул жерге келгениң теңизден тамшы,
Бабамыз әзелден көп жеген қамшы,
Дүнья өткиншидур, дүнья алдамшы,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Мен, мен деп көкирек кере берменлер,
Әзәзул, шуғыллық сөзге ерменлер,
Ҳасла абырайды қолдан берменлер,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Батырсаң, сендағы, сен де батырсаң,
Халқыңа хызметти етип атырсаң,
Жәмлессең бириңиз, мыңға татырсаң,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Күншиллик не тениң кимди күнлейсең,
Өз иниң өз ағаң кимди жерлейсең,
Әзел ҳақдур, енди қайта келмейсең,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Шайырсаң бәринде елди жырласаң,
Данышпансыз ели-журтты сыйласаң,
Келешек әўладтың ғамын ойласаң,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Көп емес дүньяда, қарақалпақ аз,
Сол ушын көксиңди қаға берме жаз,
Ҳәр бириң ушыға, ҳәр бириң алмаз,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзиңди шер билсең, басқаны зор бил,
Ҳәммеде өзиңдей, өзиңе тең бил,
Бәри де сен киби, мийнеткеш себил,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Бириңиз гәўҳарсыз, бириңиз дүрсиз,
Дүньяда теңи жоқ, ҳақыйқый хүрсиз,
Жасамақ мүшкилдур бириң-бириңсиз,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Тамырында аққан қан, геўдеңдеги жан,
Бәриңде бир текли дин ҳәмде ийман,
Сизлер қаналассыз буған жоқ гүман,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

Көп емес дүньяда, қарақалпақ аз,
Сол ушын көксиңди қаға берме жаз,
Ҳәр бириң ушыға, хәр бириң алмаз,
Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди.

## ЖЕҢИП АЛ...

Сезимге бийлетпе, ақылым жеңип ал,
Жиберме, ҳаўайы еркин ойларға,
Гөззаллық шайдасы ҳуўшым болма лал,
Ылақсаң кетпейди кеўлиң қайларға.

Ар-намыс кисенле кеўлим қәлеўин,
Ҳүждан, хәр қәдемде гүзет бендеңди,
Қуйыл, жүрегиме шәпәәт, мийрим,
Бийғубар пәклигим, тәрк етпе мени.

## ИЙЕСИЗ, ҲҮЎИЛДЕР ГӨНЕ ТАМ....

Ийесиз гөне там ҳүўилдер,
Қап тутып қойыпты әйнекке,
Ал қәлбим қулазып еңирер,
Баўырым күйеди мың дәртте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағынып келгенмен бәрин де,
Балалық бийғубар пәклигим,
Күтип алмады ҳеш ким де,
Әкем де, апам да жоқ бүгин.

Қаналас баўырлар жән-жақта,
Дәм-дуздың шашылған жеринде;
Болмады бул журтқа, бир тутқа,
Тентирер күн көрис елинде.

Есиктиң алдында бағ еди...
Қуўрапты бәри де қуў шақа,
Баяғы сәнлери жоқ енди,
Бүлбил жоқ шақада зоң ғарға.

Қасында саўлатлы бийик жай,
Ҳүкимдар, бул журтқа басқалар,
Мен енди әлле ким, әҳ қудай,
Қәлбимди өкиниш тырналар.

Изледим таппадым бәрин де,
Жоқ енди әкем де, ҳәм анам,
Шығарып салмады ҳеш ким де,
Ийесиз ҳүўилдер, гөне там...

## ОРНЫНДА ТУРҒАЙ

ктап қалды ана жер,
шеринде айланбай,
л дүньяның тәшүйиши,
р басымда турғандай.
лды үмит гүллери,
сли қыраў шалғандай,
дирдиң аўыр шөккиши,
төбемнен урғандай.

Түсине алмай дағдардым,
Бул не аўҳал, не жағдай,
Әҳ қудай, деп аҳ урдым,
Әзел өзи оңғарғай.
Бәрин айтта, бирин айт,
Аллам нәзерин салғай,
Әй ығбалым, бери қайт,
Дәртим өткинши болғай
Ана жер орнында турғай !...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЛЫҚ КӨРДИМ, АЙ КӨРДИМ

*(Ақлығым Өмирбекке)*

«Ақлық көрдим ай көрдим.»
Айдан да артық қулыным,
Өмириме сән бердиң,
Желбиреп айдар тулымың.

Туматайлы болдым деп,
Әжеңниң кеўли аспанда,
Жарты едим, толдым деп,
Желбирер дос-душпанға.

Атыңды қойдым Өмирбек,
Дүнья күлкиге толсын деп,
Қуяш болып күлимлеп,
Әлемге нур берсин деп.

Узақ болғай өмириң,
Ҳасла қайғы-ғам көрме,
Ағасы болып елиңниң,
Орның болғай-дә төрде...

Әжеңниң көп ғой әрманы,
Орынлары өзиң бол,
Белимниң қуўат-дәрманы,
Шамшырағым көзим бол.

Ақлық көрдим ай көрдим.
Айдан да артық қулыным,
Өмириме сән бердиң,
Желбиреп айдар тулымың...

*13-Март 2011*

## НӨСЕРИ

Бәҳәрдиң ақ жамғыр нөсери,
Қәлбимде гүлледи ғумша,
Әзелдиң тайғандай көшери,
Есимнен айырылдым бунша.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрин де, бәрин де сеземен,
Айралық хүждан азабы,
Талайға тас түсти көнемен,
Сол ушын жүрегим жаралы.

Сонда да безбеймен нөсерден,
Кешиккен бәҳәрим мазалы,
Ҳәсирет лаўлайды көзимнен,
Эх өмирим, өмирим азалы.

## БЕР МАҒАН

Сен ишкен зәҳәрдиң зәхрин бер мағап,
Жайылсын тәниме, өртесин мени,
Сен ишкен апыйын кейпин бер мағап,
Тек аман сақлағай, тәңирим сени.

Биймаза қылмайын енип түсиңе,
Гүнам жоқ, умытсаң умытшы мени,
Гирбиң түсирместен пәк жүрегиңе,
Тек аман сақлағай, тәңирим сени...

## ӘЙ, ПӘЛЕК

Әй пәлек, ҳайранман гейбир исиңе,
Базы кеўиллерди бунша кир еттиң,
Көре алмас жақсының жақсы исин де,
Неге ишлерине дүткеш түтеттиң.

Бул не ғарғысың ба яки пешең бе
Жақсылар қуўырылар жаман дәстинен,
Гүллерди қурсаўлап қойдың тикенге,
Нәмәртти күлдирдиң мәрттиң үстинен.

Қоспадың жақсыны бири-бирине,
Бунша жүреклерди аҳыў-зар еттиң?!
Бақпадың, олардың муңлы көзине,
Не күйге, не ҳалға гириптар еттиң?

Әй, пәлек, исине шек келтире алмай,
Маңлайға не жаздың көндим бәрине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бенденнен жәбирине кеўлим шыдамай,
Нарыйза боламан, гәде өзиңе.

Әй пәлек, қолласаң жақсыны қолла,
Нәкәстиң кеўлине сал мириўбетти,
Бәрше ҳадал исти басла оңына,
Жүрекке қуя бер, сап муҳаббетти.

Сонда өрший алмас нәпәк урығы,
Қуяшлы кеўиллер жуўар дағларды,
Бул дүньяның да пүтин турыўы,
Меҳирден өссин де меҳир бағлары.

## КӨРИНБЕС

Бул не аўҳал, не заман,
Ел басына күн туўған,
Алды-арты боз думан,
Жол баслары көринбес...

Мәжилис, мейлис сөз әлўан,
Ўәдеден таў жасалған,
Өтмиш ялған қайтадан,
Қурыў шеги көринбес.

Биз сыйынған кешеги,
Идеаллар көсеми,
Бәри бир пуллық енди,
Қәтқудасы көринбес.

Халық жүдә дағдарған,
Кимлигин билмей ҳайран,
Жетпис жыл, соңы ойран,
Келешек те көринбес.

Жәриялылық бар жерде,
Гезек келген қызыл сөзге,
Тамақ қайғы, ал ертеңге,
Жууапкери көринбес.

Ең жақсысы бронда,
Азық, кийим талонда,
Жетиспейди оған да,
Саўдагер, байға билинбе[с]

Қант шекерсиз балалар,
Таўып бер деп зар жыла[р]
Айт, тетиги қайда бар,
Бизиң елде көринбес.

Жетпей напақа айма-ай,
Тамақ ишип жарымай.
Түсине енер сары май,
Соңы ҳеш бир көринбес.

Бул күнде бәри саўдагер,
Талап излеп, ел гезер,
Олар ким, ишиң сезер,
Шарасы ҳеш көрилмес.

Көк тайғақ, аяқ асты,
Мириўбет ийман қашт[ы]
Саўғалап қара басты,
Елим дер, ер көринбес...

Жан таппай дәртлесиўг[е]
"Ақ қамыс" сырлас енди
Бабамдай нәйлаж мен д[е]
Турыппан нур көринбес

*1989-ж*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗИМЕ АЛАМАН

Сахрамда көп қумлы төбешик,
Ызғырын суўырып елеклер,
Болайын десем де төменшик,
Көксимде долы күш силкинер.

Усайын десем де өзгеге,
Жеккелик қурсаўлап бөлеклер,
Тәғдирдиң шақмағы төбемде,
Нөсери үстимнен шелеклер.

Тилкимлеп ах, нала көксимди,
Тәнҳалық қойнында жанаман,
Сезбегей хеш ким де дәртимди,
Бәрин де өзиме аламан.

Безигип бенделик тахтынан,
Хан болдым, өзимниң кеўлиме,
Ентигип өзгеше бахтымнан,
Енемен, бир татлы сезимге.

## МЕН ӨЗГЕГЕ УСАЙ АЛМАДЫМ

Мен қул болып қала алмадым,
Ақыйдалар, исенимлерге,
Сәжде етип жүре алмадым,
Жердеги қудай ҳәм пирлерге.

Бир қәлипке сыя алмадым,
Кәнарымнан тасып төгилдим,
Ҳәм бир минсиз болып қалмадым,
Жүй-жүйимнен кетип сөгилдим.

Руўхымды түсай алмадым,
Шеңберинен шықтым төзимниң,
Мен өзгеге қусай алмадым,
Не кешсе де кешти өзимнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХАЛҚЫМ – АЎ

Қорқаққа хәл бермей, хәмел берип,
Ҳүкимин жүргизер, ғайрылар,
Жақсың қуўырылар, жаманың күн көрип
Тулпарың дойнақтан майрылар.

Сайрай алмас, бүлбилиң қәпесте,
Орнына ғақылдар ғарғалар
Арыслан шынжырбәнт, шер қәсте
Ҳийлекер түлкиң бар, жол алар...

Аҳыңды еситер қулақ жоқ,
Ҳаўаға илинип сөз қалды,
Өзиңнен сағасы булақ жоқ,
Көз жастан жаралған жасқаң бар.

Ерк буғаўда, ҳүждан қамаўда,
Руўхың тентене қыслығар,
Қуры геўде, Бас саўға, жан саўға,
Ығбалың күн киби тутылар.

"Ҳәсирет тилкимлеп көксимди",
Дәртиңди өзиме аламан,
Сәл соңлаў мен кимди, сен кимди...
Халқым-аў, сол ушын жанаман.

*1989 ж.*

***

Мен өзиме түсинбеймен, Руўхымда мың гүллеймен,
Гәҳә шаҳпан, гә гадаман, Руўхымда мың соламан.

## СУҢҚАР ҚӘПЕСКЕ СЫЙМАС

Суңқар қәпеске сыймас,
Тулпар түсаўда турмас,
Қысметимиз тек те пәрўаз,
Пәрўаз суңқарым пәрўаз.

Пәрўаз ол не, ушқан билер,
Тулпар жалын қушқан билер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муддәхәң не кеўлим сезер,
Пәрўаз сунқарым пәрўаз.

Туғырда талпынған қуспан,
Менин хәм ышқым аспан,
Қыйқыўласып тумлы-тустан,
Пәрўаз сунқарым пәрўаз.

## БӘҲӘР

Бәҳәр сени күттим, жүдә асықтым,
Сенде әрманларым қанат қағардай,
Сабыр кесамдағы толып лиммә-лим,
Сенсиз колдан түсип шыл-шыл сынардай.

Бәҳәр сени аңсадым таңда... ояна,
Көк майса шығына малынғым келип,
Енип тәбияттың сулыў қойнына,
Сениң қудиретиңе табынғым келип.

Шекшек шырылдасын тыңлап жатарда,
Өпепек сестинен ояндым таңда,
Мурнымды қытықлап гүллер ийиси,
Мени йошландырар жаңа илҳамға.

Бәҳәр саған сонша қойып мухаббат,
Буншама берилип сүйемен неге?
Сенде туўылғандай ана тәбият,
Қәнекей қайтадан туўылсам мен де.

## НАЛАНДЫ...

Дәртли жүрегиме таппадым даўа,
Жисмимде аўырыў, қәлбимде жара,
Халқым ғәрип болсаң маған не шара,
Қамысқа үплей-ғой енди наланды.

Бир шопан табар-дә, жата бер көлде,
Қамыстан най соғып шертер-дә шөлде,
Сонда жан енерме қуўыс геўдеңе,
Ал мен басқаша хеш таппадым шара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨЗИМНЕН ТАНЫ

Саратан әптабы күйдирген тәним,
Енди сүйер қыстың қыраўын,
Сезгендеймен бул дүнья мәнин,
Тартқылайман сезим жылаўын.

Самсаз кәлпим бийпәрўа ғана,
Қол силтеймен енди бәрине,
Бийпәрўалық рәҳәт жаныма,
От кетсе де келмес кәриме.

Сен келерсең бәлким келмессең,
Қыйналмайман бурынғыдай ҳеш,
Бәлким енди мени демессең,
Өртемейди ҳасла өкиниш.

Жаңа-жаңа таўсылған шамдай,
Өртең шалған, пысқыған шалаң,
Ақылым ҳайран, бул сезим қандай,
Аҳыўзарым бәршеси тамам.

Сенлик сезим мисли пыраған ат,
Шынжырбәнтдур тепсинер тек те,
Қәлбимдеги сенлик қағанат,
Күллери де суўырылды көкке.

Бийпәрўалық дедим де әсте,
Силкип-силкип қалдым басымды,
Жүрек курғыр негедур қәсте,
Тыялмадым көзде жасымды.

Мен басымды силкимек түўе,
Бул дүньяны тенселтсемдағы,
Күшим жетпес сенлик сезимге,
Дәргайыңа қайтаман тағы.

Бийпәрўалық текте нықабым,
Әй әзийзим, сезгейсең соны,
Тек өзинде кеўлим ықрарым,
Меҳримди көзимнен таны...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕЗДИРДИ МЕНИ

Сыртың жалтырақ та, ишиң қалтырақ,
Сенде жоқ ҳаслында исеним турақ,
Сол ушын иргемди салайын жырақ,
Нәкаслық ислериң бездирди мени.

Сөзиң бир басқа да, исиң бир басқа,
Сезесең өзиңди илаҳий тәнҳа,
Әбзели қусайсаң бақа, шаянға,
Суўық ушқынларың бездирди мени.

Тиреп турғандай-ақ аспанды өзиң,
Басабас дегеннен басланар сөзиң,
Дурысы билмейсең хеш истиң көзин,
Сулыў соқырлығың бездирди мени.

Керек адамыңды аласаң таңлап,
Гәсине сөзиңди, өзиңди жаллап,
Сен киби мийримсиз болмас жәллад,
Ипласлық ислериң бездирди мени.

Даналық, искерлик ҳаслы ықабың,
Ҳаслы ҳайўандур сениң лақабың,
Ат көтере алмас жалған атағың,
Бийҳасыллығың бездирди мени.

Шарам жоқ сендейлер орын алады,
Сол ушын жүрегим күйип-жанады,
Қашан бир ҳақыйқат қарар табады,
Ялғаншы ислери бездирди мени.

***

Әзийзим, мәнзилим алыс,
Еглеме, жолымыз өзге,
Сен әллеким, мен бийтаныс,
Жазмыш солай әзелимизге.

Не керек ҳижран, ҳәсирет,
Көксинди дағлы қылғаның,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кет енди кыялымнан кет,
Жетер сонша делбе болғаның.

Бузба кеўлимниң каласын,
Есик қақпа биймезгил ўақыт,
Жыллар емлер, қәлбиң жарасын,
Аңсат емес, сонда хәм умыт.

Әзийзим, мәнзилим алыс,
Еглеме, жолымыз өзге,
Сен әллеким, мен бийтаныс,
Жазмыш солай әзелимизге.

## ЖАНЫМ

Ақтақырлық аңызақ жерде,
Күйрермекен және бостаным,
Ақ қуў жубын қыйса әжелге
Шырқырамас қалайша жаным.

Кимлер сезер кеўлим наласын,
Тек тырналар қәлбим жарасын,
Дәрт не екен?! Меннен сорасын,
Шекпегенлер не билсин жаным.

Сағынышым гүзги жапырақ,
Аяқ асты саў-саў төгилер,
Әрман қусым жеткермес жырақ,
Ҳижран дағы баўырымды тилер...

## ҲӘЙКЕЛ

Гас хәйкел, мағрур кыяпа,
Жаныма дым жақын ғана,
Сәжде етип табынаман,
Ол сезбейди, мен аўара.

Суўық көзи ушқын шашып,
Әрбар мени сусы басып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәнтленгенмен шынжырсыз-ақ,
Кете алмайман ара ашып.

Ҳайран болдым өз-өзиме,
Олсыз дүнья тар көзиме,
Қайылман мен бирге турып,
Айланыўға тас мүсинге.

Тас ҳәйкел мағрур қыяпа,
Жаныма дым жақын ғана,
Сәжде етип табынаман,
Ол сезбейди, мен аўара.

## БОЛҒАН ЕМЕС

Шектим жәбириў-жапаны,
Сүрдим заўқы-сапаны,
Көрдим опа, бийопаны,
Сирә кеўлим толған емес.

Жақсы сөздиң қулы болдым,
Сәл нәрсеге тасып-толдым,
Бир аўыз сөз гүлдей солдым,
Ҳеш ким кеўлим алған емес.

Достым дедим аҳ урдым,
Хызметинде тақҳа турдым,
Қәдир билмес жүзим бурдым,
Ол ҳәм мендей болған емес.,

Кеўлимдей кеўил таппадым,
Дәрўиш болмай-ақ ҳақладым,
Туўры сөйлеп хеш жақпадым,
Тыңлар қулақ болған емес.

Меҳир излеп гәда болдым,
Биймеҳирден зада болдым,
Күйип-жанып ада болдым,
Меҳрибаным болған емес...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕТИ ДҮРКИН ҚЫЗ ӨТЕР...

Бир жигиттиң дәўиринде жети дүркин қыз өтер,
Өткен қызлар жүрегинде әрман кетер, муң кетер,
Қалса егер қәлбинде мөхирленип бәри де,
Бул әлемде көз жас нетер, дәрт нетер-аў, дәрт нетер.

Өтким келмей түсыңнан мен гидирдим-аў, гидирдим,
Ҳижран толы шарабыңды симирдим-аў, симирдим,
Соңғы толқын ылақтырды қырғаққа-аў, қырғаққа,
Найлаж боп, өзге бағда үзилдим-аў, үзилдим.

Сезбедиң сен аҳ-наламды, муңымды-аў, муңымды,
Еситпедиң сен деп айтқан жырымды-аў, жырымды,
Көз жасымды дәрья етип, қайық пенен жүздиң де,
Қушып кеттиң соңғы дүркин ярыңды-аў, ярыңды.

Бир жигиттиң дәўиринде жети дүркин қыз өтер,
Өткен қызлар жүрегинде әрман кетер, муң кетер,
Қалса егер мөхирленип қәлбинде бәри де,
Бул әлемде көз жас нетер, дәрт нетер-аў, дәрт нетер.

## СЕН ӘМИЎ БОЙЫНДА ЖАСАЙСАҢ ЕЛЕ

Халқым, ырзаман кең пейилиңе;
Бәрин де теңиздей жутасаң ишке,
Мейли десин бул журтлар не десе,
Сен Әмиў бойында жасайсаң еле.

Сенде үмитлер бар әрманлар алда,
Келешек урпағың туўылып атыр,
Ким тырнақ тиклеген жаңа жайына,
Кимиси шаңарақ көтерип атыр.

Биреў қыз узатыў тәтәррогинде,
Себине дүзеткен арша толы жүк,
Ийнедей қылаў жоқ аппақ кеўлинде,
Турмыс бир изинде соншама тәшўиш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Аязлы ызғырың, қәлбим қахратан,
Жер зәмин силкинер хәсиретлеримнен,
Жазығым не еди, айтшы жаратқан,
Қатқандай көз жасым кирпиклеримде.

Қарлардан басыма кийдирдиң тажды,
Сарайым муз қала, тахтым да муздан,
Ал кеўлим сағынып баяғы жазды,
Түсиме енеди, енди саратан...

## ҚАЛҒАНЫНЫҢ ӨТКИНШИ БӘРИ

Түсинбеймен минезлериңе,
Кимсең өзи? Ол да биймәлим,
Бийпәрўасаң гәде бәрине,
Пал аралас, иштим зәхәриң.

Гәде ақыл, дана да өзим,
Зәмин қалып, көкке теңейсең,
Тебиренип, жасланып көзиң,
Бәри, бәри бир өзиң дейсең...

Түсинбеймен хәтте мехриңе,
Жасын киби жанып қулайсаң,
Күйип тәним хәўирлериңе,
Бултларыңнан нөсер сораймаң.

Түсинемен тек те мынағаң,
Өмир бойы изледим сени,
Сен керексең мағаң, мен сағаң,
Қалғанының өткинши бәри.

## СҮЙГЕНЛИГИМНЕН...

О массагеттиң қудиретли қызы,
Неге өлтирдиң сен Спитаменди,
Жүрегиңди өртеп мухаббат муңы,
Басында теңселип турыпсаң енди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге өлтирдиң сен Спитаменди,
Деп сорағанда юнан ханы,
"Мен оны сүйемен, сол ушын" дедиң
Душпанларыңнын да шықты аң-таңы.

Сендеги мухаббат мениң қәлбимде,
От болып жанады тақат қылалмай,
Мен де ашықпан Спитаменге,
Қолым қалтырайды қанжар уралмай,
Сүйгенлигимнен, сүйгенлигимнен.

## ОНЫ КӨРГЕНДЕ...

Әй жүрегим, неге дирилдеп,
Қалтырайсаң оны көргенде,
Әй көзлерим, неге күлимлеп,
Жаўдырайсаң оны көргенде.

Асаў руўхым үзди шынжырын,
Ақыл генем босаттың неге?
Жисмим ара ҳижран қанжарын,
Журегиме қададың неге?!

Қәлемеймен, қәдем қояман,
Айтшы төзим таўсылдың неге?
Ишпей-жемей саркуш боламан,
Ҳақ ийем-аў, себеби неде?.

Әй жүрегим неге дирилдеп,
Қалтырайсаң оны көргенде,
Әй көзлерим, неге күлимлеп,
Жаўдырайсаң оны көргенде.

## ӘЙ, СЕН ...

Өзим дейсең, өзгелерди көрмейсең,
Ишиң қара бунша пасық болмасаң,
Басқаларға ор қазбай ҳеш жүрмейсең,
Ҳей бир күни өзиң түсип қалмасаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ары таза ақыл-хуўышлы мәрт көрсең,
Тилегиң сол тулпар болса сүринсе,
Не болса да тек бир өзиң мәп көрсең,
Бунша жасық болғаның не өликсе.

Сөзиң басқа, исиң басқа, манкуртсаң,
Мен, мен дейсең өзгелерди қаңғыртсаң,
Ҳәмме ғәрип болып келсе алдыңа,
Бунша кең болмаса қулқың, тоңыртқаң.

Ҳаслы тулпар шығады топ алдына,
Дойнағында езилерсең бир күни,
Сол ўақытта маймыл жылап ҳалыңа,
Жыртық кемеге сап ығызар сени...

## ҚОРҚАМАН...

Қорқаман, нәкаслар көп жүдә,
Сени ийримине тартама деп,
Сәл жерге тағып ғәремет гүна,
Көзиңди байлап, тас атама деп.

Қорқаман, өрт жалын сезимиңди,
Суў серпип ҳәўириңди басарма деп,
Шайқалтып таў киби төзимиңди,
Руўхыңды шынжырлап түсарма деп.

Қорқаман, көптиң бири болып сен де,
Сандалып ағым менен ығарсаң деп,
Айланып басыбайлы қул бендеге,
Қазығыңды айланып шабарсаң деп.

Қорқаман, базарың тарқап кетип,
Сезимиң шырқырап тул қаларма деп,
Бул пәлек сарайында әсир етип,
Ҳижран отларына жағарма деп.

Ал сенлик исеним тыншытты кеп,
Қорықпа, қоймайды ол еркин түсап,
Тепсинип шынжырларды кетер үзип,
Жасаса жасайды тек өзине қусап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АХУРА МАЗДА МЕНЕН РУЎХЫЙ СӘЎБЕТ

### ҲАЯЛ:

Тас қамал алынбас кеўил сарайым,
Ҳүждан, ҳадаллық қараўыл онда,
Ҳақ ийесин күтер ығбал талайым,
Сонша жыл, ҳижран қурсаўларында.

Хан болмақ нийети келди нешшелер,
Мәккәрлық, ҳийлекер кәсиби алдаў,
Ҳақыйқат қуяшым алмаздур семсер,
Аямай олардың геллесин алды.

Айланып сыртынан менлик сарайдың,
Қорқыўда, ғыйбатта сығаласады,
Ҳадаллық шәшмеси, Меҳирим айдын,
Көзлери қамасып тура қашады.

Ал мениң күткеним, күткеним өзге,
Қәлбимниң жартысы қайда тентирер,
Ахура Мазда неге бөлдың екиге,
Ҳижран дағлары баўрымды тилер.

### АХУРА МАЗДА:

О, әзийзим, сени өзим жараттым,
Қәлбиңе ышқыны салған да өзим,
Ҳаяллық сарайың ол қағанатың,
Көнесең, мен саған бергенмен төзим.

Күткениң келди ғой сезбейсең ҳәтте,
Себеби ҳадаллық киргизбес оны,
Ҳәсирет көксиңди тырнасын тек те,
Ушырасыў заўалдур, сезгейсең соны.

### ҲАЯЛ:

Айт қаяқта ол, қаяқта, қаяқта,
Төгейин, ҳәсирет көзде жасымды,
Айланып алдында мисли руўхқа,
Көксиңе қояйын дәртли басымды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйт те өтейин мен пәний дүньядан,
Султансыз сарайдың кереги недур,
Енди керек емес адақсыз хижран,
Ох Ахура Мазда, қәлбимди өлтир.

## КӨНЕМЕН ЕНДИ

Умыт, сахраларды, отлы даўыллы,
Қәлбимди селлеткен аппақ жаўынды,
Еситпе аҳымды, сенлик зарымды,
Мен енди қайтаман ақ тақырлыққа.

Иләж не? Елимде, қәлбимде сахра,
Шәшмеси қәнекей, мен ғәрип кулға,
Жазылмағаннан соң әзел маңлайға,
Мың әрман, дәрт пенен өтемен енди.

Кисиниң бағында сырғыған шабдал,
Урысы болыўма, яқ, яқ! Ақылым лал,
Сол ушын өзимниң сахрайым абзал,
Ҳаслы мәканыма қайтаман енди.

Ким жаман көреди бағы-бостанды,
Булақ суўларынан ишип қанғанды,
Бендерики сол да бәрҳә әрманлы,
Ығбал талайыма көнемен енди.

## СЕН ДЕ ДАНА, АҒЛА СЕН

Халқым-аў қай әсирде,
Көксинди куяш қаққан,
Ийе болып өз еркиңе,
Төбеге басың шыққан.

Исмиңе өз алдыңа,
Келдиме хабар айтып,
Яки өзге жылаўыңда,
Жүрдиң бе, барып-қайтып.

Тойларда өз сыбаған,
Турды ма журттан бөлек,
Я пайын берип, саған,
Болдыма майлы шөрек...

Нәзер сал өтмишиңе,
Басыңа ким күн салды?
Буншама азсаң енди,
Қалғаның қайда қалды?.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шеңгелзар қапырыққа,
Ким сени айдап салған,
Ал бүгин қолың қысқа,
Баяғың бағда қалған.

Таў киби бийиклигиң,
Көринбей дараланып,
Шарасыз, енди бүгин,
Жүрипсең иштен жанып.

Ырысқыңда өзге шашса,
Сен шөплесең керегин,
Сени басқа халық басқа,
Онда сениң кимлигиң?!...

Мумкин бе, як, ҳасла олай,
Болған емес тарийхта,
Көшсек те талай-талай,
Көнбегенсиз хорлыққа.

Гүрмеў таппай қысқа жибин,
Қыйланарсаң аз ўақыт,
"Ерк" саған берер бәрин,
Өзи излеп келер бахыт.

Аз болсаңда руўхың бәлен
Жаралғансаң дара сен,
Өзлигиңди тез баян ет.
Сен де дана, ағла сен!!!

*1989-жыл*

## ЕРК ИЗЛЕП...

Өмиринше кеўсен төлеп өзгеге,
Ҳақ ийеси бола алмай суў, жерге де,
Сорлы халқым жеген тәғдир таяғын,
Минген янлы ескексиз бир кемеге.

Арал бойы, оннан ары Ноғайлы,
Едил бойы болмай бизге қолайлы,
Ата журты Түркистан да ел болмай,
Бери қарай Хорезмге қулайды.

Бул жолларда елим мениң еңиреп,
Қайда "ғарезсизлик" қайда "Ерк" деп,
Өлип, өлип жеткен өлим сарқыты,
Геўдеде жан, ар-намысы ер жүрек.

Бүгин және тәғдир исиң қаралар,
Саған ерк керек пе деп соралар,
Сөйлетпе сен биреўлерге сөзиңди,
Онда сениң келешегиң тубалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сатпа хәмел ушын намыс-арыңды,
Жаныл айт кеўлиңде хәр не барыңды,
Халқың шықпай турып бийик төбеге,
Ҳешким де тыңламас аҳыў-зарыңды.

Маман болып излең үмит қағазын,
Ерназардай шығың халықлық майданға,
Аллаяр бол, көтер еркин ҳаўазың,
"Ерк" керек саған ҳәм де маған да!.

*1989-жыл*

## КЕТИП БАРАТЫРМАН

Тәғдирдиң жазғаны маңлайға,
Деп көнип ығбалға-талайға,
Айланып қул бенде малайға,
Кетип баратырман...

Ойыма тең емес ой менен,
Бойыма тең емес бой менен,
Қой кеўлим, қой-қой менен
Кетип баратырман ...

Ҳазм қылмас асым менен,
Мың ғаўғалы басым менен,
Көзде дәртли жасым менен,
Кетип баратырман...

Қурып тур диңкс дәрманым,
Бузалмай ҳақтың пәрманын,
Атаўлап қалды-аў әрманым,
Кетип баратырман...

Ойыма тең емес ой менен,
Бойыма тең емес бой менен,
Қой кеўлим, қой-қой менен,
Кетип баратырман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАН

Әрман уўылжып бир писпедиң,
Қамтәме изиңнен қуўаман,
Ямаса тәрк әйлеп кетпедиң,
Ҳәр бәҳәр қайтадан туўаман.

Өтпес қанжардай гәҳиде,
Көксимди тилкимлеп қыйнайсаң,
Толассыз өрт салып қәлбиме,
Сен мени теңселтип ойнайсаң.

Көксимнен шығарсам бул өртти,
Әлемге от кетер қорқаман,
Сол ушын арқалап мың дәртти,
Көзимниң жасына жуўаман.

Жуўапсыз сезимлер шырқырап,
Қәлбимниң төринде жан берер,
Ийеси пинҳамы зар жылап,
Қәбирине қойыўға гүл терер.

Қаўышпай арзыўлар үмитке;
Теңселер тәғдирлер сан әлўан,
Шарам жоқ, даўасыз бул дәртке,
Бендениң кеўлинде мың әрман...

## СЕНИ

Мен сени өзим жараттым,
Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар етип,
Берип Алпамыстың күш-қуўатын,
Қанаты талмас суңқар етип.

Себеби қумырысқаның инлеўиндей,
Нәкәслық бул дүньяны басып кетти,
Тәк деп айтар, азамат тур көринбей,
Ырыс та, берекет те қашып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта жабыркап жаным менин,
Ылақтым, өтмишиме Байсын таман,
Айралықтан баўырым тилким-тилким,
Алпамысты сағынған Гүлпаршынман.

Елим-ай деп еңирер ер болсын деп,
Көкирегине қуйдым мен намыс-арды,
Көксинде "Ерк" оты оянсын да,
Үзип кетсин деп едим буғаўларды.

Әттең-ай сүрткен ақыл түртпеди,
Қалдаўрап көз алдымда қыйрап қалдың,
Айландың, басыбайлы қул бендеге,
Белине мине алмай, Шубар тайдың.

Зер-зебил тентенемен излеп енди,
Бүгиннен Алакөзди, Шәрьярларды,
Өтмишиң ертек дийип, қыйнар мени,
Бүгиним де мүлгип тур, оянбады...

## ҚӘЛБИМДЕ АЙ, ҚУЯШЫМ КҮЛДИ

Өз халқымның бәрше тәшўиши,
Баўырына тартады мени,
Бүгин алға басқандай иси,
Қәлбимде ай, қуяшым күлди.

Енди, муңлы шертилмес саза,
Майсалар да иймейди басын,
Бир рәҳәт бағыш жаныма,
Саҳраларда төкпес көз жасын.

Қулпырып тур, жаным-жәҳәним,
Үмит шешек атар қәлбимде,
Кеўилимде беккем исеним,
Бир илаҳий қүдирет менде.

Талампайға айланған саҳрам,
Бүгин бәри-бәри меники,
Өз жериме, өзим хожаман,
Мен ҳақыйқый инсан еркли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қум деп азар шекпеймен енди,
Оннан елге ырысқы жаўылар,
Дәрман болып дәртли елиме,
Берекет дарыр, дәрамат ағылар.

Сырт елден де мийман шақырып,
Өзим мезбан боламан енди,
Бар кәнимди алдына жайып,
Базарына саламан енди.

Кең жәҳәнниң дәстүрханында,
Мениң дағы турар нематым,
Теңдейлердиң теңи қасында,
Айтылажақ мениң де атым.

Соның ушын өсип тур кеўлим,
Серпип таслап, ғамлы пердени,
Қыялымда тасып Әмиўим,
Толқынында тербер кемемди.

Талампайға айланған саҳра,
Енди бәри, бәри меники,
Өз жеримде, өзим хожаман
Мен ҳақыйқый инсан еркли.

## О, МУХАББАТ

Қанлы жасым ағар көзимнен,
Безе алмадым өзим-өзимнен,
Өртенемен дәртли сезимнен,
О, мухаббат, мухаббат.

Айтшы бунша неге кешиктиң?,
Аша алмайман саған есикти,
Тек ҳижраның несип етипти,
О, мухаббат, мухаббат.

Сағынышым сарғайып писти,
Миийўелери үзилип түсти,
Мың әндийше жолыңды кести,
О, мухаббат, мухаббат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сезимимди шайкадың әсте,
Жүрегимди әйлединң кәсте,
Енди өмирим өтер кәпесте,
О, мухаббат, мухаббат.

Қара енди көзлеримде жас,
Сүйгениме болалмай сырлас,
Дәртлеримнен ерир кара тас,
О, мухаббат, мухаббат.

Айтшы буншa неге кешиктиң?,
Аша алмайман саған есикти,
Тек ҳижраның несип етипти,
О, мухаббат, мухаббат.

## ТИЛСЕ МЕНИҢ КӨКСИМДИ ТИЛСИН...

Киятырсаң қасында нәрестең,
Меҳириңнен мәс болып еркелер,
Тусымнан өттиң-аў сезбестен,
Қәлбим қыслығып өртенер.

Телмирип қарайман изиңнен,
Руўхым сен таман ентелер,
Ойлайман сен ушын мен киммен?!,
Сол сораў баўрымды тилкелер.

Қайырлап ығбалым кемеси,
Ескексиз, таяўсыз, тубалар,
Кеўлимде сан мың дәрт, сан қайғы,
Жаралы жүректен қан ағар.

Урлаў ма, як гөдек күлкисин,
Баўырында өссин бийқайғы,
Тилсе мениң, көксимди тилсин,
Еки жүзли сезим қанжары.

Сен әллеким кетип баратсаң,
Кеўил қалаң билемен ўайран,
Жазмыш солай екен жаратқан.
Жол ортасы турыппан ҳайран...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛ ДӘРТТИ ИЗЛЕП

Аяман мени, қәлби азар шекти деп,
Болманыз ескексиз кемеме таяў,
Ойламан, журтымнан кәрўан көшти деп,
Сахрада қалды деп, пырағсыз жаяў.

Бул дәртти излеп мен бийпаян шөлде,
Сегбир әйлегенмен зар-гирян болып,
Мейли, өтсин өмирим жапа, жәбирде,
Турсын бирақ қәлбим сағынышқа толып...

Баўрымды сызлатар шийрин қәстелик,
Өмирге қуштарлық оянар оннан,
Сезимим шынжырбәнт, ессиз делбелик,
Үзип кетпегей деп, қорқаман соннан.

Жасамақ не дәркар, күйип жанбасам,
Суў серппен, қәлбимде лаўлаған өртке,
Селтең берме, достым мени аясаң,
Аҳымнан силкинсин, зәмин де, көк те!.

## СОЛ ТЕК ТЕ

Ҳақыйқат қайда деп излейсең,
Инан сен, ол сениң көксиңде,
Ҳәттеки, өзиң де сезбейсең
Илаҳий қудирет бар сенде.

Тутқынман кәўсар суў шәшмеңе,
Қайтпайман, саҳрадан түңилдим,
Өзгеше ҳақыйқат жоқ менде,
Үзилсем өзиң деп үзилдим.

Бул дүнья мен жекке, сен жекке,
Айланыў жоқ, ҳәргиз еккиге,
Бийдаўа, дәртим сең қәлбимде
Ҳақыйқат, ҳақыйқат сол тек те...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САҒАН

Қайдан болсын нәзиклик менде,
Нар көтермес жүгим арқамда,
Теңдей хызмет үй менен дүзге,
Оған қосент бала-шағам да.

Жеткермейди ҳәммеси кемис,
Толықтырыў келмес қолымнан,
Сонша қыйын екен күн-көрис,
Тойдырады гейде жанымнан.

Ырыл-тырыл жасағым келмес,
Сол ушын да көп бақан тирес,
Шыдамайман бир бап желиске,
Өмир сүриў мен ушын гүрес.

## ҲАЯЛ

Әкеңниң үйинде еркелеп өсип,
Гүлзарлар ишинде гүл болып питип,
"Кисиниң бендеси" үйиңнен кетип,
Өзгениң бахтына жаралдың, ҳаял.

Қарамай гәҳиде сениң еркиңе,
Зорлап атып урды, зулмет төрине,
Тас болып батып сен түскен жериңе,
Талайыңа көнип болғансаң, ҳаял.

Ҳижран отлары қәлбиңди дағлап,
Күндизи пинҳамы, ақшам зар жылап,
Ығбалың кемеси қырда қайырлап,
Сен өңмеңлеп алға сүйредиң, ҳаял.

Аңсатпа еңисиў өзге журтларға,
Жаныңды бердиң сен онда жаббарға,
Еleклеп-елеклеп сынға алғанда,
Сен бәйги тулпары болғансаң, ҳаял.

Дүньяның тәшўиши барлығы сенде,
Нар болып көтердиң бәрин еңсеңде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуўырып-жортып батсаң да терге,
Төлеўи жоқ хызмет, сеники; ҳаял.

Нәзик қәд ийилип дал болғанында,
Сүйириктей саўсағың қабарғанында,
Акша жүзиң андыз сарғайғанында,
Султансыз сарайдың кәнизи; ҳаял.

Сен мийримсең меҳирге ташна,
Қәлбиң шөллеген булақ суўына,
Жүзгиң келсе шәпәәт айдынларында,
Ызғырын аяздан қатқансаң; ҳаял.

Бәрше жүкти тeңеп артып желкеңе,
Сени нәзик емес дейди, бүгинде,
Табалмай меҳриңе жуўап меҳирди,
Инкар болғанынды сезер ме; ҳаял,.

Өз отында өзиң пинҳам қуўрылып,
Көзиң жасларыңнан дастық жуўылып,
Ышқы гүлзарынан бийўақ қуўылып,
Қәлбиң жаўрағанын сеземе; ҳаял.

Ессе де көзиңнен ҳәсирет түтини,
Аҳыңнан тоймады жердиң сүтини,
Кеўлиң мың сан қурақ сырты пүтиним,
Өтмиш, келешегим, бүгиним; ҳаял!.

## ҮНСИЗЛИК

Қыслығып асаў қәлбим,
Сыймай тур ханасына,
Әрманым, үмитлерим,
Туншығар көз жасыма.

Жаўрап жаным-тәним,
Сағынар әптабынды,
Айралық тутып зәрин,
Тердирдиң тасларынды.

Үнсизлик қыйнар мени,
Билмедим муддәҳәң не?
Өкшелер гүман енди,
Умытып кеттиң бе, әлле?

Сырласым қағаз енди,
Қәлбимде дәртли сезим,
Айыплаў яқ, яқ, сени,
Гүнакар тек те өзим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕНДЕМЕН

Тәним сезбес нәрселерди,
Жаным менен сезинип,
Айыплама жаным мени,
Кеттим сеннен безинип.

Арзымайман сап ышқына,
Мен өткинши нөсермен,
Енсемдағы руўхына,
Жайғаспайман. Кетемен...

Гүнаң жок-аў алдымда ҳеш,
Жазығың тек сүйгениң,
Қой еглеме, еглеме ҳеш,
Жетер сонша күйгениң.

Сезимлердиң жылаўында,
Мен бир дәрўиш, делбемен,
Жуўап жоқ, мың саўалыңа,
Кешир мен де бендемен.

## ЕЛДИҢ ҲӘКИМИ

Отаў тигип бөлек шықса баласы,
Неге енди қуўанбасын атасы,
Бола алмаса ели-журттың ағасы,
Неге керек бизге елдиң ҳәкими.

Ел ғамында жана алмаса жүреги,
Сезинбесе халқына не керегиң,
Бола алмаса толы журттың тиреги,
Неге керек бизге елдиң ҳәкими.

Бөле алмаса халқының тең ырысын,
Ҳә, дегеннен буза берсе шырышын,
Қорғамаса ул-қызының намысын,
Неге керек бизге елдиң ҳәкими.

Тамырында аққан ол кимниң қаны,
Геўденде лүпилдер ол кимниң жаны,
Ғәрезли, ерксиз бастың аманы,
Неге керек бизге елдиң ҳәкими.

*1989-жыл*

## ТОҚТАП ТУР

Тәғдир даўыл, мен қаңбақ,
Сарсаң етти-аў аямай,
Мен бир балық, ел қармақ,
Түстим найлаж қарына-ай.

Бенде болып гүйбенип,
Биймақсет өткен күнлерим,
Мақлуқ киби күн көрип,
Уйқыда өткен түнлерим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүналайман өзимди,
Түн пердесин тилмеген,
Кеш ашыппан көзимди,
Жарықлық ҳеш көрмеген.

Кешигиппен бәринен,
Бәҳәр өтти, жаз кетти,
Жапырағы саў-саў төгилип,
Қазан жетти, гүз жетти.

Ал оннан соң қыс келер,
Аязы тилип көксимди,
Айдын музлап, қус кетер,
Тәрк әйлеп, кеўил көшкимди.

Ҳәй, ҳәй ўақыт токтап тур,
Көшериңде айлан ба,
Онысыз да мен пақыр,
Қусайман кеш қалғанға...

Айталмаған сөзим көп,
Токта, жырлап қалайын,
Тозбаған менде төзим көп,
Бәрин пыт-шыт қылайын.

Бийпәрўа баққан көзимнен,
Енди көз жас төгейин,
Безип өзим-өзимнен,
Шынжырды теўип үзейин.

## ӘЙ, ӘЗИЗ АДАМЛАР

Әй, әзиз адамлар, өзлериңизге
Жақсы сөзлер айттым, жақсы сөз күттим,
Жыласаңыз жылап, күлсеңиз күлдим,
Сиз жүрген жолларға лала гүл ектим.

Берерим көп жүдә, мен еле жаспан,
Басымда көп мениң әрман ҳәм ойлар,
Қолымнан келмести күтпеңиз ҳаслан,
Ҳәр ким бойы жеткен тереңге бойлар.

## СЕНСИЗ

Сенсиз бардым талай ортаға,
Көрсетилди сый ҳәм ҳүрметлер,
Күлким, сөзим бәри жортаға,
Көз алдыма келбетиң келер.

Керек емес жалған иззети,
Жаным текте сени күсеймен,
Ким сезеди кеўлимде дәртти,
Иштен жанып, иштен түтеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосық сазлар шертилип атыр,
Еситпейди қулағым хәргиз,
Бунының бәри маған қампәтир,
Отырарман кулазып сенсиз.

Сенсиз, сенсиз, сенсиз...

## ДУМАНЛЫ

Арзыў-үмит тәрк әйлеп,
Кеўлимди ойран етти,
Әрман атаўлар зар еңиреп,
Көтере алмай бул дәртти.

Қәлбимде яр хәсирети,
Силкинер зәмин наламнан,
Аспан хәм баўырын сөтти,
Ялғаншы-ай, ах ялған...

Күн тутылды ай уялып,
Көрмейин деп ғурбетти,
Дүньяны топан суў алып,
Гүлзарыма өрт кетти.

Арзыўымды қыймайман,
Ах, дүнья-ай әрманлы,
Жойтылған соң шар айнам,
Енди бәри думанлы.

Арзыў үмит тәрк әйлеп,
Кеўлимди ўайран етти,
Әрман атаўлар зар еңиреп,
Көтере алмай бул дәртти.

## КЕТСИН... ЖАҚСЫҒА САДАҒА

Халқын ерткен соңына
Алпамыс, Шәрьяр жолына,
Қарамаң оңлы-солына,
Кетсин... Баршынлар садаға.

Елим деп еңирер батырға,
Бир өзи мыңға татырға,
Жармасына ас қатыўға,
Кетсин ....сәрўилер садаға.

Әжинияз киби сөзлери,
Дүньяда тәнхә өзлери,
Халқымның қарар көзлери,
Шайырға мың қыз садаға.

Суў түбинде гәўҳарыма,
Көзи қара қунқарыма,
Алғыр базым, суңқарыма,
Кетсин.... ләйлилер садаға.

Ғарға менен қузғынға,
Елди бузған бузғынға,
Жемтик болғанша азғынға"
Кетсин..... жақсыға садаға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОРАБЛЬЛЕР ҚАЛҒАН ҚЫРДА ҚАЙЫРЛАП

Минберден турып ел дәртин сөйлер,
Өзгеге уктырмақ, болып жапалым,
Бийпәрўа аламан, ерине еснер,
Өз дәртиң өзинде, шырқырар жаның.

Азаға келгенде өз дәртин айтып,
Жылаўға үн қосқан азакеш янлы,
Өзиниң дебдиўин босатып қайтып,
Орынлар жазылмас тәбийий заңды.

Музейге келгендей тамашагөй боп,
Сүўретке алады, сениң дәртиңди,
Қанша келди олар, еле келер көп,
Үзип кетпегей тек үмитлериңди.

Теңиз толқынлары аяғын жалап;
"Үш сай" портында бир ҳаял турар;
Кишкене қызалақ-аға-ағалап,
Корабль таман ынтығып қарар.

Ол пайыт айланған жансыз сүўретке
Музейдиң диййўалын турыпты безеп,
Буннан отыз жыл бурын...Түсиндирмекте,
Мойнақшы ағайын, иштен еңиреп.

Теңиз жағасынан қашар ылағып,
Корабльлер қалған қырда қайырлап,
Мазари Шәрипте баўырым қан жылап,
Темир-терсеклерди жүрмен аралап.

## ӘҲ, ҚУДА

Келдим сени деп бул бағқа умыттым өзимди-өзим
Есимнен айырды, қәлбимди өртеген сол отлы сезим,
Ара жақын, кеўил жақын ушырасыў пинхам,
Оҳ, сабыр кесасы сынажақ, таўсылды төзим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынла сен, кеўлимде соншама аҳыў-пығанды,
Сенсиз маған бул дүнья көзлериме қараңғы,
Акылымды, есимди, өзимди бийлеп алғанша,
Жанымды алсаңо, фәниден кетейин мен әрманлы.

Себеби, бул дүнья ишинде сен жоқсаң маған,
Мен де бир өткинши түс болып енермен саған,
Әх куда, сүйиўдей бахытты инам еттиң сен,
Мейли сүйилмейин, күйейин саған ырзаман.

## СҮЙГЕНИҢ БИЙКАР

Шын берилип, ықлас пенен сүймесең,
Кеўлиң қәлеп сәўбетлесип жүрмесең,
Ярыңның кеўлинде не бар билмесең,
Бул дүньяға енди келгениң бийкар.

Ынтығып, сағынып ҳижран дағында,
Сарғайып күтпесең сапар шағында,
Күн болып күлмесең көрген ўағында,
Бирге турмыс қурып жүргениң бийкар.

Ҳүрмет, иззет пенен оны сыйламай,
Асығыс ис етсең соңын ойламай,
Турмыс теңизине терең бойламай,
Кеўил қалдырсаңыз сүйгениң бийкар.

Мухаббатсыз өмир мисли зиндандай,
Кеўил сарайыңа қулып урғандай,
Бағда шәменлерди қыраў шалғандай,
Ышқысыз, дүньяға келгениң бийкар.

Өзге шәменлерде ашылса гүлиң,
Тәғдир басқа салса айралық жүгин,
Сенде бир бағсаң жойтқан бүлбилин,
Сүйдим деп сағынып жүргениң бийкар.

Сүйген кеўиллерге болың тилеклес,
Бириси ай янлы, бири күн теклес,
Тәғдир соқпағында бирге жетелес,
Өйтпесең яр болып жүргениң бийкар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗГЕ ДҮНЬЯДА ДА....

Түсимде мен дүньядан өтип,
О дүньяға сапар шегиппен,
Ал биракта алжасып кетип,
Өзге бир дүньяға түсиппен.

Бул дүнья қай дүнья ақылым хайран,
Бунда я қуда бар, я әзирейлиң,
Гүна, сауап иси жоқ тәрезибан;
Қәле дозақ, бейиш өзиңниң еркиң.

Бунда ышқы да жоқ, мухаббет те жоқ
Бир сезим қудирет аты белгисиз,
Жақсылық, жаманлық, мүриўбет те жоқ,
Ал кеўил дәрьядай телегей теңиз.

Гәҳиде безигип өзим-өзимнен,
О дүнья, бу дүнья бәри ялған деп,
Таўсылсам шыдамым кетип төзимнен,
Жойытқан жоғым да, бәри усы екен,

Өзге дүнья белгисиз сезими менен,
Бул қәлбим өртенер, әзелий нала,
Сағынып сахраны даўылы менен,
Ўә әжеп, кеўлимде тербелер лала.

О дүнья, бу дүнья өзге бир дүнья,
Бәри де бир гөр деп сениң алдында,
Айланып жисмимде бир әжеп нурға,
Оянып кетиппен, таңның алдында.

## ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ БЕНЕН РУЎХЫЙ СӘЎБЕТ

***Алакөз***

Руўхымда қозғалаң жүрегимде дәрт,
Бир сатқын оғынан қәлбим жаралы,
Мен көтерген туўды тиклер қайсы мәрт;
Қаякта елимниң мәртлик ураны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нешше жыл саңыраў болды қулағым,
Еситпей ел деген ердиң сөзлерин;
Халқым-ай қайерде сениң улларың,
Ғәплет уйқысында мүлгир көзлериң.

## МЕН:

Бабажан оянды халқың бүгинде,
Руўхында басланды жанлы қозғалаң,
Қорған салмасақта молла пиримге,
Сыйырып тасланды пердели думан.

Сыртыңнан оқ атқан сатқын бийлердиң
Зуряды еле де үстин болмақшы,
Ойламай ығбалын, бахтын елиниң
Ҳүжданы еркине буғаў салмақшы.

Бабажан руўхың қолласын бизди,
Бул истен қайтпаймыз гелле кетсе де,
Ҳәр демде сыйынып еслеймиз сизди,
Айланып суверенли, ерк елине.

*1989-жыл*

## НАЛЫШ

Сахрада адасқан жалғыз жолаўшы,
Сууға мүтәжлиги болып сүйдим мен,
Симирип, симирип мийрим қанбады,
Ҳижран отына жанып-күйдим мен.

Әҳ, сол бир кешигип тутанған сезим,
Туншығып, туншығып қәлбимде жанды,
Оны көре алмай қалған күнлерим,
Уйқысыз атқардым бир неше таңды.

Мен оны сүйиппен көзсиз гүбелек,
Өзин билмей отқа урғаны яңлы,
Ол инсан сезимсиз екен тас жүрек,
Дағы жүрегимде мәңгиге қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУРЫППАН

Поскан ел, зар-гирян болып поскан ел,
Тәғдир ырысқысын шашаў шашқан ел,
Болмаған төрт көзи әзелден түўел,
Теңизден тамшыдай келип турыппан.

Излеп таппай, өтмишимниң дәрегин,
Қайда ата мәкан, бизлер өзи ким?!,
Тарийхымызды да жазып әлле ким.
Басыңа муңайып келип турыппан.

Жийен Түркистанға кеткен деп қайтып,
"Хош болың дослар" ды муңайып айтып,
Қәбириң табылып, ғайыптан тайып,
Ҳайрана, қуўанып келип турыппан.

Қайсы бири екен, билмей ырасын,
Үйренип ҳәр қыйлы пикир таласын,
Ҳәр ким бир тырналап қәлбим жарасын,
Ҳайранлық отында жанып турыппан.

Оразан, Маман бий, Ерназар батыр,
Қайда қәбирлери, каяқта жатыр,
Ҳәр ким, ҳәр нәрсени жойбарлап атыр,
Кимге исенерим билмей турыппан.

Адам қәдири дейип ўазлар оқыған,
Епке келсе оның көзин шоқыған,
Бахытлы заман деп шөпшек тоқыған,
Жақын өтмишимнен келип турыппан.

Руўхым шөллеген сенлик меҳирге,
Замана қызыман Минайым мен де,
Дос бола алмадым, сиздей Жийенге,
Сол ушын еңиреп жылап турыппан.

Поскан ел, зар-гирян болып поскан ел,
Тәғдир ырысқысын шашаў шашқан ел,
Енди-ақ төрт көзи болғай да туўел,
Сизди еслеп ҳәм де тилеп турыппан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЯЗДЫ АЯЗ АЛАР

Таўлардан қайтпас,
Жаўлардан қайтпас,
Жүрегим,
Соншама ер көкирегим;
сенин алдында,
қалтырап тур.
Көзлерим мехриңди аңсап;
Жаўдырап тур.
Ал сен муз қурсанып
тоңдырасаң.
ақылымнан аздырасаң
Сонда да;
Безбеймен....
Ҳәтте жәбириңди де
сезбеймен...

Себеби...
Мен ҳәм талайды
тоңдырғанман,-
жолымда делбе етип
есинен тандырғанман...
Өзиме мехирден
безингенмен,
Мениң де мехримниң
кимгедур керегин
сезингенмен.
Бийпәрўа болып қал,
сам-саз қәлпиңди сүйейин,
қәлбиме дәрт сал;
Мен де өртенип—күйейин
Себеби, аязды аяз алар...

## ГҮНАЛЫ ӨЗИМ

Қулағым еситпес, меңиреў бул басым,
Дүнья тәшўишлерде жойтты баҳасын,
Тәғдир маған шағып гүлдирмамасын,
Есимнен айырды, гүналы сезим.

Басымды урдым мен тәғдир тасына,
Бул пәлек қарамай көзде жасыма,
Күйдирмес буншелли түскен жасын да,
Есимнен айырды гүналы сезим.

Изҳар әйлеп сезимин көзден панада,
Көпшилик алдында ол бир бийгана,
Қәлби сызлар ма екен, мен де гүмана
Есимнен айырды, гүналы сезим.

От тийсин онындай пинҳам гүлзарға,
Изеп баса көрмең бурыў жолларға,
Гириптар болмаңыз ондай ҳалларға,
Есиңнен айырылма, гүнакар өзиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАРШЫНЛАР ЖАТ КЕТСЕ

Енди Байсарылар көшсе қалмаққа,
Баршынлар туткын боп қалса сол жақта,
Мәртлер табылама излеп бармаққа,
Алпамыс, қайдасаң ким излер оны?!,

Өзимде, жерим де жаралы қәсте,
Руўхым зар-гирян торлы қәпесте,
Қанлы жас көзимнен сорғалар тек те,
Баршынлар жат кетсе, ким излер енди.

Дузлы суў, шор жерде сорлап ығбалым,
Арыслан тулғалы уғлан туўмадым,
Туўғаным он төртте жылап жер нанын,
Баршынлар жат кетсе, ким излер енди.

Он төртте мине алмас, шубар белине,
Сегбир тарта алмас, қалмақ елине,
Семсер тута алмас, нәзик әлинде,
Баршынлар жат кетсе, ким излер енди.

Өзим де жерим де жаралы қәсте,
Руўхым зар-гирян, торлы қәпесте,
Қанлы жас сорғалар көзимнен тек те,
Баршынлар жат кетсе, ким излер енди.

## ОТЫМНЫҢ БАСЫ

Енип көрдим өзге дүнья ишре де,
Түўел емес, бәри бирде кемисим,
Әрман тийеп ығбал атлы кемемде,
Ҳазм қылмай, бий несийбе жемисин.

Көз жаслардан топан суўлар тасқыны,
Бул жердеги сарай түбин суў алған,
Ошақ қасы, от басының посқыны,
Бунда ел жоқ, тек те бассыз аламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аманатдур сарайы да, тахты да,
Тенселип тур, нала- пыған дэстинен,
Жалған жапасы да, жалған бахты да,
Ялғаншы ҳүкимдар, ҳақтың үстинен.

Безиндим ялғаншы өзге дүньядан,
Ҳақыйқый жәннетдур отымның басы,
Бәнтле әзелиме, әй қәдир қудам,
Тахтым да, бахтым да ошақтың қасы.

## УСЫННАН ӨЗГЕ

Әдалат урығын сепким келип мен,
Жүрегим еңиресе елдиң дәртинен,
Ҳақыйқат ураным, тик бақсам көзге,
Өзге күтерим жоқ, мына өмирден.

Исим менен сөзим шыға алса бирге,
Хызметим пайдасы тийе алса елге
Басқаша сыйларды күтпеймен ҳәргиз,
Өйтпесем не ушын келдим өмирге.

Ышқының отынан ыңыранса қәлбим,
Сағыныш, айралық баўрымды тилсе,
Ырзаман, сүйсе ҳәм сүйилсе кеўлим,
Әҳ өмирим, не керек усыннан өзге...

## ПОСҚАН ЕЛДИ ОҚЫП

Еспе қум, уйтқыған, ала- сапыран,
Ески журт, ентелеп бир көш киятыр,
Жандалбас алдында жүйткип бир қулан,
Көзлери жаўдырап жылап баратыр.

Бул көштиң қолында не бар қобызы,
Шайыры қәлемсиз қосық пите алмас,
Жүзлери запыран дөнбес қырмызы,
Шөллесе суўсын да таўып ише алмас.

Тоғайы, теңизи, дәрья- көлаты,
Ата-баба қоныс басқан елаты,
Себил қалып бәри, болмай мураты,
Еспе қум, арасы бир көш баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анда да шегара, мында шегара,
Барар жер, басар таў болып гүмана,
Өз елинде өзи әй-ҳәй дийўана,
Ғамгүзар, ҳайрана бир көш баратыр.

Бул рет шаппаған қоңсының ханы,
Өз дәрти өзинде, шырқырап жаны,
Жазалап тәбият, жәмийет заңы,
Еспе қум арасы бир көш баратыр.

## САҒЫНДЫМ

Бир үйде өсиппиз жети палапан,
Бирдей меҳир алып ата-анадан,
Өзгеше бир дүнья ҳәзир қарасам,
Бийғубар балалық гезди сағындым.

Ағам қайтар еди жумыстан шаршап,
Еркелик етер-ек, қабағын бақлап,
Ҳәм қара қуманда шайы да қайнап,
Бәримиз жәм болған гезди сағындым.

Жамаў көйлек кийип анам ийнине,
Жетсин деп баллардың ишип жеўине,
Шыдам берип сонша турмыс жүгине,
Бир уяда өскен гезди сағындым.

Бизлер татыў едик, жүдә меҳрибан,
Жесек те қара нан, ишсек те айран,
Бул күнде суўыппыз ақылым ҳайран,
Меҳир толы көзлериңди сағындым.

Көз алдымнан кетпес әке дийдары,
Ол сонындай инсан еди жайдары,
Меҳиргада болып ул ҳәм қызлары,
Әкежан, өзиңди жүдә сағындым.

Сенде екен ҳаслы-ырыс берекет,
Қарағым келе-ғой, барын алып кет,
Турмыс соқпағында туўры болып өт,
Деген сөзлериңди жүдә сағындым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жети жақта үй болып бассақ та мәкан,
Туўылғанбыз умытпаң, жалғыз анадан,
Аяманң меҳириңди меҳиргадаман,
Маңлайдан сыйпаған қолды сағындым.

Турмыс қыйын екен жүдә қыйнайды,
Гейде хабар алар ҳалым болмайды,
Бирақ сизлерди деп меҳрим таўлайды,
Бәриңди-бәриңди жүдә сағындым.

## ЯЛҒАН

Фанидур ҳешнәрсе илаҳий емес,
Гәўҳар излемеймен суў түбинен де,
Қәлбимди сағыныш, муң ҳәм өртемес,
Ҳәттеки умытып кеттим сени де.

Мен бүгин ҳайранман кешеги күнге,
Биймәни түйилип күлкимди қыстар,
"Пайғамбар" "Қудасы", жәмиси бенде,
Кеўил айдынымды тәрк етти куслар.....

Тахт...., таж, қағанат бәршеси ялған,
Излеп мың сарсан болмайман, сездим,
Тәрки дүнья екен, ким үстин болған,
Руўхым тентене, мен ҳәм бездим.

## БУНШАМА ҚОСЫҒЫҢ ЗАРЛЫ ДЕП...

Бушама көзлериң муңлы деп,
Сорап сен, әзийзим, нетесең,
Бул әлем шегип тур ҳәсирет,
Қалайша бийпәрўа өтерсең.

Қосығың буншама зарлы деп,
Гүналап әзийзим кәйтесең,
Инсаният кәлбинде сонша дәрт,
Көз жумып қалайша кетесең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болжап сен алдыңды узаққа,
Исенип, дүзип көр жойбарды,
Жеткиншек келешек әўладқа
Бизлерден айтшы өзи не қалды?!.

Алдыма қарасам тунғыйық,
Бәҳәрде-ақ суўқаттым дилдиреп,
Ескексиз дарғасыз бир қайық,
Көл иши бағдарсыз тентирер.

Саратан әптабын сағынып,
Жазда-ақ қуўраса гүллерин,
Дузлы шаң, ҳәйкелин тағынып,
Запыран әйлесе жүзлериң.

Баяғы бағлардың сәни жоқ,
Сып-сыйдам жапырағы төгилер,
Қалайша кеўилим болсын тоқ,
Қабырғам қайысып сөгилер.

Есиктиң алдында шабдалы,
Сырғып гүлледи-әй бийшара,
Ақ шыбын, жапырағы саўлады,
Бүгинде сып-сыйдам не шара?!.

Бәҳәрде дән салсаң жериңе,
Үмит жоқ гүзекте ҳасылға,
Сарғайып, солады бир демде,
Дөнбейди алабың жасылға

Жүрегим толы ғой дәртлерге,
Бийпарўа бол деме, нетесең,
Өзи де, жери де дәртли елде,
Қалайша бийдәрт боп өтерсең.

Бар жүги мойнымда әлемниң,
Сөкпе сен қосығың зарлы деп,
Беземен, бийпәрўа бәршеден...
Ел ушын турмаса еңиреп...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУРАДЫҢ ҲАСЫЛ

Әйдарха тосқаўыл менлик булаққа,
Шөллеген биледи, суўсызлық зарын,
Әй сахра, аяўсыз меңиреў сахра,
Қаякта?! Пәкизе гүл алапларым.

Аядың саҳрамнан нөсеринди де,
Шәшмемниң көзлери қашшан-ақ батыл,
Енди оған қоса жерле мени де,
Сөйт те бола қойсын мурадың ҳасыл.

## АҚЫЛ-ҲУЎШЫМ ЛАЛ

Ким айтады өмир мазмунсыз дейип,
Өзиңниң қолында оның тәғдири,
Жасасаң мухаббат ышқында күйип,
Қәлбинде туўылыўў болар ҳәр күни.

Сүйе билсең сахрада, аңызақ желде,
Өзгеше көринер бәри дым гөззал,
Сөз таппай ентигип, оны теңеўге,
Соншелли қудирет, ақыл-хуўшым лал.

## СЕНИҢ АЛДЫҢДА

Қанат байлап илҳам қусыма,
Талпынаман саған асыға,
Ерк берип көзде жасыма,
Шағынаман сениң алдыңда.

Пикирлейсең мениң өзимдей,
Сөзлериң де мениң сөзимдей,
Ара жигим кетер билинбей,
Нәрестемен сениң алдыңда.

Мойынлаўға қорқаман өзим,
Жүрегимде бир әжеп сезим,
Тар қәпесте таўыстым төзим,
Ушқым келер сениң алдыңда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЯҚ, МЕН СЕНИ...

Билемен, кеўлиңдемен,
Излейсең мени хәр күн,
Пинхамы дәрт шегерсең,
Түсиңде көрип хәр түн.

Ушқын кеп қанат қомлап,
Торыңа урыларсаң,
Бул истиң соңын ойлап,
Ҳижранда куўырыларсаң.

Кеўилсиз күнлериңди,
Еңсеңе қағып салып,
Ҳәр демде еслеп мени,
Ышқымда жүрсең жанып.

Бийпрўа самсаз қәлпиң,
Сездргиң келмес өзиң,
Сағыып сызлар қәлбиң,
Сөйлп тур бәрин көзиң.

Сол ушын гүнам да жоқ,
Бәри де тән аламан,
Көксимде жанып бир шоқ,
Мен әм куўырыларман.

Шарам жоқ, ығбал солай,
Қәлбиңе жерле мени,
Бақпаңы бизге талай,
Яқ, мн сени...

## ЕЛИМ ДЕП ЕҢИРЕМЕСЕҢ

Басшы болып жүрсиз неге,
Ел ушын еңиремеең,
Айтар сөз ийни кесе,
Дурысын сөйлемеең.

Не керек қызыл сөзиң,
Ол бизге ас болама?
Дурыслы жоқ бирисиң,
Ўәденди шаймалама.

Ис билер көп азамат,
Шыға алмай жүр минберге,
Қәнекей жолды босат,
Алдында турсаң неге?

Дүньяны суў алса да,
Үйректей саған бир пул,
Қалтаңа пул толғаңа,
Кеўлиңде ашылар гүл.

Басшы боп жүрсиз неге,
Ел ушын еңиремесең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтар сөз ийни келсе,
Дурысын сөйлемесең.

*1989-жыл*

## ҲАЯЛ СҮЙСЕ...

Ойламаңлар ҳаял нәзик екен деп,
Қараман оларға сизлер төменнен,
Кеўилин жаўлайды жалғыз сезим тек,
Жаратқан ҳаялды меҳир төзимнен.

Ҳаял қәлбинде лаўласа жалын,
Өртейди жаныңды, жисмиң ара,
Умытар өзлигин әлемде барын,
Сен ушын айланар бийшара қулға.

Қәле жумса оны Барсакелмеске,
Сен ушын кетеди ҳәм келер аман,
Қылаплық әйлеме, сезимге тек те,
Ҳаялдың ықласы бәринен жаман.

## БИР ӨЗИМ

Өз үйимде өзим патшаман,
Бар ўәзирим, муләзимлерим,
Олар ушын мен бар тәнҳа жан,
Көкте жулдыз, ай да бир өзим.

Салқын сарай, салыўлы төсек,
Бағым толы мийўе муддасыл,
Бәри баржай жанға не керек,
Бунда мийрим-шәпәәт ҳасыл.

Ханлық тахт, сарай бәри де,
Жубатпайды дәртли кеўлимди,
Қәлбимде өрт, сол жалын ишре,
Ах ураман, излепдур кимди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМЗАТҚА КЕЛТИРМЕ НУҚСАН

Алжас басқан сол бир қәдемиң,
Алжастырар сени жолыңнан,
Ҳақыйқатлық болсын тирегиң,
Көлеңкениң қуўма соңынан.

Сен отырсаң жалған иззетте,
Күтер сени үйде қостарың,
Жоламағыл жалған үлпетке,
Күтер ҳәтте сени досларың.

Күтер сени ҳәм де нәрестең,
Уйқысызлық көзлери талар,
Көз жасларын ҳеш төгекөрмең,
Жаманлықты сезбесин олар.

## СЕН КЕЛЕСЕҢ

Сонша жыл күттим, ҳижран, шыдадым,
Ҳаққа сыйындым, үн-түнсиз жыладым,
Таў-тасқа урылдым, қузға қуладым,
Гүдер үзгеним жоқ, сен келесең....

Күйдирди саҳраның отлы ҳәўири,
Қәҳәрли қыслардың ызғырық дөли,
Төздим мен қысса да саратан шөли,
Исендим, Гүлзар боп сен келесең.

Узақ таң отырдым уйқысыз ояў,
Әрманым пыраған ат, ал мен жаяў,
Исеним үзилген үмитке жалғаў,
Ийманым кәмил, сен келесең...

Ийе алмады қәддимди қылыш семсерлер,
Тәғдир көригинде мени кепсерлер,
Кәлбимди жаўратты не бир нөсерлер,
Исендим бәҳәрим, сен келесең...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрмедим ҳуснинди кәдди бойынды,
Таппайман қыяслап теңи-тайынды,
Қайдасаң? Билмедим мәкан жайынды,
Сонда да күтемен, сен келесең...

## АҒАЛАРЫМА

Сеземен жүгиң аўыр,
Ел ғамы мойныңызда,
Сол ушын арқаң жаўыр,
Бәрше ис ойыңызда.

Базыда тубалап қап,
Жол таппай сарсыларсыз,
Қай бири дейсиз аңсат,
Халқыма намыс- арсыз.

Аз санлы мәрт халқымның;
Сизлер-ғо қарасығы,
Биз киби муңлылардың,
Мақтаныш, жарасығы.

Өз қайғың былай қалып,
Өзгеге қайысасаң,
Дәртинди ишке салып,
Ингендей майысасаң.

Базыда бопса етип,
Ағаларым; өкпелеймен,
Журмениз ашыў етип,
Сизлерге еркелеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕ ДӘРКАР

Сунқарға жарасар тек те пәрўазы,
Қанаты қыйық қус кимге не дәркар,
Өзинен шықпаған өзиниң хаўазы,
Аспаный шайырлар елге не дәркар?

Той өткен соң елге қаққан даңғара,
Кешиккен жаршылар енди не дәркар,
Майданды бос таслап қашқан заңғарға,
Ис өткеннен кейин жаза не дәркар?

Аңғысын аңлап, тыңғысын тыңлаған,
Топ тарқаған соңғы дана не дәркар,
Пайыт келгенде ел бирлиги болмаған,
"Пайғамбар", "қуда" лар бизге не дәркар?

"Жаў кеткен соң қылышыңды тасқа шап",
Бос майданға батыр енди не дәркар,
Ҳақлайық, қолға услап тезек қап,
Ерксиз қул басқа иске не дәркар?

## ӘПИЎ ЕТ, МУҲАББЕТ ...

Енди келмесиңди билсем де қайтып,
Руўхыңды яд етемен муңайтып,
Шақыра беремен атыңды айтып,
Әпиў ет мухаббет...

Он жети бәҳәрмен, қыршын қыйылған,
Гүллемей-ақ ғумшасында жулынған,
Сонда сен бе единң қоса қарылған,
Әпиў ет мухаббет...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәлбимде хәр бәхәр ғумша байлайман,
Хәм сол пайыт және сени ойлайман,
Өзимди хәм сени бийкар қыйнайман,
Әпиў ет мухаббет...

Ол дүнья, бул дүнья сен жоқсаң маған,
"Ким менен қарайсам" бендемен соған,
Қәйтейин сонда хәм ашықпан саған,
Әпиў ет мухаббет...

Енди келмесинди билсем де қайтып,
Рууҳынды яд етемен муңайтып,
Шақыра беремен атынды айтып,
Әпиў ет мухаббет...

## ЫҒБАЛ ИНАМ ЕТ

Әй қуда, мен саған налыш етпейин,
Хәсирет шегип көз жасымды төкпейин,
Исиңе шек келтирип хәси кетпейин,
Халқыма инам ет мехир-ақыбет.

Өз елимде мүсәпир боп жүрмейин,
Өз теңиме азат басым иймейин,
Намыс қысып тирилей мен өлмейин,
Халқыма боз орда, тахт инам ет.

Сахрама суў келтир, бағы-бостан бер,
Қалың тоғайлар бер, тауы-тас хәм бер,
Қудай шеберме, я қуркылтай шебер,
Жаратқан жан ийем, мийрим-шәпәәт ет.

Жигитлерге жолбарыстай жүрек бер,
Ар-намыс бер, тоқпақтайын билек бер,
Дәстурханы толы жемис, шөрек бер,
Қызларға хүсн, ақыл, ийбе инам ет.

Елим тоқ болса хәм кеўли шад болса,
Әмиўим тасыса, теңизим толса,
Өкпеле сонда хәм ахыў-зар қылсам,
Басқа не айтайын, ығбал инам ет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚӘЛБИҢИЗДЕ ҚАЛҒЫМ КЕЛЕДИ

Харун-ар Рашид болып ҳәр күни,
Кең саҳрамды гезгим келеди,
Бар ма жарты, сынық, пүтини,
Ҳал-жағдайын билгим келеди.

Көп-аў жетим менен жесири,
Маңлайынан сүйгим келеди,
Ғәзийнемде не барым болса,
Үлестирип бергим келеди.

Жәбирлиниң билип жапасын,
Тәрепинде турғым келеди,
Мың дәртлиниң таўып даўасын,
Қәстеге ем болғым келеди.

Дәстурханға ырыс-берекет,
Мол-көлшилик бергим келеди,
Ашкөзлерге сабыр, қәнәәт,
Ҳүждан болып енгим келеди.

Көзлилерге болып шамшырақ,
Кең жәҳәнди көргим келеди,
Таў қопарып мисли Фарҳад,
Саҳрама суў бергим келеди.

Батырлардың қылыш, саўыты,
Көксинде ар болғым келеди,
Ел басына күн туўған пайты,
Мен ҳәм атқа мингим келеди.

Қыз жүзинде уят ҳәм ийбе,
Мың әндийше болғым келеди,
Жигитлерге бийик мәртебе,
Бақ қусы боп қонғым келеди.

Киммен өзим? Қайдан шығысым ?!
Бәрин, бәрин билгим келеди,
Дәўирлердиң тыңлап тынысын,
Излеримди көргим келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не көрсем хәм нени еситсем,
Бәрин хатқа салғым келеди,
Қосық болып кирип есиктен,
Араңызда қалғым келеди.

## ЖЕККЕ ҚАЛДЫРЫҢ

Қыял атаўында жекке қалдырың,
Ол жерге әрманнан қала салайын,
Ҳәм сол жерде мени умыт қалдырың,
Өз кеўлиме өзим хәким болайын...

Жеккелик қойнында маржан дизейин,
Сөзден кесте тоқыў әрман, тилегим,
Ҳәсиретимди ақ қағазға төгейин,
Дәртим аўыр, көтере алмас жүрегим.

Көп қосығым туўылмай-ақ жан берди,
Көбисиниң толғағында жүриппен,
Дәртимди өзимнен өзге ким сезди,
Ўақ дариғ, дүньяға бийўақ келиппен...

## МУХАББЕТ ҚӘЛБИМДИ ТӘРК ЕТПЕСИН

Қәлбимде хәр бәҳәр ғумша гүлледи,
Кимниңдур интизар баққан көзинен,
Сезимим қытықлап бағқа кир деди,
Мен хәм кимниңдур бақтым изинен.

Билмедим қаншама рет қәлбимде,
Туўылыў, мухаббет паслы болғанын,
Мен ашық болғанман өзи ким-кимге,
Кимлерге тарттырдым зарын ҳижранның.

Билмедим, билмедим, еле билмеймен,
Қашан сезимимниң селт етпесин,
Мен алладан тек мынаны тилеймен,
Мухаббет қәлбимди тәрк етпесин...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘРТ ТОЛЫ ҚОСЫҒЫМДЫ...

Сен мениң кеўлимде,
Даўасыз дәртим болдың,
Сарсылттың күнлеримди,
Сарғайып гүлдей солдым.

Күйгеннен күй шығады,
Қосығым өзиң болдың,
Дәртимди ким уғады,
Таўсылмас сөзим болдың.

Хәсиреттен сөгилдим мен,
Таппадым жүй-жүйимди,
Алдыңда төгилдим мен,
Сезинбей ҳал-күйимди.

Таппайын даўа сеннен,
Алшы етпе асығымды,
Қызған ба тек те меннен,
Дәрт толы қосығымды...

## ШАРАП ТОЛЫ ҚАДАҚЛАР СЫНҒАН...

Ҳарғын ғана қәдем таслайман,
Суў серпкендей хәўирим басылған,
Үмитсизлик. Есик ашпайман,
Саған барар жолым тосылған.

Есигиңниң алдында турман,
Тутқаларын сыйпалар көзим,
Ишке ениў азаплы әрман,
Өмиримниң мазмуны өзиң...

Умытылған баяғы демлер,
Шарап толы қадақлар сынған,
Қар астында басылған излер,
Сезимлердиң даўылы тынған.

Қоламтада қалған қозларды,
Ҳүрлеймиз кеп, алыспақ мүшкил,
Ҳәм еслеймиз сол бир шағларды,
Гүрсинемиз. Қудайлық ис бул...

Ҳарғын ғана қәдем таслайман,
Суў серпкендей хәўирим басылған,
Үмитсизлик. Есик ашпайман,
Саған барар жолым тосылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Keўил қусымды излей-излей,
Шаршадым сырымды гизней-гизней,
Аҳыў зар барма тап мениңдей,
Дәртимди төкким келер...

Бириң опалы яр болмадың,
Бириң кеўлимде тар болмадың,
Ҳеш бириң дийдимнен табылмадың,
Бәҳриңнен өтким келер...

Баяғыны бағда қалдырып,
Бағларыңды суўға алдырып,
Бәршеңизди естен таңдырып,
... Кетким келер...

## МЕНИҢ

Кеўлим қара тасқа айланды,
Көз жасларым кирпигимде муз,
Жаз күнлерим қысқа айланды,
Қула дүзде гезермен жалғыз.

Тәрк етти илаҳий туйғы,
Тасқынламас илҳам булағым,
Бул фәниде жасамақ қайғы,
Жанбас үмитимниң шырағы...

Сезимлерим селт етпес енди,
Қайнаўытлап силтидей тынды,
Сеўги-муҳаббетим де сөнди,
Қылышым ҳәм қынында сынды.

Кеўлим қара тасқа айланды,
Көз жасларым кирпигимде муз,
Жаз күнлерим қысқа айланды,
Қула дүзде гезермен жалғыз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЛ ЕМЕС

Әзийзим, сен ҳүрсең гөззал перииште,
Саған ханлық тахт, сарай миясар,
Ол жайда өзиңди хор-зар әйлеме,
Ашықларың, сан мың сен деп таласар.

Сен оның алдында қулға айланып,
Аяғына қойма мағрур басыңды,
Не болды буншелли көзиң байланып,
Умытып өзиңниң ҳаслы-затыңды.

Ол сен излеген Алакөз емес,
Тулпар да емес-аў, сунқар да емес,
Ол сениң қыялың, тек сенлик елес,
Әзийзам ол, ол емес, ол емес....

## ШЫПАКЕР МЕНЕН СУҲБЕТ

-Қызым сизиң өт қалтаңызда,
Қум аралас, майда тас бар,
Сары аўырыў болдыңыз ба,
Баўрыңызда да шикаст бар.

Сизге узақ емлениў керек,
Енди диетаға көшесиз,
Бизге келип жатың тезирек,
Не буйырсақ соны ишесиз.

Сизге қыйналыўға болмайды,
Ўақты хошлық, бәзим қурыңыз,
Бизге исенбесең ем қонбайды,
Айтқан сөзге әмел қылыңыз.

Нервиңиз де жүдә шаршаған,
Сезимлериңизге дем бериң,
Ойыңа ҳеш нәрсе алмасаң,
Жазыласыз исене бериң.

— Исенбеймен ҳәммеси жалған,
Тас не жесин өт қалтамда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың дәртлерден баўрым қамылған,
Дийдам мениң қатты тастан да.

Әрман, үмитимди тас басқан
Арал болып дузға айланған,
Бар болмысым жаралған тастан,
Тек геўдемде шырқырайды жан.

Қой қорқытпаң тас бар деп мени,
Руўхым мениң тасқа айланған,
Докторжан-ай аяйман сени,
Қайда тасты еритпек саған!.

## СЕБЕБИ...

Мен кеше тәрк етип едим бағыңды,
Сарай салтанаты тажыў-тағыңды,
Бугин сындыра алмай турман сағыңды,
Себеби ...

Өзегимди өртеп азаплы әрман,
Және дәргайыңнан кете алмай турман,
Сен бунда аҳыў-зар, мен онда зарман,
Себеби ...

Таўлар қаўышар бәлки әсирлер ара,
"Тамшыдан көл болар" дейди тама-тама,
Ал мениң дәртиме табылмас даўа,
Себеби ...

## МЕН АЛАКӨЗДИ КӨРДИМ ТҮСИМДЕ

Толып кетти бул дүнья ялған исине,
Қайым болып қозылар қасқыр тисине,
Сен излеген, "Ерк" енер түсиме,
Алакөз! Қайдасаң, сени излеймен.

Мың дәрттен өртенип баўрым қамылып,
Түндей өмирим түн пердесин жамылып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Делбе руўхым тек өзиңди сағынып,
Қайдасаң бабажан, сени излеймен.

Қолыңда қылышы, саўыт ийнинде,
Ерназар Алакөз келди үйиме,
-Минай, тур орныннан, ергил кейниме,-
Деди де, таң сәҳәр тутты қолымнан.

-Билемен, ҳақсызлық кеўил қапаң бар,
Маңқуртлар дәстинен шеккен жапаң бар,
Ерксиз бул жәҳән саған иннен тар,
Өтмишке зибаның жетти, әзийзам.

Гүлайым саўытын кийгил ийниңе,
Жаў-жарақ асын, мин тулпар белине,
Суў куяйық сатқынлардың үнине,
Жығылмастан бурын атқан оғынан...

Бойымда илаҳий бир күш тасынып,
Жаў-жарағымды алдым асынып,
Халқымды ким егер жүрсе бассынып,
Жан алмақ қастында ердим соңынан...

Жүрегим жарылып бул қуўаныштан,
Басым айланып, кеттим ҳуўыштан,
Есимди жыйнап көзимди ашсам,
Әҳ, ялғаншы дүнья, бәри түс екен.

Қайтадан айландым муңлы ҳаялға,
Өзин жеңдирген делбе қыялға,
Арзымас бәршеси пашшайы пулға,
Мен Алакөзди көрдим түсимде.

## ҚАЙДАСАҢ, ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ

Ҳақыйқат қайда, излеп таппадым мен,
Сүриндим қыйыр-шыйыр жолларында,
Туўры сөйлеп ҳеш кимге жақпадым мен,
Наҳақлықтан баўырым толды қанға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаяққа қарасам ойрана дүнья,
Биреўи дүзетсе, биреўи бузар,
Ялғаншы көз жастан болған ба бина,
Тозбай-ақ бәримизден әдира қалар.

Пәнийге келип-кетиў пешанаңа,
Питилген, ҳеш ким үстин болған емес,
Өлсең көзиң толады қысым қумға,
Тириликте бул наймыт тойған емес...

Әй пәлек, бул дүнья маған тар болды,
Жанымды отқа жағып қуўырдың сен,
Ҳақыйқат, әдалат жуўадай солды,
Инсаптың күлин көкке суўырдың сен...

## СЕНИ УМЫТЫЎ

Еле сен мени умытасаң,-
Дедиң-аў көзиме тигилип,
-Қойшы, қайдағыны айтасаң,-
Дедим мен ой-баўырым үзилип.

Тәғдирим қыл көпир үстинде,
Дозағы, бейиши бир қәдем,
Қайылман сен ушын түсиўге,
Мениңдей әрманлы мың Сәнем...

Ал сени умытыў мен ушын,
Әрманнан, үмиттен түңилиў,
Жоғалтыў келептиң бир ушын,
Бир мәрте туўылып, мың өлиў...

## АЛЛАНЫҢ ИНАМЫ СҮЙГЕН ҚУЛЫНА

Алланың инамы сүйген қулына,
Батырлық, шайырлық, гөззаллық дедиң,
Бәри де жәмлескен екен бойыңа,
Соны уқтырыўға жаныңа келдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

--Дедиң де сен ғайып болдың көзимнен,
Ес жыйып изиңнен тура жуўырдым,
Табалмай өртендим дәртли сезимнен,
Ҳәм өзге дүньяда қайта туўылдым.

Ҳақтан инаят, пайғамбардан шәпәәт,
Алланың нәзери түсти жүзиме,
Сол екен қәлбимде дәртли мухаббет,
Ашықпан аллаға ҳәм де өзиңе.

## ЖАНҒА БАТТЫ ЗАМАНАНЫҢ ЖӘБИРИ

Жанға батты заманның жәбири,
Қайлардасаң Алакөздиң қәбири?....
Нәмәртлерге жолдас болып жургенше,
Намысымды жаўға қолдан бергенше,
Тирилей-ақ саған кирип жатайын,
Суўдай сиңип, тастай болып батайын,
Тири арыслан тышқанларға жем болды,
Буны көрип жүрек-баўрым қан болды,
Таба алмадым елим деген ерлерди.
Тап өзиңдей арыслан жүрек шерлерди,
Жаў келгенде таппай қалдым бирин де,
Суў куйылды бәриниң де үнине,
Сайға ағып, байға бақты замана,
Жанымды отларға жақты замана,
Жекке ат шаптым шаңым шықпады,
Муддәҳәм не, хеш бир кимсе укпады,
Жанға батты заманның жәбири.
Қайлардасаң, Алакөздиң қәбири?...

*1989-жыл*

## «ДОСТЫМ»

Кешир "достым" руўхымызды,
Жақын алып бирге жүрсек те,
Бөлек қарған қамырымызды,
Қарыспаймыз енди өлсек те.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Достым дедим саған жарылдым,
Сырларымды бүкпедим ҳәргиз,
Шағынсам да саған шағындым,
Санамай-ақ дегенмен сегиз.

Ғәрезсизлик ҳәм ерк ураным,
Ат шабаман соның ушын да,
Халқым мениң ҳүждан-ийманым,
Бар болмысым мениң усында.

Және дәртим сезим умманы,
Ғарқ әйлеген пәк сеўгим еди,
Достыңның сол нәзик таманын,
Дуйым журтқа сен еттиң көзги.

Көкирегимнен төгилген нурдың,
Нусқасын сен алдың көширип,
Қәдириңди топыраққа қардың
Сыр кесамнан шарап иширип.

Дәртлериңди өзиме алып,
Баўырымды сөткенимди айт,
Өз тәшўишим мына жақта қалып,
Бирге мәнет шеккенимди айт.

Қанатларым күйди сен ушын,
Душпанларың жаққан от шарпып,
Қайтармадың бирин мен ушын,
Өз дәртиңди төккеннен артып.

Кешир "достым" руўхымызды,
Жақын алып бирге жүрсек те,
Бөлек қарған қамырымызды,
Қарыспаймыз енди өлсек те.

## ДАҚ БАР ЖҮЗИНДЕ АЙДЫҢ ДА

Еки ийнимде еки периште,
Обал-саўабым мойнына,
Гүнасыз емеспен нәресте,
Дақ бар жүзинде айдың да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гунайым ашыкпан алласы,
Сүйген иләҳий бендеге,
Өзиңнен дәртимниң даўасы,
Тәңирим себепши ҳәрнеге.

Әрўағым силтеўин бермесе,
Хеш қашан ҳәм суҳбет болмас-ем,
Егер де периштем сүймесе,
Ышқында қуўырылып жанбас-ем.

Еки ийнимде еки периште,
Обал-саўабым мойныңа,
Гүнасыз емеспен нәресте,
Дақ бар жүзинде айдың да.

## СЕНИ ИЗЛЕЙМЕН

Ҳайранман, Жары жол ортасы,
Арбам гә баспа, гә шүйелме,
Таппадым кеўлимниң қаласын,
Силтеўин бере алмас ҳеш ким де.

Алакөз тымсалы бир инсан,
Кеўлимде өмиримше изледим,
Ҳәмсуҳбет болғанлар мың бир сан,
Ҳеш бирин оған тең көрмедим.

Кеўилим сынық мың қураклы,
Дәртимди пинҳамы гизнеймен,
Сағынып баўырым кәбапты,
Сол ярдың меҳрине шөллеймен,
Мен оны еле де излеймен...

## БОЛМАС

Заман қурсын шыдағанға шығарған,
Кимди көрсең кеўилинде мың әрман,
Жетпесинлик қашшан көшин туўарған,
Көзим көргенлерин айтпасам болмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елим деген ердиң түсти ийини,
Шеше алмай хеш бир истиң түйинин,
Ишерге асы жоқ, жыртық кийими,
Кеўил әндийшемди сөтпесем болмас.

"Бирин" берип алған болар кеўлиңди,
Бири алып кетер соңыра жүзиңди,
Шанашта ун жоқ, телек түби көринди,
Тилимди кессе де айтпасам болмас.

Майлы кемик болса кимниң қолында,
Басшың, қосшың бәри соның жолында,
Бир қалта ун бермес намыс-арыңа,
Күйгеннен күй шығар, шертпесем болмас.

Ғәрезсизлик бизиң ушын түс болды,
Бастан ушып кеткен дәўлет қус болды,
Үмитим, әрманым бәри пуш болды,
Түн пердесин тилип сөтпесем болмас.

Баяғы бағлары енип түсине,
Бүлбилдиң пығаны түсти ишине,
Заман гәрдиши ме, пәлек иси ме,
Кеўлим қанға толды, төкпесем болмас.

Заман қурсын шыдағанға шығарған,
Кимди көрсең кеўилинде мың әрман,
Айттым-айтпадым не, жоқ буннан дәрман,
Сонда да дәртимди төкпесем болмас.

*1989-жыл*

## КЕЛ ҚОНАҒЫМ, КЕЛ КЕЎЛИМЕ

Дүнья-малым жоқ үйимде,
Назырқанбағыл күйиме,
Аппақ кеўлим, дәстурханым,
Кел-қонағым, кел кеўлиме.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар байлығым бала-шағам,
Ҳәм өзиңдей досыў-яран,
Кеўлим бай Хатамтайдан ҳәм,
Кел қонағым, кел кеўлиме.

Әкемнен дәске калмаған,
Ол ҳәм Карун бай болмаған,
Дәстурханы жыйналмаған,
Кел қонағым, кел кеўлиме.

Хан сарайы өз баспанам,
Кең сарайдур кеўил қалам,
Кел үйимниң төри саған,
Кел қонағым, кел кеўлиме.

## ӨТМИШТЕН ИЗЛЕМЕ

Сен ҳаққында қосық жазбайын,
Деп қыйнадым қанша өзимди,
Жаным-аў қалайша алдайын,
Умыта алмадым өзиңди.

Бир топар аламан изине,
Ердим....Биймәни жүрислер,
Ҳеш нәрсе көринбес көзиме,
Қыйнайды тек сенлик елеслер.

Ялғаншы қойнына сүйрейди,
Аламан ишинде сүлдерим,
Дәртимди ҳеш ким де сезбейди,
Жаным -аў, тек сен ғой излерим.

Мухаббет жоқ дейди бүгинде,
Бийдәртлер сүйилип сүймеген,
Мухаббет ол мениң көксимде,
Бийкарға өтмиштен излемең.

Сен ҳаққында қосық жазбайын,
Деп қыйнадым қанша өзимди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаным-аў қалайша алдайын,
Умыта алмадым мен сени...

***

Қәлбимде өрт күйдирди, жанымды ҳәм тәнимди де,
Зиндан әйлеп хәр өткен күнимди ҳәм түнимди де,
Ләйли киби диййуанаман, ақыл-зайылман мен де,
Бенде болдым ол сарайда, өзге шарам жоқдур енди.

Жаўлап алып ақылымды-хууышымды бир өзиң,
Жетегинде мен бир соқыр, жол баслаўшым да өзиң,
Умыттым мен кимлигимди, тәнҳадурсең тек өзиң,
Ал сен ушын мен кимнен, билмей ақлым лал енди.

Өз журтымда, сарайымда мен бир ханзада едим,
Теңи-тайы жоқ жәҳәнде тәнҳа ҳүрзада едим,
Өзге дүнья ишре енип, өзлигимди билмедим,
Қәлбимниң султаны алдында мен бир қул енди.

Бул дәрт теңдур диййуанаға, шахқа ҳәм де гәдаға да,
Сезимлер алдында бәрше қулдур ҳәм де бийшара,
Минайхан дер мен де бул дәртке болдым муптала,
Әзел ҳақдур, мен нәйлейин өзге шарам жоқдур енди.

***

Көзимде жас пенен күлемен,
Көзимде жас пенен сүйемен,
Көзимде жас пенен өлемен,
Неге?
Себебин тек өзим билемен....

## НЕГЕ КЕЛМЕДИҢ?!...

Өмиримниң бәҳәр паслында,
Қып-қызыл лала гүл едим,
Сени күтип едим хаслында,
Айтшы жаным, неге келмедиң?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийхуўдаға өтти өмирим,
Әрманым-аў, тек сени күтип,
Сағыныштан сарғайып жүзим,
Келди мине қазан, гүз жетип.

Ғарға ғаңқылдап ғаз болмады,
Интизар етти-аў бүлбилге,
Сенсиз өмирим жаз болмады,
Күндизим де айланды түнге.

Өмиримниң бәҳәр паслында,
Қып-қызыл лала гүл едим,
Сени күтип едим ҳаслында,
Айтжы жаным, неге келмедиң?!

## САҒАН

Аяныш туўғызыў ушын қәлбинде,
Көз жасы көл-дәрья сол бир нашардың,
Жеп-жеңил көз жаслар жаўын ба, сел ме?
Бирақ нышаны емес намыс ҳәм ардың.

Сениң гүлдей нәзик, аппақ кеўлиңди,
Қалай бәнт етерин билген жөги ол,
Қалдырып мени, сени ҳәм селинде,
Еркиңди қолына бийлеп алды ол.

Маған жат жолкерлик ҳәтте наз-жилўа,
Мен жаўмайман, бирақ бултқа мегзеймен,
Жүрегим айланған қашшан-ақ музға,
Меҳир бериў қайда, меҳир излеймен.

Көз жас төге алмайман, иштен жылайман,
Көкке жетседағы аҳым-пырағым,
Дурыс айттың, мен бәрине шыдайман,
Себеби, жоқары намыс ҳәм арым!.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аяныш туўғызыў ушын кәлбинде,
Көз жасы көл-дәрья сол бир нашардың,
Жеп-жеңил көз жаслар жаўын ба, сел ме?
Бирақ нышаны емес намыс ҳәм ардың.

## НӨКИСИМ

Тәрийпиңди баян етсем Нөкисим,
Таба алмай сөздиң сулыў төкисин,
Қыял жағысымды бузар дегишин,
Нөкисим, Нөкисим, ғөззал Нөкисим.

Бизде бурын өзи шәҳәр болған ба?
Болса қайда, қум астында қалған ба?
Маңлайыма жалғыз сени жазған ба?
Нөкисим, Нөкисим, гөззал Нөкисим.

"Едил қайда, Жайық қайда, жай қайда ?"
Халқым бурын мәкан басқан сол жайда,
Излеп барсам ата журт деп Ноғайға,
Шәҳәр қайда, изи де жоқ, Нөкисим.

Тәрийпиңди тап арыдан ағызсам,
Орманбет бий бабам шалған қобызсаң,
Сахрайы кеўлиме питкен бағымсаң,
Нөкисим, Нөкисим, гөззал Нөкисим.

Ноғайлыдан қалпақ қалды, "бас" қалды,
Түркстанда посқан елде лаш қалды,
Халқым мениң бәринен де бос қалды,
Кеўил қалам тек өзиңсең, Нөкисим.

"Қарақалпақ қайда мәканың, жайың",
Десе ҳәзир мениң жуўабым тайын,
Арал бойы ата мийрас қут жайым,
Бас шәҳәрим өзиң деймен, Нөкисим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тырнағынды қалап таўдың тасынан,
Шәҳәр курсақ қара таўдың басынан,
Мениң кеўлим ярый бермес усыған,
Нөкисим, Нөкисим, гөззал Нөкисим.

Тәрийпинди баян етсем Нөкисим,
Таба алмайман сөздиң сулыў төкисин,
Қыял жағысымды бузар дегишин,
Нөкисим, Нөкисим, гөззал Нөкисим.

## БЕЗДИМ ЯЛҒАН ИСИНЕН

Ҳазм қыла алмай асын,
Ғаўғада қалды басым,
Қойнымда атар тасым,
Бездим ялған исинен.

Болмады кеўил қусым,
Зимистан жазым, қысым,
Дәрт толы иши-тысым,
Бездим ялған исинен.

Көзге күлип турғаннан,
Сырттан айтып сайғаннан,
Пышақсыз-ақ сойғаннан,
Бездим ялған исинен.

Бул дүнья ялған опасыз,
Күним болмады жапасыз,
Етек, жеңсиз, жағасыз,
Бездим ялған исинен.

***

Кеўил бостанымда және дүбелей,
Басланды, гүнакар сениң көзлериң,
Шақырма, айралық көксимди тилгей,
Ҳәм қардың астында қалғай излериң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар ерип изиңе гия көгергей,
Сезимимди шайқап бәҳәр самалы,
Түслериме аппақ әрманлар енгей,
Ҳәм несип әйлегей сениң жамалын.

***

Өлди, суп-сулыў әрманлар өлди,
Өлди, ахду-пайманлар өлди,
Өлди, ҳүждан ийман ҳәм өлди,
Билмедим, ким қай жерге көмди.

Өлди, мийрим-шәпәәт өлди,
Өлди, сеўгим-мухаббат өлди,
Өлди, сабыр-кәнәәт өлди,
Билмедим, ким қай жерге көмди.

Инсан қәлби онда ҳәм кәбир,
Таўсылмады муң, нала, жәбир,
Бийопа дүнья, бийопа өмир,
Билмедим, қызығын ким көрди!...

## САҒЫНЫШ

Айнамды сабалап,
Үргин урып тур.
Саңлақ саңлақты
қуўалап,
Бийжуўап-ақ кирип тур.
Тула бойым дирилдеп,
тоңып турман,
Қыстың қәҳәрин,
сезип турман.
Аязын қәлемеймен...
Шарасыз көнип турман,
Қәлбимде бәҳәр,
сағыныш!
Бәҳәр гүллерин
термегениме
Ўақтында қәдирин
билмегениме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тусынан бийитибар
өткениме,
Қол силтеп кеткениме
өкинип турман!
Ал, айнамды сабалап
үргин урып тур,
Саңлақ саңлақты
қуўалап,
Бийжуўап-ақ кирип тур.
Аязын қәлемеймен...
Қәлбимде бәҳәр,
Сағыныш.
Сағыныш!!!

## ЖҮРЕККЕ АЯН

Көзлер ушырасты, көзлер сөйлести,
Телмиристи, узақ дәртлести,
Қулақ еситпеди олар не дести,
Жүреги қурғырға бәршеси аян.

Зибан жоқ тиллерде, ақыл-хуўыш лал,
Сан мың дәрт көзлерде мыңда бир саўал,
Айралық ҳәсирет, ушырасыў заўал,
Шара жоқ. Бәри де кеўилге аян.

Олардың жазмышы, болмысы өзге,
Сол ушын дәртлери урып тур көзге,
Илажсыз көнбеске ҳаққа әзелге,
Сезимлер пинҳамы көкирекке аян.

## ЖЕККЕЛИК

Әтирапым толы аламан,
Жандалбас илесип бараман,
Жаным ҳәм, тәним ҳәм жаралы,
Қәстелик....Ем таппай жанаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәртимниң даўасы өзиңнен,
Жан алғыш жан бергиш көзиңнен,
Ҳижран сағынып сарғайдым,
Бир-бир уштың-ғой көзимнен.

Қәлбиме бул дәртти салған сен,
Ақылым-ҳуўышым алған сен,
Тербелтип сезимниң тарларын,
Ашығыў-бийқарар болған сен.

Түн пердесин тилдиң де,
Нур болып куйылдың қәлбиме,
Делбемен, жойыттым өзимди,
Илҳам перим боп келдиң бе.

Илиндим нәзериң оғына,
Қус болып қонаклап қолыңа,
Көз жасым көл-дәрья егилдим,
Билмедим бақпысаң, сорым ба?.

Әтирапым толы аламан,
Жандалбас илесип бараман,
Жаным ҳәм, тәним ҳәм жаралы,
Қәстелик....Ем таппай жанаман.

## ДЕБДИЎ

Әй, әзийзим, дүнья ғамлы екен,
Көксимди дағлап кетти,
Пердеси мың тарлы екен,
Қол тиймей-ақ зыңлап кетти.

Мен бүгин қапа пәлекпен,
Бул дүнья паянсыз бийопа,
Бүлбилмен ах-пыраға шеккен,
Қәлбим толы жәбириў жапа.

Сахрада суўсап шөлледим,
Қанбадым ҳасла мийримге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир шәшме булақты изледим,
Таба алмай түстим ийримге.....

Мен излеген булақтың,
Көзинде мың пудлық тасы бар,
Жоллары бурыў, узақ дым,
Суў емес онда көз жасы бар.

Әй, әзийзим, дүнья ғамлы екен,
Көксимди дағлап кетти,
Пердеси мың тарлы екен,
Қол тиймей-ақ зынлап кетти.

***

Тәрк етип ғаз хәм қуўым,
Босап қалды айдын көлим,
Қулағымда тек "қыйқыўы",
Сағыныштан сызлар қәлбим.

Шыдамай гүз салқынына,
Кетти артына қарай-қарай,
Шарам бар ма жыл қусына,
Хошласаман көзим қыймай.

Сыртта аяз тур ызғырып,
Бостанымды қыраў шалды,
Көз жасыма туншығып,
Қәлбимде муң, әрман қалды.

Тәрк етип ғаз хәм қуўым,
Босап қалды айдын көлим,
Қулағымда тек "қыйқыўы",
Сағыныштан сызлар қәлбим...

## ШАЙЫРДЫҢ ЯРЫНА

Сен отырсаң шайырды күтип,
Көзлерине шөккен уўайым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәсиретинди ишиңе жутып,
- Аман келгей,-дейсең- илайым.

Бунша неге кешикти екен,
Мәгар сулыў жолын тостыма,
Излеп яки илҳам перисин,
Үйге сыймай дүзге қашты ма.

Биле алмай қыйналар жаның,
Түн ортасы ояў жатырсаң,
Қайда жүрсин мейли қостарың,
Сен бәрине көнип отырсаң.

Ол өзгеге уқсамас ҳәргиз,
Гәҳи Мәжнун, гәҳи бийпәрўа,
Гәҳи шөл, гә телегей теңиз,
Гә фәйласуп, гәҳи дийўана.

Сен отырсаң, шайырды күтип,
Көзлериңе шөккен ууайым,
Ҳәсиретинди ишиңе жутып,
Аман келгей,-дейсең- илайым.

## КӨЗЛЕРИМЕ БАҚ!

Не сөз айтсам алма өзиңе,
Сөз бенен тек дебдиўим шығар,
Әй, султаным, бақ тек көзиме,
Көзлеримде меҳирим жанар.

Ҳәм жақын, ҳәм узақ аралық,
Соқпақлары шатлы, тикенли,
Ушырасыў ҳәм және айралық,
Сезесеңбе, делбе еттиң мени.

Әй, султаным, ал тек өзиңе,
Өкпе-назым, еркелигимди,
Ышқымды ал, асыра қәлбиңде,
Делбе еткен сени ҳәм мени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не сөз айтсам алма өзиңе,
Сөз бенен тек дебдиўим шығар,
Әй, султаным, бақ тек көзиме,
Көзлеримде меҳирим жанар.

## АНАЖАН

—Төлеўи жоқ қарыз
не?-
Бир данышпан
Сорапты ел-журтынан,
Ата-ананың меҳри,
Перзентке берген,
Төлеўсиз екен.
Еситип ҳайран болдым,
Келисе алмай,
Не себеп булай...
Мен хызмет етемен
ата-анама,
Сол сөз сиңди санама,
Меҳирине меҳир беремен.
Қәлесе қоянның сүтин
таўып келемен.
Бирақ...
Анамның меҳрин
қайтара алмадым.
Биринши айыбым,
Меҳринен қаштым,
Өзгени сүйип
Баўырыма бастым,
Төркинлеп барып
турдым,
Керегимди алып турдым,
Қайтқанша асықтым,
Себеби, ойымда ашығым.
Соң перзент көрдим,
Бәрше меҳримди соған
бердим,
Аналық меҳир не?,
Сонда сездим.
Ананың кеўли балада,
Баланың кеўли далада,
Ҳақ сөз...
Халқымыз не деген дана.
Анажан, төлеўсиз,
хызметиң,
Шеккен азап-мәнетиң,
Меҳир-муҳаббетиң,

Алдында қарыздарман,
Анажан!.

## ЕРНАЗАР АЛАКӨЗДИҢ ПӘРЯДЫ

Питер истиң басына,
Жақсың келмей қасына,
Жаманның батпан тасына,
Исимиз сөзге айланды,
Жолбарыстай жигитлер,
Қызыл тилге байланды.
Сөзден түйме таққанлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанын отка жаққанлар.
Аға бий болып
сайланды.
Бөзден емес бүгинде,
Сөзден болар көйлегиң,
Исиң питпес күйинбе,
Таска айлансын жүрегиң.
Өзиңнен шыққан жаў,
жаман
Еле талай Мәўленлер,
"Хийўа" ға ат шабады.
Елим деген ерлерди,
Ғапылда гелле қылады.
Сатқынлықтың сарпайы,
Елли теңге алады.
Бәйгиге қосқан
тулпарды,
Дойнағынан майырар.
Пәрўазы көкте сұңқарды.
Қанатынан қайырар.
Әй халқым-әй, халқым-әй,
Сатқының еле жазасыз,
Сол ушын дәртиң
даўасыз.
Туў сыртымнан атқанлар,
Ар-намысын сатқанлар.
Бүгин, де сени сатып жүр.
Ығбалға тас атып жүр.
Кисиге күниң қалған соң,
Халың солай болған соң,
Көзиңнен қан ағады.
Қайсы бирин айтайын
Қай мәнзилге тартайын,
Қылышым себил қалған соң,
Гөримде неғып жатайын.
Ғәрезсиз, еркин ел
болмай,
Ығбалың сениң ашылмас.
Алтаўдың аўзы бир
болмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мереке менен мейлисте
Ат жылаўын тутылмас.
Әй, халқым-ай, халқым-ай,
Ески дәртим қозғалды..

*1989-жыл*

## ЖЕТПЕСИНЛИК ЖАМАН ДӘРТ

Жетпесинлик жаман дәрт,
Мәрттиң қәддин бүгеди,
Адым сайын берип пәнт,
Абырайыңды төгеди.

Дәстурхан тапса ас таппай,
Жигиттиң жүзи қызарар,
Гүриш тапса май таппай,
Ҳаялы казан туўарар.

Жора-жолдас келгенде,
Дийдиңдей хызмет қылалмас,
Барғызбасы барғызбай,
Той-мереке саўалмас.

Кеўлинде нама болса да,
Шалмаға қобыз табылмас,
Дәрья болып тасса да,
Кенарынан ағызбас.

Көкирек қурғыр тур сайрап,
Ғыж-ғыж қайнар ишинен,
Жоқшылық қурғыр қол байлап,
Асылып алған пешинен.

Жетпесинлик жаман дәрт,
Мәрттиң қәддин бүгеди,
Адым сайын берип пәнт,
Абырайыңды төгеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Мейли кешсин жаным геўдемнен,
Тән өлими тозған шүберек,
Қорқаман тек рууҳый өлиўден,
Маған рууҳый жан-дүнья керек!.

## ЕГЛЕНДИҢ НЕГЕ?

Ҳижраның баўырымды сөтти,
Төзимим таўсылып питти,
Күттим, күнлер, ай ҳәм өтти,
Бәҳәрим, еглендиң неге?.

Әптап көксимди қақпады,
Сууыққаттым, Аяз жақпады,
Ығбал күлип бир бақпады,
Бәҳәрим, неге еглендиң ?.

Қайғының булты торлады,
Бүлбилим бостансыз зарлады,
Өзиңнен дәрек болмады,
Бәҳәрим, еглендиң неге?.

Сенсиз-тутылар ай-күним,
Сенсиз-жетим бағ бүлбилим,
Қәлбимниң султаны, сеўгилим,
Бәҳәрим, еглендиң неге?.

## КӨЗЛЕР

Көзлер...
телмирип,
сүйсинип,
аялап,
аймалап
баққан көзлер ...
Кешириңлер ...
Сизлерге бий жууап,
болғаным ушын.
Мың дәртке
салғаным ушын.
Бирақ түсиниңлер...
Сизлер менсиз,
мен сизлерсиз
жасай алмаймыз.
Бенделик-тә,



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўилге-кеўил,
қоса алмаймыз...
Сезинемиз,
басқа да,
мұқатып,
кекетип,
гүзетип,
баққан көзлердиң
бар екенлигин.
Дүньяның жақсыға
тар екенлигин.

Көзлер ...
бийгүна
баққан көзлер,
Өмиримниң
мазмуны сизлер.
Кешириңлер...
бийжуўап болғаным
ушын,
сизлерди мың дәртке
салғаным ушын,
Көзлер...

## КҮНГЕ БАҚҚАН АЙҒАБАҒАРМАН

*(Бир басшының монологи)*

Тас төбемнен қадалған көзлер,
Өнменимди тесип өтеди,
Көмейиме тығылған сөзлер,
Баўырымды кәбап етеди.

Күнге баққан айғабағарман,
Запырандай сарғыш жүзлерим,
Есапта жоқ, қорада барман,
Қар астында қалмыш излерим.

Бас кессе де тилди кеспек жоқ,
Бийкар екен, тилимди кести,
Емин-еркин енди бөспек жоқ,
Ышқысталық ишиме түсти.

Етек-жең көп, жаға таппайман,
Аяқ-қоллар бассыз шабысар,
Атқосшы көп, аға таппайман,
"Сумлар намазшамда табысар".

Тас төбемнен қадалған көзлер,
Өнменимди тесип өтеди,
Көмейиме тығылған сөзлер,
Баўырымды кәбап етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Кәне енди көксиң толы,
Әрманларың бола алсам,
Адамыйзат жетпес қолы,
Бийик шың боп қалалсам.

Излеримди сүрме етип,
Сүртсең кәне көзиңе,
Көлеңкеме сәжде етип,
Ерсең еди изиме.

Ҳижран өртеп ой-баўрыңды,
Егилип бир жыласаң,
Сахра киби жоқ жаўыны,
Меннен нөсер сорасаң.

Қәне енди көксиң толы,
Әрманларың бола алсам,
Адамыйзат жетпес қолы,
Бийик шың боп қалалсам.

## КӨРИНДИ

Көрдим бул дүньяда жақсы-жаманды,
Ақыллы, ақмақты ҳәмде наданды,
Көрдим жылатқанын адам-адамды,
Дүньяға келгеним ялған көринди.

Көрдим ар-намысын пулға сатқанды,
Ҳәмел ушын жанын отқа жаққанды,
Туў сыртынан бирин бири атқанды,
Бул дүнья ислери ойран көринди.

Адамның пейили қашқан заманда,
Сумлығы басынан асқан заманда,
Ырыс-берекети қашқан заманда,
Бир тислем нан табыў гүман көринди.

Мийрим-шәпәәти өлген заманда,
Сеўги-муҳаббаты сөнген заманда,
Жаманлық урығы өнген заманда,
Бир мыйық тартты ҳәм әрман көринди.

## КӨЗЛЕРИҢ КҮЛСИН

Мен ушын сеннен жулдызлар жуўық,
Талпынып жете алмай кетти дәрманым,
Гүллерим жаўрады ызғырып суўық,
Көксимде қыслығар, тек те әрманым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен сенсиз қанаты қайрылған қуспан,
Пәрўазым өзиңнен, әзийзим түсин,
Егерде жүрегиң болмаса тастан,
Мени көргениңде көзлериң күлсин.

Бул күнде баратыр арамыз узап,
Көзден кетсе-дейди-кеўилден кетер,
Әндийше атаўы, руўхымды түсап,
Сенлик булақлардың көзлерин питер.

Мен ушын сеннен жулдызлар жуўық,
Талпынып жете алмай кетти дәрманым,
Гүллерим жаўрады ызғырып суўық,
Көксимде қыслығар тек те әрманым.

## ӘЗИЙЗИМ, ҚЫЯ БАҚПА СЕН

Ышқыңда күйип-жансам да,
Жанымды пидә қылсам да,
Аяғыңа бас урсам да,
Әзийзим, қыя бақпа сен.

Ҳижраның көксимди тилсин,
Жаным, жәҳәним өртенсин,
Пәрядымнан жер силкинсин,
Сонда ҳәм қыя бақпа сен.

Көз жасым көл-дәрья болғай,
Кеўил кирлеримди жуўғай,
Жолларымда шатлы тоғай,
Өтсем ҳәм қыя бақпа сен.

Сүйилиў ҳәм сүйиў әрман,
Ғамгүзарман, аҳыў-зарман,
Ҳижран несип саған, маған,
Сол ушын қыя бақпа сен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Сезимлерим ақылыма қул емес,
Жетегине ере бердим теңселип,
От, суўың да жолыма ҳеш ғаў емес,
Еңсемде таў, баратырман өңгерип.

Нәзерим ай, жерди илмес табаным,
Жалаң аяқ коз үстинен жуўырдым,
Шарықладым, писент етпей думанын,
Шыңнан қулап, таў-тасларға урылдым.

Сезинбедим ашшы менен дуўшыны,
Ышқы шарабынан басым айланды,
Қоң етим сезбеди тийген қамшыны,
Сулыў сокыр болдым көзим байланды.

Сезимлерим ақылыма қул емес,
Жетегине ере бердим теңселип,
От, суўың да жолыма ҳеш ғаў емес,
Еңсемде таў, баратырман өңгерип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЛЎИДАҒ АЙТПАЙМАН, МУХАББАТ...

Сен өрт болдың, күйдим сезбедиң,
Сен дәрт болдың, сүйдим сезбедиң,
Жалын ишре сени изледим,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.

Сен деп қәлем алдым қолыма,
Сайыл болып түстим жолыңа,
Қарамадым оңы-солыма,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.

Айтсам ада болмас сөзимсең,
Сөзим емес мениң өзимсең,
Сен бир илаҳийда сезимсең,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.

Сезесең бе ҳаслын алғанда,
Тек сен ушын жүрмен ялғанда,
Қәлбим толып дәртли әрманға,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.

Сени ҳеш кимге де бермеймен,
Сен бар екен, мен ҳәм өлмеймен,
Жүрегиме ғана жерлеймен,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.

Сен өрт болдың, күйдим сезбедиң,
Сен дәрт болдың, сүйдим сезбедиң,
Жалын ишре сени изледим,
Әлўидаға айтпайман, мухаббат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛМАСА

Патша тажы-тахты ялған,
Сорамында ел болмаса,
Бағы Эҳрамда ҳәм әрман,
Кеўлиң толы саз болмаса....

Қуўанышың қайғың ялған,
Бөлисерге жан болмаса,
Жалғызға тек қәдир қудам,
Тәнҳа өзи яр болмаса.

Әжеп бағлар, әжеп жайлар,
Жалғыз гездим жараспады,
Айна, булақ асқар таўлар,
Ҳал жағдайым сораспады....

Жеккелик тек бир аллаға,
Миясар екен ойласам.......

## ДАҚ БАР ЖҮЗИНДЕ АЙДЫҢ ДА .....

Дақ бар жүзинде айдың да,
Дедим арта түсти гүнайым,
Қыслыққан жери сол ардың да,
Күн киби тутылар талайым....

Дақ бар жүзинде айдың да,
Жубатқым келмейди өзимди,
Кеўилге гирбиң салдың ба,
Мәнисин жоғалтар сөзиң де.

Дақ бар жүзинде айдың да,
Деп сен ҳәм алдама өзиңди....

## АШЫЛДЫ ДҮНЬЯ

Қәлбимде сағыныш муң, әрман болып,
Мен ушын иләҳий ҳәм пинхам болып,
Сени таба алмай мың сарсан болып,
Жүргеним жақсы еди, ашылдың дүнья.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрманым кемеси қайырлп қырда,
Баяғы жаўраў ма қалдым даўылда,
Үмит кәшанамды, ғурбет бузыўда,
Неге ашылдың сен, тилсимли дүнья.

Тәғдир сары жайын гезенди оқлап,
Зәҳәрли оқ атты қәлбимди дағлап,
Сен жоқсаң енди, излер сорағлап,
Неге ашылдың сен, ойрана дүнья.

Бул дүнья ғәлетли думана екен,
Гүлзары шеңгелзар, ойрана екен,
Енген жанның кәлби мың пара екен,
Неге ашылдың сен, әрманлы дүнья.

Сезимлер шырқырап тул қалды енди,
Әрман атаўлады, муң қалды енди,
Илаҳий нәрсе жоқ, не қалды енди,
Неге ашылдың сен, өткинши дүнья.

***

Сағынбайман енди ҳеш кимди,
Сағынбайды мени ҳеш ким де,
Тәрк етти сән-салтанат,
Кеўил бәнтсиз тилла көшкимди....

Сарғыш дөнген гүзги жапырақ,
Аяқ асты төгилмең енди,
Қәлбим толы хижран аҳ-пырақ,
Жүрек-баўырым сөгилмең енди....

Шүкирим-аў, шүкирим-аў деп,
Еркелетип сүйген жүзимнен,
Бәҳәримди қәйтейин излеп,
Қазан урған ақырeп гүзимнен....

Сағынбайман енди ҳеш кимди,
Сағынбайды мени ҳеш кимде,
Тәрк етти сән-салтанат.
Кеўил бәнтсиз тилла көшкимди....



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРЗАЙ ҚЫЗЫМ, АЙ ҚЫЗЫМ

Арзай қызым, ай қызым,
Ығбалың жансын жулдызым.
Ийилип түскен босағаң,
Тажы-тахтың болады,
Бирге қәдем атлаған
Ярың бахтың болады.
Босағаңның қулы бол,
Хызметтен хеш шаршама,
Қулпырған бағда гүли бол,
Сүйсинсин саған бәрҳама.
Ата-енең патшайым,
Кесе өтпе алдынан;
Бир нәсият айтайын,
Қос қоллап ал қолынан.
Қәйниң бар, қайнаған,
Ийилип сәлем бергейсең,
Тәғдиримди байлаған,
Ели-халқым дегейсең.
Бийкешлериң еркелеп,
Кишелеп жүрип жумсайды,
Жуўыра бер ентелеп,
Тап өзиңе қусайды.
Абысын менен ажынға,
Қағып төсек салғайсаң,
Барыңды салып қазанға,
Дәрьядай тасып толғайсаң.
Ели-халқың тәрези,
Бәрине тең болғайсаң,
Бийпатманың дәл өзи,
Деген атақ алғайсаң.
Бәрин айт та, бирин айт,
Ерназар киби ер туўып,
Халқына ана болғайсаң,
Ананның усы тилегин,
Хат пенен қәлем қылғайсаң...
Арзай қызым, ай қызым,
Ығбалың жансын жулдызым!!!



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Жәллат қолда қылышы
Күнде бас алсам дейди,
Ада болмас урысы,
Зинданға салсам дейди.

Жаныма түсти жеги,
Тәнимди шақты шаян,
Шыдамның бардур шеги,
Өз дәртим өзиме аян.

Бас алып кетким келер,
Боталар бозлап қалар,
Дәртимди кимлер сезер,
Кеўлимди ким бар алар.

Сол ушын шайырман мен,
Дәртимди хатқа салған,
Ығбалға қайылман мен,
Қәлбимде қат-қат әрман.

## ӘЙ КЕЎЛИМ-ӘЙ, ҚАЙДАН МӘКАН ТАБАРСАҢ

Өз баўырың өзегиңе тепкен соң,
Дүнья қысты бәхриңнен өткен соң,
Айдарыңды тек жел сыйпап ескен соң,
Әй кеўлим-әй, қайдан мәкан табарсаң.

Меҳир берип, сирә меҳир таппадым,
Бәрҳа қара жердей болып тапландым,
Бир емес мен мың мәртебе бапландым,
Әй кеўлим-әй, қайдан мәкан табарсаң.

Ас бергеним ура берди-аў, тас пенен,
Парқын айыра алмай достың, қас пенен,
Соңғы пушайман не көзде жас пенен,
Әй кеўлим-әй, қайдан мәкан табарсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аламан ишинде жүрип жабықтым,
Мол дүнья ишинде турып тарықтым,
Ақыры ўайран екен соған қанықтым,
Әй кеўлим-әй, қайдан мәкан табарсаң.

"Бул ялғаншы дүнья кимнен калмаған,
Менмен деген ерлерди де жалмаған",-
Ҳеш бириниң дийдиндеги болмаған,
Минайхан дер, қайдан мәкан табарсаң.

## ЖУМАБАЙҒА

Қайттым мен ертеклер елинен,
Таппадым Алпамыс, Шарьярды,
Таппадым ағласын өзиңнен,
Сениңдей опалы бир ярды.

Ол жерде урыс жоқ, майдан жоқ,
Пахтасы менен-ақ баўызлар,
Дәртиңе даўа бир жан жоқ,
Биймеҳир тас жүрек жаўыз бар.

Отының басынан асалмас,
Ялғаншы дүньяның қуллары,
Сатқын көп, көп екен жарамас,
Елим деп еңиремес уллары....

Бир тойғаны шала байыйды,
Бәршеси қулқынның ғамында,
Қалайша бул қуллар жарыйды,
Кисиниң малының соңында.

Қайттым мен ертеклер елинен,
Таппадым Алпамыс, Шарьярды,
Таппадым ағласын өзиңнен,
Сениңдей опалы бир ярды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Бейиште көрмек бар, қушпақ жоқ,
Әзийзим; көз көрип, кеўлиң қуўансын,
Жазмыштан бас алып қашпақ жоқ,
Сенлик дәртлериме қәлбиң жубансын.

Айдарҳа демине, күн-көрис елине,
Сапар әйлемеклик енди нийетим,
Сени жайлап алдым жүрек төриме,
Таба алмай басқа хеш бир иретин.

Жәҳиллер журтында орын жоқ бизге,
Әзийзим хош енди баўырың дағлама,
Жоллар тикенекли қайтыў жоқ изге,
Өзиңди ҳәм мени бийкар қыйнама.

Бейиште көрмек бар, қушпақ жоқ,
Әзийзим көз көрип, кеўлиң қуўансын,
Жазмыштан бас алып қашпақ жоқ,
Сенлик дәртлериме қәлбиң жубансын.

## ОРТАҒА ҚОЙЫП ТЕЛПЕКТИ

Халқым мениң бурында,
Ер басына күн туўса,
Ел басына күн туўса,
Жыйналған мәсләҳәт төбеге.
Бир мәмлеге келмеге,
Хан ба, ол бий ме, батырма,
Бир өзи мыңға татыр ма,
Журттан асқан шайыр ма,
Дийўана яки сайыл ма,
Ортадан төре сайлаған,
Бирин-бири сыйлаған,
Ағасы айтса әңгиме,
Иниси уйып тыңлаған,
Халқы ушын күйинип,
Бәрин иштен түйинип,
Шешенлер даўда шыңланған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырдың сөзи тыңланған,
Ортаға койып телпекти.
Сөйлесип алған еркекше....
Халқым неге бүгин де,
Жыйланбас мәсләхәт төбеге.

***

Өмиримниң излеп бәхәрин,
Кәрўан тарттым, кетти дәрманым,
Мухаббеттиң палын, зәхәрин,
Татып өлмек еди әрманым.

***

Мен септим кеўлиңе жақсылық нурын,
Мийрим-шәпәәти өлмегей- дә деп,
Гә әшкара сүйдим, гә жасырын,
Сеўги мухаббети сөнбегей-дә деп.

Сен берген мийўениң дәни пуш болды,
Әттең-әй не ексем соны ормадым,
Менлик әрманлардың бәри түс болды,
Бир кем дүнья екен тасып толмадым.

## ТУМАРИСТИҢ ТИГИП КЕТКЕН НӘЛИМЕН

Өзбек, қазақ, тәжик, қырғыз, туркмен,
Түркий уғлан, менде соның биримен,
Сақ массагет түптен салған бабамыз,
Тумаристиң тигип кеткен нәлимен.

Қарақалпақ қап қолласар бириңиз,
Тилимиз бир, қанымыз бир, динимиз,
Ашсаңыз алақан, жумсаң жудырықпан,
Туўысқанлар!, Жәмлесейик бәримиз.

Ғәрезсиз ел, еркин ушқан қус болар,
Халқым ғәрип аўзы менен қус салар,
Сизлер танысаңыз әлем таныйды,
Басқа гәптиң бәршеси де пуш болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туркий қаны тамырымда урып тур,
Сизлерге бүйирим курғыр бурып тур,
Мереке-мейлиске бирге бара алмай,
Бүгинлиги хәл-дәрманым курып тур.

Өзбек, казақ, тәжик, қырғыз, түркмен,
Түркий уғлан, менде соның биримен,
Сақ массагет түптен салған бабамыз,
Тумаристиң тигип кеткен нәлимен.

## СЕН КЕЛМЕДИҢ

Сен келмедиң шала қалды қосығым,
Ойларым да гезип кетти сен таман,
Сенсиз жаным алшы турмас асығым,
Айралық азабы оннан да жаман.

Сен келмедиң, татымады шадлығым,
Таўдай тахтым көринбеди көзиме,
Жалғыз саған аўмастырып барлығын,
Қанат байлап, ушқым келди өзиңе.

Сен келмедиң пәйик болып басқалар,
Қәдемиме паяндоз боп төселди,
Ойымда сен, не билсин бул "басқалар"
Қәлесем қоянның сүтин әкелди.

Сен келмедиң шала қалды қосығым,
Ойларым да гезип кетти сен таман,
Сенсиз жаным алшы турмас асығым,
Айралық азабы оннан да жаман.

## АҚЫБЕТ

Бүгин ала бултлы кеўил аспаным,
Шақмақ шағар онда гүлдирмамасы,
Руўхым тәнхалықта шырқырап жаным,
Ызғырық. Жаўралы қәлбим лаласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәлек гәрдишинен гүлзарым жаўрап,
Музкала курсаўлап ийди басларын,
Не шара, төгилди-ай гүллерим саўлап,
Көк гүркирер. Көзде жасларым.

Тукым жаз ортасы егилди себеп,
Бийўакыт гүлледи солмақ әзели,
Бүлбилим бағларсыз зар-гирян әйлеп,
Акыбет сол екен. Ылақты-көнди.

***

Бәҳәр келди, бирақ таллар бөртпеди,
Кеўлимниң көгинен бултлар кетпеди,
Төбемнен қыйқыўлап қуслар өтпеди,
Япырмай, бәҳәрдиң бул қай келиси.

Саҳралар жаўынның суўын жутпады,
Шалшық суўға сал жиберсем ықпады,
Тоңлар жибимеди, көк ҳәм шықпады,
Япырмай, бәҳәрдиң бул қай келиси.

"Бәҳәр, бәҳәр емес, уқсайды гүзге,
Кеўлим қуў дала, уқсайды дүзге",
Ал, мениң күткеним, өзге еди өзге,
Япырмай бәҳәрдиң бул қай келиси
Япырмай тәғдирдиң бул қай бир иси.

***

Сен және кеўлимниң әйнегин қақтың,
Сол ески дәртлериң ески намалар,
Мен сени мың рет жоғалтып таптым,
Десем бул сөзиме ким бар инанар.

Көзимнен кетсең де, кетпей кеўлимнен,
Неге қыялымды урлай бердиң сен,
Тоң кийдим десем де тозбас төзимнен,
Сол ески жараны тырнай бердиң сен....



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АТАДАН АЛТАЎ ТУЎДЫМ МЕН....

Атадан алтаў туўдым мен,
Ат басындай әрманым,
Қәсте болып қалдым мен,
Қалмай белде дәрманым.

Жәбирин тарттым бир өзим,
Буўлығып көзде жасыма,
Яранларым шын сөзим,
Ис түспесин басына.

“Тас түскен жерге аўыр”,
Салмағы түсти мойныма,
Көнесең болса хәм аўыр,
Ҳәр истиң бағып соңына.

Шукирим көп аллаға,
“Аўырып турдым, аўнап турдым”,
Бәриде кетсин садаға,
Дос ким, душпан ким билдим.

Атадан алтаў туўдым, мен,
Ат басындай әрманым...

## ЖАТ БОЛДЫҢ-АЎ ҚАРАҒЫМ

Тай қулындай тебискен,
Таласып емшек емискен,
Қарағым един қәйтейин,
Қалған кеўил шыққан жан.
Қайда ылағып кетейин.
Қыймай турман қуўатым,
Бурынғыдай баўырыма,
Басалмасам нетейин,
Жаныма батты азарың,
Тарқады кеўил базарым.
Қарамадың кеўлиме,
Тийе бердиң зейниме;
Шыт-шыбыр хәм мал дүнья,
Көринген көзиңе.
Қаналасты умыттың,
Қарысқан қаны өзиңе.
Сынды-аў кеўлим айнасы,
Жоқ дәртимниң даўасы.
Қалай ғана қыяйын,
Көзимниң ағыў-қарасы.
Айналып кетсем өзиңнен,
Жаўдыраған көзиңнен,
Дегим келип турады,
Сол ўақытта тас түйин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тамағымнан бууады.
Айтажақ болған сөзлерим
Кеўилимде қалады.
"Қалған кеўил
шыққан жан",
Жат болдың-аў қарағым.

Тууысқан ба тууысқан,
Ат болдың-аў қарағым,
Қайсы бирин айтайын,
Қай мəниге тартайын,
Дəртли шайыр апаңа,
Хат болдың-аў қарағым....

## ШУКИРАНА

Ж. ға

Әзийзим бул демлер билсең ғəниймет,
Шүкирана əйлегил, билип қəдирин,
Излеп хəлек болма ҳеш бағы-дəўлет,
Сен қурған салтанат ағла бəринен.

Ул-қызға зийнет ет ҳəм миллет етпе,
Бул сениң қарызың, өтеп болалмас,
Барға шүкир əйле ҳеш ҳəси кетпе,
Ҳеш ким перзентиңдей кеўлиң алалмас.

"Бул дүньяға кимлер келип-кетпеген,
Бəринен қалған бул əрманлы дүнья",
Дүнья-түлки ҳеш ким қууып жетпеген,
Жоққа əрман, барға пəрманлы дүнья.

## ҲƏМ ЖАҢА, ҲƏМ ГӨНЕ ДҮНЬЯ БУЛ

Дүньяның тутқасы сен емес,
Мениңде қолымда емесиң,
Сезинип қыйнайды бир елес,
Қырлардан жүргизип кемесин.

Пəнийге ким келсе жаңадан,
Дүзетсем дейди мың кемисти,
Қосыла тууылып дəрт əрман,
Питирмей кетеди бир исти.

Жүз əсир, бəлки миллион жыл,
Усылай ай-күнлер өткенди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәм жаңа, ҳәм гөне дүнья бул,
Талайдың басына жеткенди.

Дүньяның тутқасы сен емес,
Мениң де қолымда емесин,
Сезинип қыйнайды бир елес,
Қырлардан жүргизип кемесин.

## ДОСТЫМА

*(Нәбийраға)*

"Доспан" деп көп болды бетиме айтқан,
Сен киби опадар болмады бирақ,
Ашық бийқарар көп жанларын жаққан,
Ҳеш бири кеўлимде қалмады бирақ.....

Ал сениң кеўлиң елжиреп мени,
Сүйесең, сеземен меҳириң дәрья,
Базыда умытып мен жилли сени,
Кетсем де алыслап, етпейсең гина.

Я ашыў, я ғәзеп тикпейсең неге,
Қағып-силкип алсаң болмай ма жаным,
Неге өзгелердей етпейсең тәме,
Тап маған қарысып қалғандай қаның.

Буншелли кеңликти қайдан алдың сен,
Ҳәмме еркелигим жайғасар саған,
Мен сениң ықласың алдында киммен?!,
Көл-көсир меҳириңди бергендей маған.

Қой мени буншелли қарыздар етпе,
Ықлас-қалас деген қорқаман жаным,
Досларым ишинде достым сен текте,
Айтпай-ақ қояйын басқа таманын.

"Доспан" деп көп болды бетиме айтқан,
Сен киби опадар болмады бирақ,
Ашық бийқарар көп жанларын жаққан,
Ҳеш бири кеўлимде қалмады бирақ....



www.ziyouz.com kutubxonasi

***

Сен гөзлеген бийик шыңлардың,
Төбесине шыктым мен бүгин,
Менмен деген небир кызлардың,
Жары жолда қалдырып жүгин.

Шың ғой енди болды меники,
Буннан өзге мәррем калған жоқ,
Бул дүньяның сәни не көрки,
Қолым жетти, кеўлим толған жоқ....

## МУХАББАТ ҲАҚҚЫНДА ТОЛҒАЎ

-Сүйдим деў мәзи сөз ғой,
Оннан да уллы сезим,
Уясы билсең көз ғой,
Гүўасы болшы өзиң-
Дейсең сен күйип-жанып,
Көзиңде көрдим ышқы,
Сезимге берген ерк“
“Ҳақыйқат шарабы ашшы,
Непсиңе жүрсең ерип”,
Дегим келер саған,
Ал мениң кеўилимде,
Бузылмас пәрманлар бар,
Ғумшалай жүрегиме,
Жерленген әрманлар бар....
Ойыма келмес нелер,
Еркинниң даласынан,
Гүл терген ерке қызды,
Көрсетким келер саған,
Аспанда ай, жулдызды,
Ол қыз жүдә менмен,
Жулдызлар, ай қасында,
Он жети бәҳәр көрген,
Оранып гүл паслына,
Қыялы ушқыр оның,
Сүйгени ертеклерде,
Қурбаны болып соның,
Әрманын жөргекледи,
Аўыллас қоңсы бала,
Ышқында өртенеди,
Қәлби толы нала,
Қызға арнап гүл тереди,
Пәкизе аппақ сезим,
Әрманлар туўылады,
Умытып кетип өзин,
Ақ нурға шомылады,
Қыз берген гүлин алып,
Басса да баўырына,
Қарамас қыя бағып,
Әрманның аўылына....
-Ал сен билесең бе?,
Онындай болалмайсаң,
Қәлбиң толы үмит,
Өртенип жаналмайсаң,
Көрмедиң бәҳәримди,
Көрмедиң жазымды да,
Көрмедиң қәҳәримди,
Ҳәм ерке назымды да,
Сол ушын сүйе алмайсаң,
Ал мениң қыялымда,
Еле сол қоңсы бала,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кулимлеп турады да,
Көзинде жайнап үмит,
Қолында бир дәсте гүл,
Усынып турар маған,
"Мен сен жойткан бүлбил",
Дегендей болар маған,
Батынып айта алмайды,
Сөйлеп турар көзи,
Бул сөз айтылмайды,
Мухаббат соның өзи....
"Баяғы бағларыңнан"-,
Излеме хасла мени,
Мен әрман, мен
сағымман,
"Қуўалап жүрген сени..."
"Сүйдим" деў мәзи сөз ғой,
Оннан да уллы сезим.
Уясы билсең көз ғой,
"Гүўасы болшы өзиң",
Деме сен,
Бәри ялған,
Бул сөзлер айтылмайды!!!.

## ҚЫЗҒАНБАЙМАН ӘЗИЙЗИМ СЕНИ...

Қызғанбайман әзийзим сени,
Мүмкинбе ҳасла нурды қызғаныў,
Жарыта бер кем кеўиллерди,
Ҳәм оларда болсын ояныў.

Сүйилиў ҳәм сүйиў не билсин,
Тәғдириңе етсин шүкирана,
Сағыныштан сарғайып күйсин,
Мәжнүн киби болсын дийўана.

Сен қуйылған ҳәр бир кеўилде,
Жақсы нийет ойлар туўылсын,
Ҳәм сән берсин мына өмирге,
Аппақ әрман, нурға шомылсын.

Қызғанбайман әзийзим сени,
Мүмкинбе ҳасла нурды қызғаныў,
Жарыта бер кем кеўиллерди,
Ҳәм оларда болсын ояныў...

## УМЫТПА ЖАНЫМ

Тыңлама сен аҳыў-зарымды,
Шертпей-ақ қой кеўил тарымды,
Умытпасаң болғаны текте,
Бул дүньяда мениң барымды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келесен бе, келмейсен бе сен,
Бәрибирде кеўилимдесен,
Сағыныш жоқ, айралық та жоқ,
Бәрин өзим жараттым билсең....

Суў түбинде жатырған алмаз,
Сени қолға усласам болмас,
Сен руўхсаң енген жаныма,
Жер бетинде саясы қалмас.

Өкпе не ол, гийне не ол,
Хеш бирине қойып болмас жол,
Сен илахий пайғамбар көкте,
Жерге түспей-ақ қой, аман бол.

Тыңлама сен аҳыў-зарымды,
Шертпей-ақ қой кеўил тарымды,
Умытпасаң болғаны тек те,
Бул дүньяда мениң барымды....

## ТЕЛЕЗИЎ

Дастурханның басында әрман,
Дастурханның басында үмит,
От басынан асалмай арман,
От басында айтылар үгит...

Минберлерде шайтан ойыны,
Тоқып-пишип қойылған гәплер,
Пуш жаңкаққа толар қойының,
Умытылар кешеги мәплер...

Басқа-басқа хәттеки достың,
Келе алмас гәптиң ҳағынан,
Өз ғамынан келе алмай үстин,
Түсер кисиликтиң тағынан...

Майлы шелпек, жумсақ шөреклер,
Дастурханда, оттың басында,
Сөзи – иси бөлек-бөлеклер,
Және пайда болар қасында...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дастурханнның басында әрман,
Дастурханнның басында үмит,
От басынан асалмай арман,
От басында айтылар үгит....

## СӨЗИМ КЕТТИ УШЫП ҲАЎАҒА...

Сөзим кетти ушып ҳаўаға,
Тарқады ашыў-ғәзебим,
Ақыл да түсти сабаға,
Жоқ енди кеўилде ғәрезим.

Сол сөзим ийесин тапты да,
Сындырды кеўилдиң айнасын,
Сындырды дос-душпан сахтында,
Сөйтти де иштен тындырды...

Шәпәәтке толып жүрегим,
Өзимнен излеймен қәтени,
Ағытып тилдиң тийегин,
Сол сөзди айтпасам нетеди?,

“Айтқан сөз атылған оқ” екен,
Кейнине қайтара алмадым,
Қурақсыз кеўиллер жоқ екен,
Өзим жыртып алып, өзим жамадым...

## ДҮНЬЯ

Арзыўыма жете алмадым,
Кеўлим сазын шерте алмадым,
Я қол силтеп кете алмадым,
Мени бәнтлеп қойыпсаң дүнья...

Әрманларым атаўлы сенде,
Қол аяғым матаўлы сенде,
Бар болмысым қурсаўлы сенде,
Пәрўазымды бермедим дүнья...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билмей сырын кимге аянын,
Ким келсе де болмас паянын,
Билмей өтер пайда зыянын,
Зыр жууыртып қойыпсаң дүнья...

Келдим-кеттим не калды меннен,
Керегимди алмадым сеннен,
Бир жулдыздай биймәүрит сөнген,
Мен хәм бир күн өтермен дүнья....

## СҮЎРЕТИНДЕ АЙЛАНЫП СУЎҒА

Аппақ әрман кушағына мен,
Әзәзүлдиң енгенин көрдим,
Бийхуш болып жатыр един сен,
Көзлериме исенбей турдым.

Гә ғәзеп, гә мухаббат пенен,
Қыймай сени, жоклар едим мен,
Қыянетти көрген көзимди,
Ойғым келип датлар едим мен.

Эх, кәйтейин, әзәзүл дүнья,
Ҳәсиретимнен сөгилмедиң сен,
Сүўретинде айланып суўға,
Я шайпалып төгилмедиң сен.

## ДОСТЫМ БАР ЖҮРЕГИН СУЎЫРЫП БЕРЕР...

"Жақсыға сөз ерер, жаманға шөп ерер",
Қулақ еситкенди дейди көз көрер,
Бир душпан жаўдырса ғәремет тасын,
Достым бар жүрегин суўырып берер.

Биреўлер унатпас бәлким өзимди,
Биреўлер унатпас айткан сөзимди,
Қай бирине мен дәдимал айтайын,
Бир көзиң сатады, бир көзинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не бир мәртлер таслап қашып майданды,
Кемпир сойыспаққа келмей қалғанда,
Телпеклерин таслап қашқан заңғарлар,
Бәлким сырттан айтып сайса сайғанды.

"Шуберек баслыға" хошым жоқ мениң,
Сол ушын онындай достым жоқ мениң,
Өз сорына сорпа төккен сорлылар,
Не айтса да айтсын исим жоқ мениң.

"Жақсыға сөз ерер, жаманға шөп ерер",
Қулақ еситкенди дейди көз көрер,
Бир душпан жаўдырса ғәремет тасын,
Достым бар жүрегин суўырып берер.....

## СЕНИ САҒЫНДЫМ

Қуслар гүзде алыс мәнзиллерге қайтса,
Бағлар сыңсып бүлбиллерин жойытса,
Сахралар айралық қосығын айтса,
Жаным мен ҳәм сени, сени сағындым.

Уясын умытпас қайтқан қуслар ҳәм,
Ҳәр бәҳәр айланып келер қайтадан,
Ал мен сени күнлер ара жойтаман,
Әзийзим, қайдасаң, сени сағындым.

Түслериме енип жаздың нөсери,
Сахралар сарғайып нала шегеди,
Мениң ҳәм көзимниң жасын төгеди,
Әзийзим, қайдасаң, сени сағындым.

Уясын умытпас қайтқан қуслар ҳәм,
Ҳәр бәҳәр айланып келер қайтадан,
Ал мен сени күнлер ара жойтаман,
Әзийзим, қайдасаң, сени сағындым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЫҢ САН АШЫҒЫҢ БОЛАДЫ СЕНИҢ...

Мың сан ашығың болады сениң,
Ышқыңда от болып жанады сениң,
Ақыл-хуўшыңды алады сениң,
Умытпа мени...

“Көзсиз гүбелеклер отқа ағылар”,
Ҳүрдей қызлар истанатқа тағылар,
Сонда ҳәм бас урып саған табынар,
Умытпа мени...

Бәрше жаду-мәкриң көзинде сениң,
Ушқыр дана ойлы сөзиңде сениң,
Қай бирин айтайын өзиңде сениң,
Умытпа мени.....

Мың сан ашығың болады сениң,
Ышқыңда от болып жанады сениң,
Ақыл-хуўшыңды алады сениң,
Умытпа мени.....

## ҚОСЫҚ СЫЙСА ДЕМЕК КЕЎЛИМЕ...

Қосық сыйса демек кеўлиме,
Кең жәҳәнниң сыйғаны дей бер,
Ғазлар қонып айдын көлиме,
Бахыт қусы қонғаны дей бер.

Дос душпаным бетиме бағып,
Излей бермең ғамның саясын,
Тас кәлбимди тасларға жанып,
Дәртлеримниң таптым даўасын.

Тулпар киби дүр-дүр силкинип,
Ылақтырып тасладым бәрин,
Болған иске тастай бекинип,
Жалғыз тарткым келеди зәҳрин.

Қулай қойсам қайта турмайман,
Тикке турып шығады жаным,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен хешкимге көз жас қылмайман,
Таўсылғанша демим, тақаным.

Қосық сыйса демек кеўлиме,
Кең жәханнниң сыйғаны дей бер,
Ғазлар қоныпайдын көлиме,
Бахыт қусы қонғаны дей бер.

## КЕЛ ҲӘ КЕЎЛИМ

Кел хә кеўлим, кел хә кеўлим;
Көп ҳәм ўайран бола берме...
Бир кем дүньяның кемтигин,
Бир мойнына ала берме....

Кел хә кеўлим, дәрьядай тас,
Қайыр теўип шөге берме,
Кеўлимдей кеўил табылмас,
Деп азият шеге берме....

Бул дүнья бир ушқыр жейран,
Күйип-жаныпп, писе берме,
Хеш бир иске болма ҳайран,
Шырлап отқа түсе берме.

Дүньяның сен бе тиреги,
Көп сүтинлер тайып кеткен,
Табалмай жоғының дәрегин,
Жанын отқа жағып өткен....

Мына бассыз аламаннан,
Ҳеш нәрсе дәме етпе сен,
Үмит ет тек шықпас жаннан,
Дүнья бир пул өлип кетсен.

Кел хә кеўлим, кел хә кеўлим,
Меннен өзге барарың жоқ,
Сен ҳәм жетим, мен ҳәм жетим,
Сеннен өзге сорарым жоқ.
Кел хә кеўлим, кел хә кеўлим,
Мениң сенсиз карарым жок.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТЕШ ШАЙЫРДЫҢ АЙТҚАНЛАРЫ

Бай баласы бай болар,
Төрт түлиги сай болар,
Бий баласы бий болар,
Сөз сөйлесе жүй болар.
Дәрья аққан жерине,
Ағады десе жөн болар,
Бурынғыдан ҳаслында,
Сөз қалмаған деген бар,
Мен дүньяға келгели,
Ес-ақылымды билгели,
Көзим жетти усыған.
“Аўзы қыйсық болса да”
Байдың улы сөйледи”,
Атқа минсе әкеси,
Улы ҳәм жорға сүреди,
Тажы-тахтқа минеди,
Мереке менен мейлисте,
Орыны да гиреўли,
Қарашаның баласы,
Тулпардай жүйрик болса да,
Сұңқардай пәрўаз қылса да,
Қәрежеттиң кесиринен,
Ғарға адымы мұң болар,
От басынан аса алмай,
Әкесиниң орнына,
Қамытты кийип мойнына,
Қулағы кесик қул болар,
Шапаны жетпей дизеге,
Шыға алмай жүзеге,
Иштен жанып қул болар,
Ақыры жоқ, басы жоқ,
Дүньяның иси сол болар,
Ҳақыйқатты излесең,
Ҳақ гәпти сөзлесең,
Жүрек баўырың қан болар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билгениң баска бәледур,
Билимсиз болсаң жөн болар,
Қайсы бирин айтайын,
Қай мәниге тартайын...

***

Жалығып кеттим мен бәринен,
Безиктим дырдыўлы думаннан,
Безиктим ҳәттеки өзимнен,
Өзекти өртейди мың әрман.

Қол жеткен нәрсем дым қызықсыз,
Шықпаған шыңларым шақырар,
Жолға мен шығыппан азықсыз,
Әрманлар қол былғап аҳ урар.

Әрманлар қол былғап аҳ урар,
Сүринип-қабынып келемен,
Алдымда мың қыйлы асыў бар,
Шыңларды жаўлайман еле мен...

***

Жаптым мен сезимлер есигин,
Дәртлерим қағазға төгилген,
Мухаббат ол мениң қосығым,
Көз жасқа қарылып егилген.

"Өз үйим өлең төсегим",
Баламның бир ғана күлкиси,
Биймәни түйилер кешегим,
Хижранда сарғайған мың кеше...

***

Дүньяда барыңды, яки жоғыңды,
Өзиңнен баска бир кимсе билмес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргеним жоқ толып-тасқан шағынды,
Қулағың тас герең, көзлериң көрмес.

Саған жатдур кенарыңнан тасыўлар,
Шымшық шырқ етсе, жаның жырқ етер,
Бул дүньяда мың бир түрли асыў бар,
Кеўлинде шоғың жоқ ҳәтте жылт етер.

Сирә сени адам деўге болмайды,
Өз басыңды гүйитлеў менен өтесең,
Әттең, сол жериме кеўлим толмайды,
Бир адамның орнына кетесең...

***

Көз әйнекли жылан ойыны,
Арбап мени егледи жолдан,
Пуш жаңғаққа толып қойыным,
Қарай бердим тайғанша ҳалдан.

Ойланбаппан шақса зәҳәри,
Жайыларын пүткил денеме,
Орап-шырмап келсе қәҳәри,
Заўал боларын өмириме.

Тоқтады ол бирден ойыннан,
Себеби пайыт пайлаған екен,
Ким тайса егер ҳақтың жолынан,
Зәҳәрлеўди ойлаған екен...

## БАРДУР

*(Әжинияз жолынан)*

“Беглер тәрип етсем қалпақ йуртыны”,
Кеўлинде әндийше қаллары бардур,
Кәрўанға елткендей кеўил мүлкини,
Өзине жараса халлары бардур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Узақ-жақынынан йошып сөзлесем,
Даўрығы жер жарған уллары бардур,
Тәрийпини дәстанлардан излесең,
Гүлайымдай сәрдар қызлары бардур.

Едиге, Оққас, Орманбет бабам,
Ноғайды бийлеген беглери бардур,
Асан, Амангелди, Айдос бий, Маман,
"Елим" деп еңиреген ерлери бардур.

Өз алдына болсын деген отаўы,
Ерназардай батыр ерлери бардур,
Қол аяқтан шешип алған түсаўын,
Аллаярдай дәртли шерлери бардур.

Халқымның дәртини айтып сөзлеген,
Күнхожа, Әжинияз, Бердағы бардур,
Нәзери ай-жулдызларды гөзлеген,
Хорезмниң қара қалпағы бардур.

Сахраның хош хаўаз серхош бүлбили,
Айымхан апамдай ҳүрлери бардур,
Дүньяға бир келген тулпар дүлдили
Суў түбинде гәўҳар дүрлери бардур.

Жақсыны айтып умытпайын жаманын,
Киси ҳақын жеген напәк ҳәм бардур,
Атқа минип ойлап тек бас аманын,
Жүрген көлеңкедей нақас ҳәм бардур.

Журтым Арал бойы Әмиў жағасы,
Даўыткөл, Нағалай көллерим бардур,
Бозатаўым ығбалымның сағасы,
Еркиндей туўылған жерлерим бардур.

Пахта менен қатар қойсаң салыны,
Және қаўын-кәмек, жемисим бардур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтсам жылқы, жанлық, қара малыны,
Айтын беглер неден кемисим бардур.

Беглер тәрип етсем қалпақ йуртыны,
Кеўлимде әндийше қаллары бардур,
Кәрўанға елткендей кеўил мүлкини,
Өзине жараса ҳаллары бардур.

## МЕН БИР ГӘДА ЖУПЫН БОЛСАМ ДА

Мен бир гәда жупын болсам да,
Қәнәәт карын тойғызар еди,
Бақ жарысы жолда қалсам да,
Ояў қәлбим озғызар еди.

Бүгин бир пул, ертең неше пул,
Пул қайғысы жоқ еди менде,
Қулқынға да емес едим қул,
Еркин кустай един-ғой сенде.

Жетпесинлик жағаңнан алып,
Адымынды санап бастың сен,
Бирди еки етсем деп жанып,
Гәҳи музлап, гәҳи тастың сен.

Пул қайғысы, казан қайғысы,
Есап-санақ алынар меннен,
Бүгин, бүгин, ертең даў қайсы,
Жүрек шайды болдым-ғой сеннен.

Бүгин бир пул, ертең неше пул,
Кирис-шығыс таўсылмас есап,
Әрман-үмит бәри қалған тул,
Тәрезиде ийман хәм инсап.

Ишип жеў мол, кийим де жаңа,
Тарамайды бирақ бойына,
Қанша кетти, сана, хә сана,
Кем-кем секирерсен тойына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалықтым мен есап-санақтан,
Пулға телип өткен күнлерден,
Тап болдың сен буған қаяқтан,
Қайда қашып пана излермен.

Мен бас алып кетемен буннан,
Ақылымнан азбаўым ушын,
Қәнәәт, инсап, ҳүждан ҳәм ийман,
Түсиниги тозбаўы ушын.
Кешир достым саған ҳәм нәпес,
Болалмадым, болалмайман ҳәм....



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕЛЕ МЕН...

Сен сезбейсеӊ еле мен,
Түслериӊе енемен,
Ҳәр жыл сайын қайтадан
Бәҳәр болып келемен.

Еле мени излейсеӊ,
Шөлде сегбир тартып сен,
Ҳәтте өзиӊ сезбейсеӊ,
Ҳижран болып келемен.

Тау̌ басында шыӊ болып,
Өрт, жалын ҳәм нур болып,
Саған әрман, муӊ болып,
Көкирегиӊе енемен.

Нәкас жайлап бас пүтин,
Алданғанда үмитиӊ,
Силкиндирип жер бетин,
Ҳақыйқат болып келемен.

Кәру̌ан кешсе тусыӊнан,
Өтсе дәу̌ран басыӊнан,
Дослар қашса қасыӊнан,
Ҳәмдәрт болып келемен.

Руу̌хый дүньяӊ кулазып,
Keу̌лиӊ ғурбеттен азып,
Қалсаӊ әу̌меттен көз жазып,
Ығбал болып келемен.

Саратанда суу̌ қатсаӊ,
Қәлбиӊ жау̌рап муз қатсаӊ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип дегбирден сассаң,
Меҳир нур боп енермен.

Жыллы суўдай адамлар,
Жанға тийер гезең бар,
Кең әлемиң болса тар,
Жәннет болып келемен.

Безигерсең бәринен
Жалған иззет төринен,
Сонда бийик турып мен,
Ҳүждан болып келемен.

Пайымда диз шөгерсең,
Қәдиримди билип сен,
Ал мен сонда гәўҳар боп,
Суў түбине шүмемен.

Сүңгип қайтадан шығып,
Суў астында туншығып,
Қәлбиң еңирер қыслығып,
Ал мен сеннен безермен.

Жай алып кеўлиң төринен,
Ағла шығып бәринен
Бир-бир ушып көзиңнен,
Түслериңе енемен,
Еле мен, еле мен.

## ӨЗГЕШЕ ЖАСАМАҚ КЕЛМЕС ҚОЛЫМНАН

Ҳаслында сени тек мен деп жаратқан,
Қанатлап-қанатлап зыр жуўырасаң,
Ағымға илеспей мына бараткан,
Күниге мың өлип, мың туўыласаң.

Ал мен тапқаныңды суўырып көпке,
Күйдирип парт етип қуўыраман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кыял атаўында ой сүрип жекке,
Хәм өзге дүньяда туўыламан.

Кеше алмай өзимнен, өз ойымнан,
Аламан ишинде қуўыламан,
Өзгеше жасамақ келмес қолымнан,
Айтшы әзийзим, енди не қыламан.

## МУҲАББАТ

Кеўлимниң шоқлары сөнип те еди,
Бийшара жүрегим көнип те еди,
Қазан жапырақларын төгип те еди,
Неге бәҳәр болып келдиң, муҳаббат.

Және сағыныштан сызлап тур қәлбим,
Және шекпектемен жапасын, жәбрин,
Мени делбе етер бул ҳалат бир күн,
Неге көкирегиме ендиң; муҳаббат.

Сейил етпек ушын кеўил бағым жоқ,
Енди гүл ашыўға бәҳәр, жазым жоқ,
Сен патшасаң мениң тажы-тағым жоқ,
Неге әрман болып келдиң, муҳаббат.

Сениң аспанында ушпағым мүшкил,
Жаным ҳәтте сени қушпағым мүшкил,
Илаҳий қудирет, қудайлық ис бул,
Өзиң күйип, өзиң жандыр; муҳаббат.

## МЕҲРИҢ ДӘРЬЯ БОЛЫП АҒАДЫ ЕЛЕ

*"Шын журектен жыласаң,*
*Соқыр көзден жас шығар"*

***(Нақыл)***

Енди бизге буннан басқа мәкан жоқ,
Бәлки мәкан болар, бирақ Ўатан жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

О халқым, ҳаўлықпа кеўлиң болсын тоқ,
Меҳриң дәрья болып ағады еле,
Бизге ығбал күлип бағады еле.

Бул жәҳәнде сен гезбеген жер барма,
Қолын қадақ сен төкпеген тер барма,
Өзиң ерсең сеннен бөлек ер барма,
Бабалар руўхы қоллайды еле,
Буннан зор елат болмайды еле.

Тасып төгилдиң сен көп бүлиндиң,
Тоз-тоз болдың неше санға бөлиндиң,
Умман ишре тамшы болып көриндиң,
Өзлигиңди умытпаған данамсаң,
Сен жалғызым, сен Ўатаным, анамсаң.

Саҳраға питкен бағы-бостаным,
Бийғубар бултсыз ашық аспаным,
Сен қосығым жазылмаған дәстаным,
Шежиреңди өзим жырлайман еле,
Бир бүлбилиң болып шырлайман еле.

Баўырыңа басып бәрше қаланы,
Бир өзиңде неше ханлық сорамы,
Сәждегаҳ деп тамам Иран, Тураны,
Пайыңа бас урып келеди еле,
Қәдир-қымбатыңды биледи еле.

Бәлки дәрьялар аңғарын таппас,
Туўры сөз туўғанға жақпаса жақпас,
"Аяз"лар шарқына бақпаса бақпас,
Тарийх бәрин хатқа салады еле,
Қәлбимде қосық боп қалады еле.

Енди бизге буннан басқа мәкан жоқ,
Бәлки мәкан болар, бирақ Ўатан жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЫМ, ТАЎЛАРҒА БАҚ...

Бул таўлар ийели, таўлар кийели,
Бабаңлар ат сүрип өткен жайлар бул,
Бул Туран, Түркистан, Байсын, Жийдели,
Байшубар суў ишкен сайлар бул . . .

Тартынба, қулыным бул журт сеники,
Қанып иш булақтың мөлдир суўынан,
Шажараи Турк, Қутадғу Биликти,
Яд етсең кимлигиң билинер соннан.

Асан, Амангелди бабаңлар бунда,
Халқыңның намысын туў еткен қолда,
Ҳаслы гәўҳар қылыш жатарма қында,
Улым, таўларға бақ, таўларға...

Қоқаны, Хийўа ҳәм Бухараға,
Хан болған Қоңырат, Манғыт, Қыпшағын,
Улым, бул гәпимниң мәнисин аңла,
Сениң ҳәм ат болар еле тайшағың.
Улым таўларға бақ, таўларға ...

## РӘҲИМ ЕТ...

Сағыныш көрсетти өз күшин,
Айралық қамалын жаўлады,
Ашықлар билмей-ақ оң, түсин
Сеўгиниң мийўеси саўлады.

Көз жасқа қарылып қуўаныш,
Тасыды меҳирдиң булағы,
Сейилди дәрт, әрман, муң, налыш
Ҳәм жанды үмиттиң шырағы.

Алынды кеўилдиң қаласы,
Ҳүкимдар патшасы мухаббат,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул журтқа яр болғай алласы,
Тәңирим, маған хәм рәҳим ет...

## БАСҚАСЫНЫҢ БӘРИ БИЙШАРА ЕКЕН

Дүнья ислеринен таўысып төзим,
Қыйын болды қайтпақ өзиме өзим,
Және бир ойынынан ашылды көзим,
Ялғаншы дегениң бийопа екен.

Мен излеген базар жолы айланыш,
Сатылар дүньясы екен муң, налыш,
Таңсық заты да жоқ маған бийтаныс,
Жоқ излесең баўрың мың пара екен.

Билсем базарым хәм бахтым хәм өзиң,
Сарай салтанатым тахтым хәм өзиң,
Әй опалы ярым, әй қарар көзим,
Басқасының бәри бийшара екен.

## АЙТЫП ЖАҚСЫ КӨРСЕҢ

Айтып жақсы көрсең балаңды,
Айтып жақсы көрсең анаңды,
Тилге көшсе сезим тамамы,
Кеўиллерде әндийше қалмас.

Ана болып көрмеген хаял,
Бере аларма анаңның мехрин,
Зейнине тийсең-ақ дәрҳал,
Сол ўақытта шашады қәхрин.

Ал, анаң-ше туттай төгилип,
Әрўанадай кетеди ийип,
Қабырғасы қалмай сөгилип,
Баўырына басады сүйип.

Қай нәрсениң аўыр жеңилин,
Сезинбессең басыңа түспей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаналастың билмес қәдирин,
Тай қулындай тебисип өспей...

Айтыў мүшкил ҳәтте анама,
Сени жақсы көремен дейип,
Айта алмай туўған балама,
Жүзлеринен қояман сүйип.

“Айтылмаған сөз алтын дейди,
Айтылған сөз мыс екен, халқым”,
Көкирекке жайлап меҳирди,
Қай сөзди де абайлап айтың..

## ЕЛИМ ДЕГЕН ЕРЛЕРИМЕ

Едилдиң суўынан емиренип ишип,
Жайықтың бойында жайылып өсип,
Тулпар болар едиң қаназатым-әй,
Дүбириң жер тесип көкирегиң өсип.

Саҳрайы халқымның көкжал сыртланы,
Бас жип бермей үзер едиң ноқтаны,
Кисиге жалтаңлап қор болмас едиң,
Болар едиң өз журтыңның султаны.

Жийренше шешенди алып қасыңа,
Орманбеттей болып елдиң басында,
Едигедей ар-намысын туў етип,
Жел тийдирмес едиң таўы-тасыңа.

Нәйлейин заманың зор болды сениң,
Нәйлейин заманың тар болды сениң,
Әлиниң майданын көрмей-ақ кеттиң,
Елим деп еңирей алмадың ерим.

*1989-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛ КҮНЛЕР

Бул күнлер емес ғәниймет,
Сен ушын мен ушын елеўсиз,
Сарғайған уўайым турысы мәнет,
Күн батар, таң атар қәлеўсиз.

Әрман, үмит бәри бийпайда,
Бунда қайғы қарақан тамақ,
Қосық қунсыз пашшайы пулға,
Шайырың саўдайы ақыллың ақмақ.

Бул журтқа хүкимдар тамағы токлар,
Дүньяның тутқасын тутқан да солар,
Руўхый бай бирақ, ал пулы жоқды,
Аплатун болсаң да қорлайды олар.

Бул күнлер емес ғәниймет,
Сен ушын, мен ушын елеўсиз.

*1989-жыл*

## СЕН БОЛМАСАҢ...

Қыс аязы тоңдырмас мени,
Жазы күйип жандырмас мени
Ҳеш пасылда мәни жоқ, мәни
Сен болмасаң...

Ялғаншы қойнына алажақ,
Әрманлар әдира қалажақ,
Сени меннен жуда қылажақ,
Аңласам...

Қосығымда, сазымда өзиң,
Алғыр суңқар базымда өзиң,
Өкпе гийне назымда өзиң,
Ойласам...

Ертегимде, ертеңим де сен,
Екенлигин аңладым билсең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзим ашык кетеди өлсем,
Сен болмасаң...

## ХАЛҚЫМ ДЕП АЙТЫЎҒА ҲУҚЫҚЛЫ КИМЛЕР

Халқым деп айтыўға хуқықлы кимлер,
Айтың кимлер халық атынан сөйлейди,
Кийимдей аўысар ханлар, ҳәкимлер
Айтың кимниң сөзи мәңги өлмейди.

Хақыйқат патриот жалғаны қайсы,
Билмедим әрманым тирисин көрсем,
Пикирлер кесиспеси, пикирлер қайшы,
Қай бириң, данышпан қай бириң гөрсең.

Билмедим, билмеймен ҳеш бириңизде,
Халқымның дәртине дәрман болмадың,
Берекет дарыған тек тилиңизге,
Бириңниң басыңды бириң жалмадың...

*1989-жыл*

## ҲҮЖДАННЫҢ МОНОЛОГЫ

Мен сениң көксиңде таўланып,
Даўасыз дәрт шегермен,
Нәпсиң бәледур жаўланып,
Көз жасымды төгермен.

Билмедиң алыс-жақынды,
Өзиңнен өзгени көрмедиң,
Тыңламай мениң аҳымды,
Көксине ғана жерледиң...

Ҳадал ҳарамы қарысып,
Мал дүньяны жыйнадың,
Өзиңнен зорға жарысып,
Шыбын жаныңды қыйнадың.

Туўысқан менен туўғанның,
Билмедиң хасла кел-кетин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бержағы еттиң қуўғанның,
Болмады хүрмет-иззетиң.

Көбейсе дүньяң көбейди,
Жан дүньяң жарлы биракта,
Нәпсиң қандым демейди,
Айтайын болса уят та...

Ҳаслы бундай емес ең,
Ашкөзлик сени өлтирди,
Енди бир жанлы елессең,
Есикке басын келтирди.

Мен сениң көксиңде таўланып,
Даўасыз дәрт шегермен.

## СЕНИҢ СЫРЛЫ КӨЗЛЕРИҢ

Көзлериңнен бир сырды аңлап,
Жүрекгенем турыпты сызлап,
Сезимлерге ерк берсем тыңлап,
Жаным саған асықтырады.

Қалардай-ақ сырым, сезилип,
Қой-қой кеўлим деймен езилип,
Кете алмайман бирақ безинип,
Ақылымнан адастырады.

Ықласымды сезип мениң де,
Ҳалың қыйын болды-аў сениң де,
Соқлықтырып ышқы сеңине,
Бул ҳал бизди ғарқ қылады.

Көзлериңнен бир сырды аңлап,
Жүрекгенем турыпты сызлап...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАПТЫМ МЕН СЕЗИМЛЕР ЕСИГИН

Жаптым мен сезимлер есигин,
Дәртлерим қағазға төгилген,
Мухаббат ол мениң қосығым,
Көз жасқа қарылап егилген...

Өз үйим өлең төсегим,
Баламның бир ғана күлкиси,
Биймәни түйилер кешегим,
Ҳижранда сарғайған мың кеше...

## СЕЗБЕЙСЕҢ

*(Ҳ-ға)*

Көзсиз гүбелектей отқа урынып,
Сезбейсең жалынлап жанып атырсаң,
Күлге айланып ҳәм қайта туўылып,
Палын, зәҳәрин ҳәм қоса татырсаң...

Буншелли пидайы болғаның неси,
Сүйип сүйилмесең, өмириң зая,
Ашықтың гөр болар көзлери десе,
Исендим сүйгениң салмады сая.

Аяғы астына таслап өзиңди,
Езилдиң көтерип алмады қолға,
Тастан жаратып сен таўдай төзимди,
Тас ҳәйкел алдында айландың қулға.

Көзсиз гүбелектей отқа урынып,
Сезбейсең жалынлап жанып атырсаң...

## МУХАББАТ МЕН УШЫН АДАҚСЫЗ ӘРМАН

Мухаббат мен ушын тәнлер қаўышып,
Нәпсилер қанәәт таппағы емес,
Ат үсти сөз айтып жолда табысып
Жанды ышқы отына жақпағы емес...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мухаббат мен ушын адақсыз әрман,
Қуўсам да жеткермес бир жанлы елес,
Дийдар несип етпес сарғайған ҳижран,
Буннан өзгешеси мухаббет емес...

## ҚАЛАЙ-ҚАЛАЙ БУЛ ЗАМАН

Қалай-қалай бул заман,
Жасы жетпей өлген көп,
Келешек ғой бул гүман,
Бүгин көрген ертең жоқ.

От басында отырып,
Ийек атпай кеткен көп,
Төсек тартып жатпай-ақ,
Қас қағымда өткен көп.

Биреў жүрек пороги,
Бири болған қан басым,
Кесел баўыр, бүйреги,
Ҳүрей бийлер от басын.

Ғарры ма ол, жаспа ол,
Тыңламайды рак та,
Өңешиңе салып қол,
Мингизеди пырағқа.

Дәрт көп, бирақ даўамыз,
Табылмайды деседи...
Суў шор, патас ҳаўамыз,
Дузлы самал еседи.

Қаны азлық кеселге,
Шатылғанбыз бәримиз,
Айланғанбыз мешелге,
Табылмайды дәримиз...

Сорап жатпас себебин,
Өлсек қуның сораўсыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жоғалткан жип келебин,
Биз бир елмиз караўсыз.

Қалай-қалай бул заман,
Жасы жетпей өлген көп,
Келешек ғой ол гүман,
Бүгин көрген ертең жоқ.

*1989-жыл*

## ҚАШАН

Қашан безигесең қам-қыяллардан,
Қашан кәнарыңнан тыныш ағасаң,
Қашан тәрк етеди сени дәрт, әрман
Буншелли жаныңды отқа жағасаң...

Рехимиң келмейме өзиң-өзиңе,
Неге саў басыңа саўда саласаң,
Неге тар көринер дүнья көзиңе,
Сени ким сүйейди егер қуласаң.

Сарай салтанатың, таўдай тахтың бар,
Бармақтай бақ ушын зыр жуўырасаң,
Ат басындай аброй, сынбас сахтың бар,
Сонда ҳәм мың өлип, мың туўыласаң.

Тынышыңды урлап қоймай еркиңе,
Сени теңселдирген қудирет не ол,
Сонша шаба-шаптың барма төркини,
Мийрим-шәпәәт пе, мухаббат па ол?.

Жуўапсыз сораўлар қыйнар мени де,
Әзийзим, аяйман сени де...

## СОНДА ҲӘМ КЕЎЛИМДЕ МЫҢ ӘРМАН

Бир мәўрит умыттым, умыттым,
Дүньяның тарлығын көзиме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзине бийпәруа бул журттың,
Хан болдым өзимниң кеўлиме.

Өзиннен өзгени көрмедим,
Тапқаным, тутқаным сен болдың,
Билмедим, билмедим, билмедим,
Сен әрман, сен налыш муң болдың.

Босанды дизгинлер, жылаўлар,
Бул дүнья сен барсаң, мен барман,
Сораўлар, жуўапсыз сораўлар,
Сонда хәм кеўлимде мың әрман.

## МАҒАН ХОРЕЗМДИ ТӘРК ЕТИЎГЕ РУХСАТ ЖОҚ

*Мен бул жерде Шейит боламан, маған Хорезмди тәрк етиўге рухсат жоқ. Нажмиддин Кубро...*
*(Нафахатул унс 405-бет).*

Зия излеп шарқ урып гездим дүньяны,
Бағдат, Табриз хәм де Искендерияны,
Шайх Исмайыл, Аммор Есир, Шайх Рузбехан,
Пирлерди деп тәрк еттим мен Хийўаны

Мен мал дүнья аброй, атақ излемедим,
Халқым ушын шырақ еди излегеним,
Көксиме дур, гәўхар жыйып алып келдим,
Хатқа салдым хәрне барым гизнегеним.

Мен болжадым болажақты хақтың исин,
Оңыма айланды хәр көрген түсим,
Монголлардың жаўларын хәм билип едим,
Жан саўғалаў емес бирақ мәрттиң иси.

Маған Хорезмди тәрк етиўге рухсат жоқ,
Басқа жерде жан бермеймен илахат жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалдым мен бул жерде Шейит боламан,
Найза туттым, жаўға мийрим-шәпәәт жоқ.

***

Оқ таңламас Шайхпа ол, пирме ол,
Көксине қадалды таўып келип жол,
Қолынан жаздырмай яғыйдың туўын,
Жан берди Кубро, халқым аман бол!
Маған Хорезмди тәрк етиўге рухсат жоқ.

## ЖӘНЕ БӘҲӘР КЕЛДИ

Және бәҳәр келди, және жаз келди,
Умыттым қыраўлы қыстың қарларын,
Кеўил айдыныма үйрек, ғаз келди,
Шертип сезимимниң нәзик тарларын.

Әптабы жүзимнен аймалап сүйип,
Жолыма төселди жасыл майсалар,
Бүлбил гүл ышқында өртенди күйип,
Пал ҳәрре гүллерден тынбай поса алар.

Қыялымды урлап бул жанлы сүўрет,
Қәлбиме от жағар жанымды қыйнап,
Мени өртемекте ҳижран мухаббат,
Айықтырып болмас дәртлерин сыйлап.

## ҚӘЛБИМДЕ БИР СЕЗИМ ТУҒЯНЫ

Қәлбимде бир сезим туғяны,
Кең жәҳәнге сыймай кетемен,
Тәрк етип ялған дүньяны,
Мен басымды алып кетемен.

Мен бир делбе, мен бир ҳаўайы,
Ерси ҳәтте қайғы-ҳәсиретим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хеш бир исим емес әпиўайы,
Ҳәр қәдемде аңлыў, гүзетиў.

Тәрезиге тартып барымды,
Гә баспа, гә еттиң шүйелме,
Саз билмей-ақ шертип тарымды,
Сөгилдирдиң, жүйи-жүйиме.

Ал биракта мен сизлерди,
Бир өмирге сүйип өтемен,
Маржан киби дизип сөзлерди,
Қәлбиңизде қалып кетемен.

## ҲӘЗИРГИ ЗАМАННЫҢ ҲӘЙЙИЎИ

Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Жылай көрме сен балам,
Анаң отыр базарда,
Айланған алып сатарға.
Ерте кетип кеш келер,
Гә қапа, гә мәс келер,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Кеўлиң болсын жай ғана.
Ҳәптелеп кетсе Ҳазарға,
Айлар Қырым татарда,
Жол жоқ изге қайтарға,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Шыдамлы бол, сен балам,
Тисиң шықса саўдадан,
Қалмассаң сен де пайдадан,
Барлық пайда саўдада,
Күн көрерсең қайдада,
Бир айлыққа не берер,
Өлмес аўқат күн көрер,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Зор боласан сен балам,
Үлкейсең жорға сүрерсең,
Қәлегениңди кийерсең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишкенин алдында,
Ишпегенин артында,
Май кекирип жүрерсен.
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Қапа болма, сен балам,
Бир кемисиң болады,
Басқаның орны толады,
Сенде болмас қәнәәт,
Ҳәм де мийрим- шәпәәт,
Өзиңнен зорды сыйларсаң,
Маймыл болып ойнарсаң,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Заманың сениң зор балам,
Кеңге кендур бул дүнья,
Тарға жүдә тар дүнья,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Аяйман сени жан балам,
"Балам мениң балдайды,
Белине садақ байлайды,
Ел шетине жаў келсе,
Дүркиретип айдайды",
Деп айтар саған күн қайда,
Заман қайда, ҳал қайда?,
Анаң отыр базарда,
Айланған алып сатарға,
Заўқы жоқ ҳәййиў айтарға,
Ҳәййиў балам, ҳәй балам,
Ҳәййиў, ҳәййиў, ҳәййиў-әй...

## БӘҲӘР

Бәҳәр мени күтпеди деме,
Сағыныштан сарғайып күттим,
Жапыракларым тоналып гүзге,
Жолларына шашылып питтим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыраўлы қыс алып қойнына,
Аязынан муз болып қаттым,
Сонда ҳәм сени алып ойыма,
Аппақ қарды төсенип жаттым.

Бәҳәр мени күтпеди деме,
Сен келдиң де нурға айландым,
Әрман болып ендиң қәлбиме,
Отлы нәзерине байландым...

## САДАҒАҢ КЕТЕЙИН ҚОР БОЛҒАН ТЕЛПЕК

"Ердиң еки сөйлегени өлгени,
Тирилей-ақ қара жерге киргени",
Лебиз жутқан нәмәртлерди көп көрдим,
Өлмек қайда қақаңласып жүргени...

Бүгин ақ дегенин ертең қара дер,
Саясынан қорқып аўлақ пана излер,
Ар-намысын сатқын пейли жеп питкен,
Не болса да күн көриске шара излер.

Бүлк етпейди-аў сирә ғана бетлери,
Әлле қашан өлип кеткен етлери,
Қай бирине ғәзепленип отырсам,
Күйдиреди тап оннан да беттери.

Садаған кетейин қор болған телпек,
Сени кийип паналап жүр көп еркек,
Бүгинлиги қашқан жаўға қатын ер,
Өтмиш ялған деймен, өтмиш ертек...

## МАҒАН ҚОСЫҒЫМНАН ӨЗГЕСИ ЯЛҒАН

Маған сыймақ мүшкил мына дүньяға,
Сениң түсинбегиң оннан да мүшкил,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәлбиме өрт салған рәббим аллаға,
Ырзаман тағымнан келмейди түским...

Маған қосығымнан бәршеси ялған,
Қайғы-қуўанышым жәмленген онда,
Ҳәмел деп, атақ деп өзгелер жанған,
Мениң басқалардан айырмам сонда.

Алтын кәпесиңнен абзал аспаным,
Көксимнен алмағай оттың жаныўын,
Кеўил сарайында мениң баспанам,
Сениң қыйын бирақ, бунда қалыўың...

## ГЕЙДЕ...

Гейде жалығып мен қыялларымнан,
Әрман еткенди ҳәм қойсамба деймен,
Шаршайман пайда ҳәм зыянларымнан,
Қол силтеп жанымнан тойсамба деймен.

Ҳәтте көргим келмей алыс-жақынды,
Қол үзгим келеди аламанлардан,
Қайырып өзимниң өзим шақымды,
Беземен күйдим ҳәм жанаманлардан.

Өзимниң кебиме өзимди қамап,
Үзилип бар-жоғы байланыслардан
Сынық кеўилиме мың қурақ жамап,
Қашаман ой сүриў толғаныслардан.

Сол пайыт көксимди кернеп бир жалын,
Оятар ғәплеттен өртеп жанымды,
Ҳаслына қайтарар хәрне не барым,
Ҳәм шертер аяўсыз жүрек тарымды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде жалығып мен қыялларымнан,
Әрман еткенди хәм қойсамба деймен...

## МҮНАЖАТ

Әй шүкир, өзиңе ырзаман тәңирим,
Ең таза бағлардың гүлин тергиздиң,
Илаҳий туйғының бәрисин, бәрин,
Көксиме дүр гәўҳар киби енгиздиң.

Ырзаман сөз бердиң халық минберинен,
Тасып төгилдим мен, сен жыйып алдың,
Сүйдим хәм сүйилдим жүрек төринен,
Жансам тек ышқының отында жандым.

Сен берген меҳирди үлесип енди,
Талай жүреклерде ғумша гүл аштым,
Делбе руўхлар хәм еркиме көнди,
Шәпәәтиң жоқ жерден мен тура қаштым.

Билмеймен қай пайыт таўсылар демим,
Соған шекем сениң садық қулыңман,
Гүллесем тек меҳир бағында гүллейин,
Журт шуўласып қалсын мениң соңымнан.
Әй шүкир, өзиңе ырзаман тәңирим.

## СЕН
*(шайырға)*

Ышқы шарабы деп мәй деп иштиң сен,
Айтшы шөлиң қандыма өзи,
Сүйдим деп, күйдим деп отқа түстиң сен,
Айтшы кимдур бирге жандыма өзи ...

Бирге алысқанлар күлге айланды,
Ал сен күннен-күнге лаплай түсесең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талай булақлардың көзи байланды,
Сен болсаң сахраға гүл боп питесең.

Мехриңди үлесип тасбаўырларға,
Көрингеннен мийрим-шәпәәт күтесең,
Кеўлиңде не барын бул журт аңларма,
Жалынлап жүрип-ақ өлип кетесең...

## ШАЙЫР ӘСКЕРБАЙ ӘЖИНИЯЗОВТЫ ЖОҚЛАЎ

*(элегия)*

Шайыр өлди қалды қосығы жетим,
Жазылған ҳәм жазылмағаны,
Ҳаял бала-шаға жоқ онда ҳеш ким,
Меҳир еди излеп таба алмағаны.

Қосыққа айланып барлық болмысы,
Шайыр кеўиллерди жаўлап баратыр,
Сен ушын сайылдың, мен ең соңғысы,
Жалынға айланып лаўлап баратыр.

Мен шайырман бул дүньясын бермеген,
Руўхы зар-гирян шырлап баратыр,
Қулақ еситпеген, көз көрмеген,
Бир әжеп дүньяға шарлап баратыр.

Шайыр өлди, қалды қосығы жетим,
Жазылған ҳәм жазылмағаны...

## АЙТ СЕН...

Айт сен жаслығымның бәҳәрсиз, жазсыз.
Гүзги жапырақтай төгилгенин айт,
Қысларым қақаман болған соң жайсыз.
Кеўил аспанымның сөгилгенин айт.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аппақ қар қыраўлы қыстың бир күни
Қәлбимде ғумшаның гүллегенин айт.
Сыйқырлы саз шерткен узақ бир түни,
Булақ суўларына шөллегенин айт.

Хеш кимге иймеген мағрур басымды,
Тек сениң алдында ийгенимди айт.
Кирпигимде қатқан көзде жасымды.
Ләбиңде еритип сүйгениңди айт.

Тас қәлбимди қайрап тасларың менен,
Көксимде гәўҳардың таўланғанын айт.
Сап-ышқы көл-кесир ықласың менен,
Кеўлимниң қаласы жаўланғанын айт.

Айт сен.
Тек мениң қулағыма айт.

## МЕН ӨЗИМДИ ТАППАЙМАН ИЗЛЕП...

Мен өзимди таппайман излеп,
Өзгеге өкпелеў не ушын,
Гә пинҳамы, гә ашық сөзлеп,
Сөз маржанын төкпелеў не ушын.

Сонша аўыр бул күнлер жүги,
Өз еркиме қоймайды мени,
Гә сыртына шаншылып түги,
Гә күлимлеп алдайды мени.

Гә дос болып шығар алдымнан,
Етпетимнен қулай түсемен,
Соң, соң шарап тутар қолыма,
Пал аралас зәҳәр ишемен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дос душпан көп, көпдур ағайын,
Қай бириниң кеўлин табаман,
Кем-кем арта берер гүнайым,
Мен ҳәм бәрин төгип саламан.

Жети баслы айдарҳа болып,
Бәри бирдей көтерер басын,
Мениң қәлбим сағынышқа толып,
Кирпигиме қатар көз жасым...

Мен өзимди таппайман излеп,
Өзгеге өкпелеў не ушын...



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Бәрхәма ел-халық дәрти менен жасайтуғын шайыр ... 3
Сүйинбийке ... 7
Тарийхый толғаў ... 7
Жаңа қосықлар ... 15
Излеў менен өтсе керек өмирим ... 15
Өзимниң кеўлиме султанман ... 16
Қулақ еситкенди дейди көз көрсин ... 16
Халқым ... 17
Билмедим буншелли.. ... 18
Шайырдың сөзи ... 18
Анажан (тири жетим балалардың тилинен) ... 19
Аяғым ... 20
Халқыма ... 21
Болмаса ... 21
Еле мени отқа саласаң ... 22
Қуўанышым хәм қайғым пүтин ... 22
Ярдың қушағында өлтириң ... 23
Топырақ қала ... 23
Қызларымды қызғанаман (Шайра Гүлнара Нурлепесованың усы атамадағы қосығын оқып...) ... 24
Ери қутқарар ... 24
Шет елде талап ислеп жүрген балаларыма ... 25
Әжаға ... 26
Бир басшыға ... 27
Шағыныў ... 28
Түнде түслеримде жулдыз қақшыдым ... 29
Шайыр өлсе (Шайыр Ибрайым Юсуповты жоқлаў.) ... 30
Нала ... 31
Қазақ шайыры Қадир Мырза Алиге («Ийрим» эссесин оқып) ... 32
Кетпек ушын келгендурман бул дүньяға ... 34

**«Елим деп еңиремесең» китабынан**

Илҳам қусыма ... 35
Енди ... 35
Нәресте ... 36
Еңсеңди көтер ... 37
Қой кеўлим ... 38
Жазсам тек ҳағын жазайын ... 38
Илҳам периси ... 40
Жаздың нөсери ... 40
Кәстерлеп абайлан бир-бириңизди ... 41
Жеңип ал... ... 42
Ийесиз, хүўилдер гөне там.... ... 42
Орнында турғай ... 43



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анажан ... 44
Көзлериннен ... 44
Нөсери ... 44
Бер маған ... 45
Әй, пәлек ... 45
Өзиме аламан ... 47
Мен өзгеге уксай алмадым ... 47
Халқым-аў ... 48
Сункар кәпеске сыймас ... 48
Бәхәр ... 49
Наланды ... 49
Көзимнен таны ... 50
Бездирди мени ... 51
Жаным ... 52
Ҳәйкел ... 52
Болған емес ... 53
Жети дүркин қыз өтер... ... 54
Сен әмиў бойында жасайсаң еле ... 54
Қалғанының бәри өткинши ... 55
Сүйгенлигимнен... ... 55
Оны көргенде... ... 56
Әй, сен ... 56
Қорқаман... ... 57
Ахура Мазда менен руўхый сәўбет ... 58
Көнемен енди ... 59
Сен де дана, ағла сен ... 59
Ерк излеп... ... 60
Кетип баратырман ... 61
Әрман ... 62
Сени ... 62
Қәлбимде ай, куяшым күлди ... 63
О, Мухаббат ... 64
Тилсе мениң көксимди тилсин... ... 65
Бул дәртти излеп ... 66
Сол тек те ... 66
Саған ... 67
Ҳыял ... 67
Үнсизлик ... 68
Бендемен ... 69
Елдиң хәкими ... 69
Тоқтап тур ... 69
Әй, әзиз адамлар ... 70
Сенсиз ... 70
Думанлы ... 71
Кетсин... жақсыға садақа ... 71
Корабльлер қалған қырда қайырлап ... 72
Әх, куда ... 72
Сүйгениң бийкар ... 73



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзге дүньяда да... 74
Ерназар Алакөз бенен руўхый сәўбет 74
Налыш 75
Турыппан 76
Аязды аяз алар 77
Гүналы өзим 77
Баршынлар жат кетсе 78
Отымның басы 78
Усыннан өзге 79
Посқан елди оқып 79
Сағындым 80
Ялған 81
Буншама қосығың зарлы деп... 81
Мурадың ҳасыл 83
Ақыл-ҳуўшым лал 83
Сениң алдыңда 83
Яқ, мен сени... 84
Елим деп еңиремесең 84
Ҳаял сүйсе... 85
Бир өзим 85
Адамзатқа келтирме нуқсан 86
Сен келесең 86
Ағаларыма 87

**«Жүрегимде бир дәрт бар» китабынан**

Не дәркар 88
Әпиў ет, муҳаббат ... 88
Ығбал инам ет 89
Қәлбиңизде қалғым келеди 90
Жекке қалдырың 91
Муҳаббат қәлбимди тәрк етпесин 91
Дәрт толы қосығымды... 92
Шарап толы қадақлар сынған... 92
Мениң 93
Ол емес 94
Шыпакер менен суҳбет 94
Себеби... 95
Мен Алакөзди көрдим түсимде 95
Қайдасаң ҳақыйқатлық 96
Сени умытыў 97
Алланың инамы сүйген қулына 97
Жанға батты замананың жәбири 98
«Достым» 98
Дақ бар жүзинде айдыңда 99
Сени излеймен 100
Болмас 100
Кел қонағым, кел кеўлиме 101
Өтмиштен излеме 102
Неге келмедиң?!... 103



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағаn ........ 104
Нөкисим ........ 104
Бездим ялған исинен ........ 105
Сағыныш ........ 106
Жүрекке аян ........ 107
Жеккелик ........ 107
Дебдиў ........ 108
Шайырдың ярына ........ 109
Көзлериме бақ! ........ 110
Анажан ........ 111
Ерназар Алакөздиң пəряды ........ 111
Жетпесинлик жаман дəрт ........ 112
Еглендиң неге ........ 113
Көзлер ........ 114
Күнге баққан айғабағарман (Бир басшының монологи) ........ 114
Көринди ........ 115
Көзлериң күлсин ........ 116
Əзийзим қыя бақпа сен ........ 116

**«Əлўидағ айтпайман, муҳаббат...» китабынан**

Əлўидағ айтпайман, муҳаббат ........ 118
Болмас ........ 119
Дақ бар жүзинде айдында ........ 119
Ашылды дүнья ........ 119
Арзай қызым, ай қызым ........ 121
Əй кеўлим-əй, қайдан мəкан табарсаң ........ 122
Жумабайға ........ 123
Ортаға қойып телпекти ........ 124
Тумаристиң тигип кеткен нəлимен ........ 125
Сен келмедиң ........ 126
Ақыбет ........ 126
Атадан алтаў туўдым мен... ........ 128
Жат болдың-аў қарағым ........ 128
Шукирана Ж. ға ........ 129
Ҳəм жаңа, ҳəм гөне дүнья бул ........ 129
Достыма (Нəбийраға) ........ 130
Муҳаббат ҳаққында толғаў ........ 131
Қызғанбайман əзийзим сени... ........ 132
Умытпа жаным ........ 132
Телезиў ........ 133
Сөзим кетти ушып ҳаўаға... ........ 134
Дүнья ........ 134
Сүўретиңде айланып суўға ........ 135
Достым бар жүрегин суўырып берер... ........ 135
Сени сағындым ........ 136
Мың сан ашығың болады сениң... ........ 137
Қосық сыйса демек кеўлиме... ........ 137
Кел хə кеўлим ........ 138
Өтеш шайырдың айтқанлары ........ 139



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бардур (Әжинияз жолынан) .......... 141
Мен бир гәда жупын болсам да .......... 143

**«Еле Мен»... китабынан**

Еле мен... .......... 145
Өзгеше жасамақ келмес қолымнан .......... 146
Муҳаббат .......... 147
Меҳрин дәрья болып ағады еле .......... 147
Улым, таўларға бақ... .......... 149
Рәҳим ет... .......... 149
Басқасының бәри бийшара екен .......... 150
Айтып жақсы көрсең .......... 150
Елим деген ерлериме .......... 151
Бул күнлер .......... 152
Сен болмасаң... .......... 152
Халқым деп айтыўға ҳуқықлы кимлер .......... 153
Ҳүжданның монологы .......... 153
Сениң сырлы көзлериң .......... 154
Жаптым мен сезимлер есигин .......... 155
Сезбейсең (Ҳ-ға) .......... 155
Муҳаббат мен ушын адақсыз әрман .......... 155
Қалай-қалай бул заман .......... 156
Қашан .......... 157
Сонда ҳәм кеўлимде мың әрман .......... 157
Маған Хорезмди тәрк етиўге рухсат жоқ .......... 158
Және бәҳәр келди .......... 159
Қәлбимде бир сезим туғяны .......... 159
Ҳәзирги заманның ҳәййиўи .......... 160
Бәҳәр .......... 161
Садаған кетейин хор болған телпек .......... 162
Маған қосығымнан өзгеси ялған .......... 162
Гейде .......... 163
Мунажат .......... 163
Сен .......... 164
Шайыр Әскербай Әжиниязовты жоқлаў .......... 164
Айт сен... .......... 165
Мен өзимди таппайман излеп... .......... 165



www.ziyouz.com kutubxonasi

**МИНАЙХАН ЖУМАНАЗАРОВА**

# КЕТПЕК УШЫН КЕЛГЕНМЕН...

*Таңламалы шығармалары*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2011*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас редактор *Р. Аббазов*
Редакторы *Г. Пирназарова*
Художниги *А. Жаримбетов*
Оператор *К. Оксикбаева*

Териўге берилген ўақты 12.03.2011. Басыўға руқсат етилген ўақты 25.04.2011. Қағаз форматы $84x108^1/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 5,5+0,5вкл. б/т, 9,24+0,46 вкл. шәртли б/т, 9,5+0,5 вкл. есап б/т. Жәми 500 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №256

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

Ташкент қаласы. ДП «NİSO POLİGRAF»
типографиясында басылды

www.ziyouz.com kutubxonasi